

Mangsa Adven Natal 2022
KAMULYANIPUN
MANUNGSA NATAL



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN
SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH
Samironobaru 77 kompleks LPPS
Yogyakarta 55281

Mangsa Advèn Natal 2022

Jejer: “Kamulyanipun Manungsa Natal”

Kawedalaken déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia

Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Télépon: 0274-514721

Website: lpps.or.id

e-mail: info@lpps.or.id; sekretariatlppsinode@gmail.com

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun) saben buku
Rp.....

Atur Sapala

Ho ho ho Natal sampun badhé dhateng. Mugi kita sedaya sampun cecawis nambut Natal. Wekdal punika LPP Sinode GKJ-GKI SW Jateng wangsul malih atur salam dhumateng Ibu, Bapak, Sadhèrèk lumantar Buku Mangsa Advèn Natal (MAN) 2022 basa Jawi. Jejer Mangsa Advèn Natal taun 2022 inggih punika “Kamulyaning Manungsa Natal.”

Kados adat sabenipun, wonten ing buku MAN basa Jawi punika kaaturaken bahan-bahan khotbah saha liturginipun, ugi bahan Panyuraos Kitab Suci, lan Bahan Pakempalan Pandonga. Bab mirungga ing buku punika inggih wontenipun bahan khotbah lan liturgi kanggé mahargya Épifani ingkang dhawah ing dinten Jumat, tanggal 6 Januari 2023. Sesambetan kaliyan pahargyan punika, kawula ngaturi kamardikan dhumateng pasamuwan sapapan.

Wondéné bahan Panyuraos Kitab Suci saha Pakempalan Pandonga ing buku punika kaaturaken sacara intergenerasional, ing pundi sadaya warganing pasamuwan saking mawarni-mawarni yuswa saged makempal sesarengan ngraos-raosaken pangandikanipun Gusti lan mbagèkaken pengalaman imanipun. Sadaya yuswa kaajab saged dipun tampi kanthi sedaya kamirunganipun, pepinginanipun saha gagasan-gagasan kréatipipun. Awit saking punika sedaya bahan ingkang wonten ing buku punika kasuwun kaolah malih kacocokaken kaliyan kawontenan saha kabetahan ing pasamuwan Ibu Bapak Sadhèrèk piyambak-piyambak.

Ing ngriki wonten bahan Pakempalan Pandonga kanggé 4 Minggu Advèn, 1 bahan kanggé Dalu Ndungkap Natal, lan 1 bahan kanggé Dalu Tutup Taun. Kalih bahan pungkasan punika prayogi dipun tindakaken ing satengahing brayat piyambak-piyambak. Déné warganing pasamuwan ingkang sampun piyambakan utawi piyambakan minangka tiyang Kristen saged dipun dhapuk kaliyan brayat Kristen sakcelakipun, utawi saged nemtokaken piyambak miturut ing kawontenanipun piyambak-piyambak.

Buku punika saged mawujud kados mekaten awit berkah saha sih-nugrahanipun Gusti kanggé kita sedaya lumantar para paladosipun Gusti ingkang tansah kanti sukarena ngladosi Gusti. Pramila punika keparengna kawula ngaturaken agenging atur panuwun dhumateng kanca-kanca tungguil paladosan ingkang sampun nyambut damel sesarengan nyawisaken bahan-bahan ing punika punika, inggih punika ingkang kinasih:

1. Pdt. Agus Wijaya (GKI Serpong, Tangerang)
2. Pdt. Ardi Tulus Ariyanto (GKJ Sarimulyo, Yogyakarta)
3. Pdt. Damar Kinadi Putra (GKJ Kroya Cilacap)
4. Pdt. Didik Yulianto (GKJ Semarang Barat)
5. Pdt. Elisabeth Simanjuntak (GKJ Gandaria, Jakarta)
6. Pdt. Imanuel Adi Saputro (Bidang PWG Bapelin XXVII GKJ)
7. Capen Jonathan S.A. Ndruru (DPG GKI SW Jateng)
8. Pdt. Keshia Hestikahayu Suranta (GKI Coyudan, Surakarta)
9. Pdt. Lukas Budi Gunawan (GKJ Salatiga Utara)
10. Pdt. Sari Haswaraningtyas (GKI Bintaro Utama, Jakarta)
11. Pdt. Sujanto Putro Waskito Wibowo (GKI Nusukan Surakarta)
12. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode)
13. Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode)
14. Pdt. Yusak Tridarmanto (Fak. Teologi UKDW)
15. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Surakarta)
16. Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari Klaten)
17. Pdt. Wiwik Wulandari (GKJ Gumulan Klaten)
18. Pdt. Tri Nur Adi (GKJ Suryodiningratan Yogyakarta)

Mugi bahan-bahan ing buku punika dados pisungsung ingkang arum gandanipun wonten ing ngarsanipun Gusti lan dados berkah tumrap umatipun Gusti ing pundia papan. Wilujeng nyawisaken Mangsa Advèn Natal. Gusti Yésus mugi hamberkahi kita sadaya.

Ngayogyakarta Hadiningrat, Oktober 2022,
Pelaksana Pembinaan lan Pengaderan LPP Sinode,

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Murtini Hehanussa

Dhaptar Isi

Atur Sapalai

Dhaptar Isiiii

Bahan Khotbah

Minggu Advèn I [27 November 2022]	1
Minggu Advèn II [4 Dhésèmber 2022]	7
Minggu Advèn III [11 Dhésèmber 2022]	13
Minggu Advèn IV [18 Dhésèmber 2022]	19
Malem Natal [24 Dhésèmber 2022]	25
Natal [25 Dhésèmber 2022]	27
Dalu Wekasaning Taun [31 Dhésèmber 2022]	33
Wiwitaning Taun [1 Januari 2023]	41
Pahargyan Èpifani [6 Januari 2023]	47
Minggu Pambaptisan [8 Januari 2023]	51

Bahan Tata Pangibadah

Minggu Advèn I [27 November 2022]	55
Minggu Advèn II [4 Dhésèmber 2022]	63
Minggu Advèn III [11 Dhésèmber 2022]	71
Minggu Advèn IV [18 Dhésèmber 2022]	77
Malem Natal [24 Dhésèmber 2022]	83
Natal [25 Dhésèmber 2022]	91
Dalu Wekasaning Taun [31 Dhésèmber 2022]	99
Wiwitaning Taun [1 Januari 2023]	105
Pahargyan Èpifani [6 Januari 2023]	111
Minggu Pambaptisan [8 Januari 2023]	119

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga 1.....	125
Pakempalan Pandonga 2	129
Pakempalan Pandonga 3	135
Pakempalan Pandonga 4	141
Pakempalan Pandonga 5.....	147
Pakempalan Pandonga 6	153

Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional

Panyuraos Kitab Suci Intergenrasional 1	159
Panyuraos Kitab Suci Intergenrasional 2	165
Panyuraos Kitab Suci Intergenrasional 3	171

BAHAN KHOTBAH

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing
buku menika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan
kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

KHOTBAH**Minggu Advèn kapisan***Minggu, 27 Novèmber 2022*

Waosan 1: Yésaya 2:1-5
 Tanggapan: Jabur Masmur 122
 Waosan 2: Roma 13:11-14
 Injil: Matius 24:36-44

**Ngantu-antu
 kalayan
 Rumeksa saha
 Gumrégah
 mBoten Tilem**

KHOTBAH JANGKEP

**“Ngantu-antu Kalayan Rumeksa saha Gumrégah
 mBoten Tilem”**

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, samangké ing sawetawis papan, kadosta: griya, toko lan papan-papan kanggé blanja, papan ngantor, sekolah, gréja lsp. limrah dipunpasangi kaméra CCTV (kaméra ingkang kaginakaken motrèt kawontenan satunggaling panggénan supados kajagi kaamananipun) kanthi pangéling-éling: “Papan menika dipun-awat-awati déning kaméra CCTV”. Sanadyan makaten, kanthi dipun-pasangi kaméra CCTV menika mboten tumunten ndamel tumindak colong-jupuk saged dipun éndhani. Kathah lelampahan colong-jupuk ingkang kacathet déning kaméra CCTV nalika mboten wonten tiyang ingkang rumeksa ngawat-awati. Utawi wonten ingkang rumeksa ananging mboten melèk ateges katileman.¹

Dinten menika kita ngriyayakaken Minggu Advèn kapisan. Sacara liturgi, Minggu Advèn kapisan menika taun anyar liturgi.

¹ Ngandhap menika wonten kalih pawartos sanèsipun ingkang saged kaagem minangka réferènsi (sumber pituduh) déning Palados Sabda salebetipun pados pawartos ingkang saèmper:

<https://metro.sindonews.com/read/801263/170/penjagawarung-tertidur-maling-gasak-8-bpkb-buku-tabungan-dan-uang-rp3juta-di-tangerang-1655471162>

utawi

<https://www.merdeka.com/jabar/aksi-nekat-di-toko-kuewanita-ini-curi-uang-rp12-juta-di-dekat-pemilik-yang-tertidur.html>

Advèn ateges karawuhan. Dados ngriyayakaken Minggu Advèn menika ateges kita ngantu-antu rawuhipun Gusti wonten ing kalih lelampahan: *kapisan* rawuhipun Gusti ing mangsa Natal, *kaping kalih* pèngetan rawuhipun Gusti Yésus malih ing pungkasaning jaman.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, wonten satunggaling paribasan: “Keduwung nguntal wedhung”, werdinipun: nggetuni prekawis ingkang sampun mengker. Tiyang ingkang rumeksa toko utawi ingkang kagungan toko wonten ing cariyos ing wiwitaning khotbah menika, temtu keduwung amargi piyambakipun mboten melèk gumrégah ngantos piyambakipun nandhang kapitunan. Supados kita mboten ngalami keduwung, sumangga kita maspaosaken piwulangipun Gusti Yésus menggahing sikap ingkang saé piyambak salebedipun ngantu-antu rawuhing Putranipun Manungsa.

Waosan Injil ngrembag bab bénjing menapa wekdal rawuhipun Putraning Manungsa tuwin kadospundi nambut rawuhipun. Wedharan bab Putraning Manungsa sayektosipun mujudaken pamea saking Kitab Dhaniël. Kitab Dhaniël nggambaraken Putraning Manungsa minangka kamanungsan anyar ingkang sawetahipun wonten ing ngarsanipun Gusti Allah tuwin mardika saking daya pangaribawanipun piawon. Menawi Gusti Yésus dipun-gambaraken minangka Putraning Manungsa jumbuh kaliyan pangertosanipun Kitab Dhaniël, mila Sang Putraning Manungsa menika rawuh ngagem panguwaos saking Gusti Allah piyambak kanggé dhatengaken Kratoning Allah saha nindakaken éwah-éwahan nganyaraken gesangipun manungsa.

Gusti Yésus nandhesaken menggahing wekdal rawuhipun Putraning Manungsa ingkang mboten kanyana saha mboten saged dipun mangertosi déning sok sintena (36). Mila mboten prelu ndamel pétangan bab mbénjing menapa Panjenenganipun rawuh. Ingkang wigatos inggih punika sumangga sami ngantu-antu kanthi prayogi. Mangsa ngantu-antu rawuhipun Putraning Manungsa menika mujudaken wekdal kanggé mangertosi tuwin nggesangi kamanungsan anyar ingkang dipun-kersakaken déning Gusti Yésus satemah rawuhipun Kratoning Allah dados nyata ing jagad menika. Awit saking menika, Gusti Yésus mulang supados kita tansah rumanti nambut rawuhipun Putraning Manungsa awit

rawuhipun Putraning Manungsa mboten kanyana lan mboten dipun-mangertosi Bénjing menapa wekdalipun.

Gusti Yésus tumunten mulangaken lumantar pasemon tiga wonten ing ayat 37-44. Tiga-tiganing pasemon menika mboten madeg piyambak-piyambak amargi tiga-tiganipun nggadhahi ancas kanggé mulangaken bab rawuhipun Putraning Manungsa ingkang mboten dipun-mangertosi wekdalipun saha kadospundi anggènipun manungsa kedah nanggapi prakawis menika.

Pasemon kapisan (37-39) ngèngingi cara gesangipun manungsa ing jamanipun Nuh. Punika kaginakaken Gusti Yésus kanggé nedahaken bilih sikap ingkang saé piyambak inggih menika kados Nuh ingkang nindakaken dhawuhipun Allah kanthi pambangun-turut. Nuh mbangun-turut yasa prau sinaosa piyambakipun mboten mangertos Bénjing menapa banjir patopan kelampahan. Béda kaliyan Nuh, cara gesangipun tiyang-tiyang wonten ing jamanipun Nuh sami rumaos bilih dhirinipun sampun tentrem tuwin saé ing bab nindakaken kagiyatan padintenan kadosta nedha, ngombé, jejodhohan saha njodhokaké sanadyan tanpa pambangun miturut dhumateng Gusti Allah. Nuh dalah brayatipun ingkang mbangun-turut dhateng dhawuhipun Gusti Allah sampun sumadhiya mapag Bénjing menapa dhatengipun banjir patopan.

Pasemon kaping kalih (40-41) ngèngingi tiyang kalih ingkang wonten ing pategalan sarta tiyang èstri kalih ingkang saweg ngubengaken séla panggilingan. Saking tiyang kalih wonten ing pategalan tuwin tiyang èstri kalih ingkang saweg ngubengaken séla panggilingan menika ingkang satunggal kapulung, satunggalipun dipun tilar. Pasemon menika nedahaken bilih manungsa saged nindakaken kagiyatan ingkang sami, jejibahan ingkang sami, padamelan ingkang sami ingkang ketingalipun mboten wonten bédaipun. Ananging Gusti Allah pirsu sikap ingkang batos ingkang mboten katingal nglangkungi sadaya pandamel ingkang ketingal. Ngantu-antu rawuhipun Putraning Manungsa ingkang mboten dipun mangertosi wekdalipun temtu kedah kawiwitan saking nganyaraken batos. Ingkang temtu, sanadyan sinamun ananging kapirsanan déning Gusti Allah.

Pasemon kaping tiga (42-44) ngèngingi patrap anggènipun nggambaraken rawuhipun Putraning Manungsa ingkang kados pandung. Dhatengipun pandung mboten naté dipun-mangertosi déning ingkang gadhah griya. Menawi mangertos pandung badhé dhateng sampun temtu ingkang gadhah griya badhé rumeksa supados griyanipun mboten dipun babah. Gusti Yésus mulangaken sikap rumeksa (42), lan siyaga (44) nambut rawuhipun Putraning Manungsa ingkang mboten kanyana wekdalipun kadosdéne pandung.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, kadospundi cara kita supados saged nggesangi mangsa pangantu-antu kanthi rumeksa saha gumrégah mboten katileman?

Kita saged nggesangi mangsa pangantu-antu kanthi rumeksa saha mboten tilem kanthi cara:

1. Pitados bilih rawuhipun Gusti Yésus mboten kanyana.
Kita mboten prelu tumut dhateng marupi-rupi ramalan (prédhiksi), panginten-inten ingkang badhé pados sisik-melik mbénjing menapa trepipun Putraning Manungsa rawuh. Sabdanipun Gusti sampun nandhesaken bilih mboten wonten satunggala tiyang ingkang mangertos. Mila, sumangga kita yakini bilih rawuhipun Gusti Yésus pancèn mboten kanyana. Rawuhipun Gusti Yésus badhé tansah dados misteri, dados bab ingkang winadi. mBoten mangertos sekedhap malih utawi taksih dangu mboten mujudaken bab ingkang kedah dados underaning kawigatosan kita ing mangsa pangantu-antu menika.
2. Ngantu-antu ing gesang padintenan.
Underaning kawigatosan kita mboten dhateng bénjing menapa rawuhipun Gusti, ananging dhateng sikap ngantu-antu. Kita sesarengan prelu ngrumaosi bilih ngantu-antu rawuhipun Gusti kita tindhakaken kanthi tetep nglampahi kagiyatan gesang padintenan. Kita nyambut damel, sinau, nindakaken sadaya jejibahan padintenan kanthi limrah. mBoten prelu lajeng sumingkir saking kagiyatan padintenan namung supados ngantu-antu kanthi trep. Kapara tansah nglampahi gesang padintenan ananging kadosdéne Nuh dalasan brayat ingkang gesang mbangun-turut dhumateng dhawuhipun Gusti. Kados panguwuhipun nabi Yésaya ingkang ngajak

gesang ing saklebeding pamratobat sarta lumampah ing saklabeding Pepadhang Sang Yéhuwah. Werdinipun, kita tetep nindakaken kagiyatan kados limrahipun ananging saben wekdal sumadhiya dipun-anyaraken batos kita, ngantos kagiyatan padintenan sanès kagiyatan ajeg menapa wontenipun ingkang mboten wonten maknanipun, ananging dados wewengan tumrap kita kanggé ngalami batos kita kaanyaraken sarta mbabar gesang ing salebeding pambangun-turut.

3. Gesang ingkang rumeksa saha gumrégah.

Menawi ing wiwitan ingkang jagi took katileman nalika rumeksa. Sumangga kita udi sikap rumeksa ingkang gumrégah, ingkang kagambaraken déning Rasul Paulus kados tiyang ingkang tangi kanthi cara tansah ngrucat sakathahing pandamel awon sarta sami ngrasuk Sang Kristus wonten ing gesang kita. Kita sinau menggalih kados Sang Kristus, manah kita dipun kebaki kalawan penggalhipun Sang Kristus, sikap tuwin pitebungan kita katuntun déning Sang Kristus.

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti,
Nalika pangibadah menika purna, kita wangsul nglajengaken ibadahing gesang kita wonten ing kagiyatan padintenan. Wewenganing gesang padintenan menika kadadosna sarana ngrawuhaken Kratoning Allah lumantar gesang kita ingkang kaanyaraken saking telenging batos, maujud wonten ing pambangun-turut saha sawetahing gesang ingkang dipun gesangi déning Sang Kristus piyambak. Wilujeng ngriyayakaken Advèn kanthi gesang ngantu-antu kalayan rumeksa saha gumrégah. Amin.

[SH-DEN]



KHOTBAH**Minggu Advèn kapindho***Minggu, 4 Dhésèmber 2022*

Waosan 1: Yésaya 11:1-10
 Tanggapan: Jabur Masmur 72:1-7,18-19
 Waosan 2: Roma 15:4-13
 Injil: Matius 3:1-12

Pangajeng- ajeng kanggé Sadaya Titah

**KHOTBAH JANGKEP****“Pangajeng-ajeng kanggé Sadaya Titah”**

Punapa wonten ing antawis kita ingkang gesang tanpa naté kagungan pangajeng-ajeng? Wonten ingkang ngandika bilih kita mboten badhé saged èstu-èstu nggesangi satunggaling gesang menawi kita lumampah tanpa satunggaling pangajeng-ajeng. Menika saumpami kita lumampah ing satengahing lurung ingkang peteng, tanpa kita mangertos ing pundi wekasanipun, utawi malah kita mboten mangertos, menapa lurung menika wonten wekasanipun. mBok menawi ing wiwitanipun kita kanthi greget lumampah nglangkungi lurung menika. Ananging, wonten ing satunggaling papan, kita badhé ngraosaken sayah sanget. Raos sayah ingkang amor utawi campur kaliyan kanepson sarta kiranging pangertosan, alon-alon badhé mbekta kita dhateng kawontenan tumek sanget. Awit saking menika, ketingalipun pangajeng-ajeng maringi satunggaling kakiyatan kanggé nglampahi gesang ing satengahing kawontenan ingkang kineker.

Ananging, prekawisipun inggih menika ing satengahing geguletaning batos ingkang awrat ingkang kita adhepi, mbokmenawi kita dados tiyang-tiyang ingkang gulet kaliyan satunggaling pangajeng-ajeng. Pakèwed kadhangkala gilir gumantos nempuh ing gesang kita. Malah asring pakèwed-pakèwed menika nempuh sesarengan, tumpuk-undhung, ngantos kita mboten mangertos malih kadospundi caranipun ngudhari pakèwed menika, langkung-langkung kanggé ngrampungaken. Ing kawontenan kasebad, kita mbokmenawi badhé angèl sanget

ngangen-angen satunggaling pangajeng-ajeng, menapa malih nggesangi.

Kawontenan ingkang mboten patos béda sajakipun ugi dipun-alami ugi déning bangsa Israèl. Wonten ing satunggaling kawontenan peprangan, langkung-langkung bangsa Israèl dumunung ing kawontenan ingkang mboten dipun-untungaken, raos kuwatos dalah ajrih temtu tumama ing gesangipun bangsa Israèl. Ing satengahing raos ingkang makaten, bangsa Israèl mbetahaken satunggaling pangajeng-ajeng ingkang nyata kanggé nggrengsengaken pisan-damel ngantebaken kayakinanipun dhumateng Gusti Allah.

Mirsani menapa ingkang dipun-alami miwah dipun-raosaken déning bangsa Israèl, Gusti Allah mboten kèndel. Lumantar nabi Yésaya, Gusti Allah maringaken satunggaling janji pisan-damel pangajeng-ajeng kanggé bangsa Israèl. Gusti Allah badhé ngintunaken satunggaling raja ingkang kebak kawicaksanan. Satunggaling raja ingkang dipun-gambaraken béda kaliyan raja-raja limrahipun. Raja menika badhé mbekta katentreman sawetahipun menggah ing bangsa Israèl. Dipun gambaraken segawon alasan badhé gesang sesarengan kaliyan ménda gèmbèl sarta sima tutul badhé mlégung ing sandhinging ménda. Gegambaran menika temtu sanès satunggaling gegambaran ingkang kaprah. Kanyatanipun, ingkang kiyat badhé mangsa (nedha) ingkang ringkih. Ménda gèmbèl tuwin ménda ingkang dumunung ing papan ringkih temtu badhé dipun-mangsa ngantos telas déning segawon ajag menapadéné sima tutul. Ananging, raja ingkang kajanjèkaken menika badhé ndamel sadaya prakawisipun éwah kanthi rikat sanget. Malah Gusti Allah ugi njanjèkaken bilih sang raja badhé ngangkat tiyang-tiyang ingkang katindhes saha ingkang dipun-tanduki mboten adil.

Pangajeng-ajeng saha janji ingkang dipun-paringaken déning Gusti Allah dhumateng bangsa Israèl ugi dados pangajeng-ajeng ingkang dipun-angen-angen déning juru masmur. Juru masmur ngantos-antos cawé-cawénipun Gusti Allah kanggé saged mberkahi raja ingkang ngerèh nalika samanten. Raja ingkang saged ndhatengaken kaadilan tuwin ngerèh kanthi wicaksana.

Ing satengahing geguletaning batos ingkang kita alami, kita ugi mbokmenawi ngajeng-ajeng satunggaling prakawis

ingkang mboten patos béda. Kita temtu kepéngin gesang ing satengahing karukunan utawi katentreman. Mèh sadaya tiyang kepéngin gesang kebak bedhami mboten wonten pasulayan. Kanthi bedhami ingkang kita raosaken, mila kita ugi badhé saged ngraosaken satunggaling kabingahan. Raosing bedhami ing satengahing geguletaning batos temtu sanès prakawis ingkang gampil dipun gayuh. Kita langkung asring celak kaliyan raos kuwatos lan ajrih. Kita kadhangkala ajrih menawi masalah mboten rampung. Kuwatos menawi gesang kita badhé risak awit saking menapa ingkang kita alami.

Ananging, sumangga janji ingkang dipun-paringaken Gusti Allah dhateng bangsa Israèl dadosa janji ingkang badhé saged kita gesangi ing wekdal samangké. Menawi wonten ingkang ngandika bilih saben prakawis wonten iguhipun, mila sayektosipun kita dipun-berkahi lumantar prakawis ingkang langkung prayogi. Ing saben prakawis, Gusti temtu rawuh saha ngasta pangajeng-ajeng lan ugi kabingahan kanggé kita. Menawi manah kita ngraosaken katentreman, mila kita badhé saged langkung tentrem ngadhepi sadaya pakèwed ingkang kita alami. Kanthi makaten, kita badhé saged mirsani langkung kathah kawontenan ingkang saged kelampahan kanggé ngrampungaken saben prakawis sarta pakèwed wonten ing gesang kita. Menawi bangsa Israèl kémawon saged gesang ing salebeding pangajeng-ajeng menggahing katentreman tuwin janji menggahing kabingahan, kening menapa kita mboten saged? Berkahipun Gusti Allah kanggé bangsa Israèl menika sami kaliyan berkah ingkang dipun-lubèraken Gusti Allah kanggé kita samangké.

Umat ingkang kinasih ing Gusti, ananging, minangka tiyang ingkang nggadhahi pangajeng-ajeng, asring malah mbekta kita dhateng sikap ingkang nengenaken gesangipun piyambak (égoïs) lan gumedhé (arogan). Kita namung nggesangi pangajeng-ajeng menika sarta ngraosaken kabingahan kanggé dhiri kita piyambak. Sakmboten-mbotenipun gegambaran menika ingkang kita pethik saking kawontenaning pasamuwan ing Roma. Pasamuwan ing Roma ingkang rumaos minangka golongan ageng piyambak lan ugi ingkang kiyat, ngetingalaken satunggaling sikap ingkang gumedhé. Pasamuwan ing Roma kapara nganggep sadhèrèkipun ingkang “béda” saking piyambakipun kanthi sikap

ing kang kedahipun mboten katedahaken. Ing kawontenan menika, Rasul Paulus ngémutaken pasamuwan ing Roma supados pasamuwan menika saged njagi karukunan kados ing kang dipun kersakaken déning Sang Kristus.

Sikap gumedhé kita nyata saèstu, nalika kita aben-ajeng kalayan alam. Kita kados-kados dados titah ing kang binerkahan piyambak; titah ing kang pinunjul piyambak; sarta titah ing kang dipun-kasihi piyambak déning Ing kang Nitahaken. Asilipun kita kanthi tanpa sebab ngaruda-reksa alam ing sakiwatengen kita. Pambangunan ing kang makantar-kantar tanpa naté dipunsarengi kanthi ngèngeti menggahing adegipun titah sanèsipun, asring dados sikaping gesang ing kang kita tedahaken. Menapa malih, menawi kita ngrembag bab uwuh utawi larahan. Gesang ing kang bedhami kaliyan alam, kados dados satunggaling pangangen-angen ing kang angel dipun-wujudaken, pangangen-angen ing kang namung badhé dados angen-angen. Mangka, kadospundi sagedipun kita saged asung pangajeng-ajeng dalah andum gesang dhateng sesaminé manungsa, menawi kaliyan alam ing kang sampun maringaken gesang kanggé kita kémawon, kita mboten saged ndhatengaken pangajeng-ajeng menika.

Salah satunggaling wujud ing kang prasaja piyambak saking pangudi kita kanggé ndhatengaken pangajeng-ajeng kanggé alam ing kang kita enggèni menika inggih kanthi sesirik larahan plastik. Kita mangertos bilih larahan plastik dados prekawis ing kang wigatos sanget samangké. Yutan ton larahan plastik kita asilaken saben dintenipun. Sayektosipun, kampanye – mbebujuk – bab larahan plastik menika sampun kathah sanget dipun-ngendikakaken. Ananging, prekawisipun mboten dumunung wonten ing anggènipun mboten mangertos. Kita sampun mangertos sadaya menika. Daya pangaribawa saking numpukipun larahan plastik ugi kita sampun mangertos. Wiwit saking èfèk mambet, jember, ngantos daya pangaribawa ing kang langkung wigatos pisan, kita sampun mangertos. Prekawisipun inggih menika wonten ing pikajengan kita kanggé nindakaken. Asring wekdal samangké kita namung dumugi mangertos kémawon, ananging dèrèng purun nglampahi.

Kamangka kita samangké sampun wiwit prahara karisakaning alam ing kang aeng sanget. Samangké mangsa-

mangsa mboten saged dipun-pethèk malih. Mangsa jawah sarta ketigen kados-kados sampun mingser saking paugeranipun. Temtu bab menika tuwuh awit daya pangaribawa saking kawontenan bentèr ingkang nglimputi jagad (*global warming*). Pitakènanipun ngantos Bénjing menapa kita badhé nglajengaken gagrag ingkang kados makaten menika? Ngantos Bénjing menapa kita badhé nganiaya alam ingkang kita nggèni menika?

Awit saking menika, kanggé dados tiyang-tiyang ingkang leres-leres saged nggesangi pangajeng-ajengipun kanthi saged ndhatengaken pangajeng-ajeng tuwin gesang kanggé sadaya titah, kita kedah langkung rumiyin nggesangi pamratobat. Mratobat saking menapa? Temtu mratobat saking tumindak nengenaken kawigatosaning gesang kita piyambak tuwin anggèn kita gumunggung. Mratobat saking cara menggalih ingkang namung ngutamèkaken dhiri kita piyambak. Mratobat saking cara mawas ingkang nganggep titah sanèsipun minangka titah ingkang ringkih tuwin pantes dipun-tindhes.

Pasambating pamratobat ingkang dipun ngandikakaken déning Yohanes Pambaptis, mugi-mugi saged dados suwanten ingkang tansah ngumandhang ing manah tuwin gesang kita. mBoten wonten tiyang ingkang saged ngraosaken tentrem tanpa satunggaling pamratobat. mBoten wonten tiyang ingkang saged andum katentreman tanpa satunggaling pamratobat. Amin.

[ATA-DEN]



KHOTBAH**Minggu Advèn Tiga***Minggu, 11 Dhésèmber 2022*

Waosan 1: Yésaya 35:1-10
 Tanggapan: Mazmur 146:5-10
 Waosan 2: Yakobus 5:7-10
 Injil: Matius 11:2-11

“Gusti Rawuh Milujengaken Kita”

KHOTBAH JANGKEP**“Gusti Rawuh Milujengaken Kita”**

Wonten satunggal tembang ingkang lumayan dipun gandrungi ing taun 80-an, ingkang dipun kondhangaken déning Rinto Harahap, irah-irahanipun “Dingin”. Punika pethikan tembangipun (*saged ngajak pasamuwan ngrerangu sesarengan*):

*Kau janjikan berbulan madu ke ujung dunia
 Kau janjikan sepatuku dari kulit rusa
 Tapi janji tinggal janji bulan madu hanya mimpi
 Tapi janji tinggal janji di bibirmu ...*

Para sadhèrèk, sinten ta tiyang ingkang purun kapusan janji? Temtu mboten wonten! Saben tiyang mbetahaken bab ingkang gumathok, mboten miyar-miyur lan tumemen. Sapisan kémawon tiyang kapusan déning prajanj, saged babar pisan éwah patrayipun: ingkang sewaunipun sanget nresnani lajeng dados ngigit-igit lan cupet ing pangandel. Awit saking punika, ngajeng-ajeng dhateng bab ingkang pinasthi punika wigatos, supados wewayangan was-sumelang menggah mangsa mangajeng mboten patos dados momotan tumrap gesangipun manungsa.

Kadosdéné gesang sawetahipun, tiyang pitados ugi mbetahaken ingkang naminipun pinesthi. Pinesthi punika sanès prajanj palsu, ananging prajanj ingkang kaleksanan. Kadospundi

wusananipun saupami Gusti Yésus mboten rawuh milujengaken jagad? Saged kémawon sapunika kita gesang ing salebeting kaanan ingkang kisruh. Ananging, pakaryan kawilujengan Allah mboten kalampahan dumadakan. Kita prelu ningali lelampahaning pakaryan kawilujengan ingkang dangu, saking sejarah gesangipun bangsa Israèl, prastawa wiyosipun Gusti Yésus Kristus, dalah prastawa tumedhakipun Sang Roh Suci. Saking lelampahan punika, kita saged neksèni kanthi jangkep kadospundi Gusti Allah saiba nresnani umat kagunganipun. Wiwit saking manungsa dhumawah ing dosa, manungsa mboten sesambetan kanthi laras malih kaliyan Gusti Allah. Awit saking punika, manungsa mbetahaken Juruwilujeng minangka pangantara satemah sesambetanipun kaliyan Gusti Allah saged kapulihaken malih. Waosan-waosan Kitab Suci dinten punika ngatag kita supados ngrumaosi bilih lampahing pakaryan kawilujengan punika sampun Panjenenganipun télakaken ing lampah gesangipun manungsa.

Ing waosan kapisan, inggih punika Kitab Yésaya 35, kita neksèni bilih Nabi Yésaya kaagem déning Gusti Allah kanggé ngumandhangaken prajanji bab rawuhipun sang Juru Wilujeng, ingkang ancasipun kanggé ndhatengaken pinesthi ing gesangipun manungsa. Kala semanten, bangsa Israèl nembé perang nglawan bangsa Asyur. Bangsa Israèl langkung milih nyingkur saking Gusti Allah lan mbudidaya kawilujengan marang bangsa Mesir. Begjanipun, Gusti Allah ngagem Nabi Yésaya minangka margi. Bangsa Israèl nampi pepéling supados sami ngrumaosi tumindakipun sarta mratobat dhateng Gusti.

Tumindakipun bangsa Israèl cinitra apindha gesang ing pasamunan, ing pasitèn ingkang cengkar, lan ing ara-ara samun. Gegambaran tetiga punika saged dipun suraosi minangka kawontenanipun bangsa Israèl nalika katempuh ing paperangan kaliyan bangsa Asyur, inggih punika sadèrèngipun kapulihaken. Saged kita wastani bilih kawontenanipun bangsa Israèl celak sanget kaliyan bilai. Awit saking punika, Nabi Yésaya ngundhangaken pameca bab pulhipun bangsa Israèl awit pakaryanipun Gusti Allah. Bab pulhipun bangsa Israèl punika kagambaraken kanthi tigang panggènan ingkang kondhang becik, inggih punika Libanon, Karmèl, kaliyan Saron. Tigang panggènan

punika saged dipun suraosi minangka lambanging gesang ingkang subur, elok, lan raharja.

Yésaya sangsaya nyethakaken bab punika lumantar rawuhipun Sang Juru Wilujeng ingkang sampun kaprasetyakaken. Sang Juru Wilujeng punika badhé mujudaken éwah-éwahan ingkang paripurna tumrap jati dhirining bangsa Israèl, sae ing babagan kajasmanèn, babagan batos, babagan padamelan, babagan sosial, mekaten ugi babagan karohanèn (Yésaya 35:5-10).

Kawilujengan nedahaken wontenipun éwah-éwahan kawontenan ingkang paripurna ing dhirinipun manungsa, saé sacara pribadi mekaten ugi sacara masamuwan, saé sacara fungsional mekaten ugi sacara struktural (sistemik). Pranataning jagad ingkang kisruh awit dosa, kapulihaken déning Allah ingkang saiba nresnani umat kagunganipun.

Punapa ingkang sampun kawecakaken déning Nabi Yésaya punika sanès tetembungan ingkang ngayawara. Waosan Injil Matius 11:2-11 dados pratandha bilih punapa ingkang kawecakaken déning Nabi Yésaya punika saèstu kalampahan. Sang Mésih punika Gusti Yésus Kristus; Panjenenganipun inggih Sang Mésih ingkang rawuh saprelu ngluwari tiyang wuta, lumpuh, budhugen, lan budheg (Matius 11:5-6). Pakaryanipun Gusti Yésus ingkang damel kaéraman punika ngetingalaken pangajeng-ajeng Mésianik ing sapérangan pamecanipun Nabi Yésaya, ingkang kalampahan ing pribadinipun Gusti Yésus (Yés. 35:4-6, Yés. 26:19, Yés. 61:1).

Manut dedungkanipun Injil Matius, saking pundi kita saged pitados bilih Gusti Yésus punika Sang Mésih ingkang kawecakaken déning Nabi Yésaya? Kapisan, saking paseksinipun Nabi Yohanes Pambaptis. Saking salebeting pakunjaran, Nabi Yohanes midhanget pawartos bab pakaryanipun Gusti Yésus (Matius 11:2). Awit saking punika, Nabi Yohanes lajeng miterang lumantar para sakabatipun supados munjuk dhateng Gusti Yésus, “Punapa Paduka punika ingkang pinasthi rawuh, punapa kawula sami kedah ngentosi sanèsipun?” Menawi dipun gatosaken saking pitakèn punika, Nabi Yohanes ketingal radi mangu-mangu. Nanging ing wusananipun, Nabi Yohanes saged pitados bilih Gusti Yésus punika pinasthinipun pangajeng-ajeng Mésianik ingkang

kala semanten kawedhar déning Nabi Yésaya. Kaping kalih, para sakabatipun Nabi Yohanes ugi ndhèrèk dados seksi pakaryan ingkang dipun tindakaken Gusti Yésus (Matius 11: 4). Saking prakawis punika, kita saged nyuraosi, bilih Nabi Yohanes Pambaptis punika satunggaling pribadi ingkang wigati kanggé nandhesaken jati dhirining Gusti Yésus minangka sang Mesih. Punika ingkang njalari para sakabatipun Nabi Yohanes lajeng sami pitados lan ndhèrèk Gusti Yésus.

Gusti Allah ngagem Nabi Yésaya sarta Nabi Yohanes minangka pirantosipun. Panci kekalihipun ngetingal mboten minangka satunggaling pangajeng ingkang utami, ananging kita saged neksèni kadospundi wigatosipun ayahan para kekalih punika. Nabi Yésaya kadhapuk supados ngundhangaken pameca, éwadéné Nabi Yohanes kadhapuk nandhesaken pamecanipun Nabi Yésaya kalawau. Lelampahan tetep-tinetepan ing antawis kekalihipun punika saèstu kawawas prayogi, dalah sedaya punika kedadosan kanggé milujengaken sedaya titah.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Minggu Advèn kaping tiga punika kasebat Minggu kabingahan. Dinten punika kita sedaya kabereg supados kanthi sukabingah dalah kanthi jangkep ningali malih bab sejarah kawilujengan. Sacara urut-urutaning wekdal, kita neksèni gumelaring jaman ingkang dangu antawis pamecanipun Nabi Yésaya kaliyan prastawa wiyosipun Gusti Yésus. Ananging, danguning wekdal babar pisan mboten dados pepalang tumrap lambat-linembatanipun pakaryan kawilujengan Allah, inggih mligi tumrap bangsa Israèl mekaten ugi sumrambah tumrap salumahing bumi punika. Awit saking punika, dinten punika kita kaatag supados nggesangi:

1. Sukabingah ing salebeting olah pambudidaya (Ind. *berproses*)

Pakaryan kawilujengan Allah dipun suraos minangka satunggaling lelampahan ingkang kaenam ing lampahing gesang manungsa. Lelampahan pakaryan kawilujengan punika kedah kita gesangi supados kita mboten dados pribadi ingkang ngrèmèhaken lelampahan olah pambudidayaning gesang. Pakaryan kawilujengan Allah punika adhedhasar

katresnanipun dhateng jagad. Awit saking punika, kita kedah nanggapi prakawis punika srana nindakaken olah pambudidaya kanthi bingahing manah. Bilih Gusti Allah saiba nresnani umat kagunganipun, lah punapa déné kita malah badhé olah pambudidaya kanthi ulat kang peteng? Sukabingah ing salebeting olah pambudidaya punika saged kita lairaken srana sawetahipun nggadhahi kasanggeman ndhèrèk ing manéka warni lelampahan ingkang saé.

2. Sareh lan setya-tuhu ing salebeting olah pambudidaya.

Kapitadosan kita dhateng Gusti Allah tansah dipun tètèr sanalika lampahing wekdal. Mindhak diwasa, mboten kok mindhak ènthèng lampah kita, ananging malah sangsaya kathah panètèring gesang ingkang kedah dipun adhepi. Ing kawontenan kados mekaten, kapitadosan kita dhateng Gusti Allah katotohaken, punapa kita badhé tansah setya-tuhu punapa malah nilar Gusti Allah? Nalika kita nandhang momotaning gesang, temtu kadhang kala kagodha supados énggal manggihaken pangluwaran. Ananging, kita mboten saged éndha saking kanyatan bilih patrap kirang sabar punika asring mboten saé pituwasipun tumrap lelampahan salajengipun. Pramila, kita kabereg supados sarèh lan setya-tuhu ing salebeting olah pambudidaya. Kadosdéne pamberegipun Yakobus tumrap pasamuwan Kristen wiwitan. Pasamuwan sami kabereg supados sarèh lan setya-tuhu. Sarèh mboten ateges pasrah-ngalah, ananging minangka patraping kapitadosan bilih sami dipanggah ing salebeting pangajeng-ajeng dhateng pitulunganipun Gusti. Yakobus paring gegambaran kadosdéne wong tani ingkang srantos ngantuantu sakathahing woh kang aji saking pasitèn, inggih ingkang sampun piyambakipun garap sadangunipun mangsa. Pulihihi gesang bakal kagayuh nalika tiyang sumadya nglampahi olah pambudidaya kanthi sarèh lan setya-tuhu.

3. Wohing kabingahan, sareh lan setya-tuhu.

Manawi kabingahan, kasabaran, dalah kasetyan dados tetales anggèn kita sami olah pambudidaya, kita pitados bilih undhuh-undhuhipun ugi ingkang paling saé. Awit punapa? Kita sampun pikantuk pinasthi punika, ingkang katemenan

lumantar pribadinipun Gusti Yésus Kristus, inggih Panjenenganipun Sang Mesih ingkang dipun antu-antu. Bab rawuhipun sanès minangka prajangi ingkang apus-apus, ananging prajangi ingkang kalaksanan. Punika pinasthi ingkang damel leganing manah. Dinten punika kita pikantuk pinesthi bilih rawuhipun Gusti mangaribawa éwah-éwahan ingkang saé (kawilujengan) ing gesang kita samangké lan ing mangsa mangajeng.

Amin.

[LBG/TNA]

KHOTBAH**Minggu Advèn Sekawan***Minggu, 18 Dhésèmber 2022*

Waosan 1: Yésaya 7:10-16
 Tanggapan: Mazmur 80:1-7, 17-19
 Waosan 2: Roma 1:1-7
 Injil: Matius 1:18-25

“Pratandha saking Swarga”**KHOTBAH JANGKEP****“Pratandha saking Swarga”**

Pasamuwan ingkang nresnani lan dipun tresnani Gusti, wonten satunggaling cariyos bab nèm-nèman ingkang miterang dhateng gurunipun. Piyambakipun takèn, “Guru, kepareng panjenengan nedahaken pundi margi tumuju *suksès*? “Ehm...,” Sang guru mènèl sawetawis. Tanpa babar pisan ngucapaken satunggal tembung, sang guru tumuding ngener salah satunggaling margi. Nèm-nèman wau énggal mlajar lan ngambah kanthi urutan margi ingkang dipun tuding déning sang guru.

Piyambakipun mboten purun mbucal wekdal malih kanggé nggayuh *kesuksèsan*. Dèrèng tebih anggènipun mlampah, dumadakan celathu, “Ha! Iki dalan pantog!” Leres, ing ngajengipun ngadeg témbok ageng ingkang mumpeti margi. Ananging piyambakipun lajeng dheleg-dheleg, “Bokmanawa aku salah nangkèp kersané guruku.”

Nèm-nèman wau wangsul sowan dhateng sang guru saprelu miterang sapisan malih, “Guru, ingkang pundi janipun margi tumuju *suksès*?” Sang guru panggah tumuding ngener margi ingkang sami. Nèm-nèman kalawau lajeng mlampah ing margi punika malih. Nanging, ingkang dipun adhepi tetep témbok ageng ingkang mumpeti margi. Piyambakipun lajeng manah-manah, punika mesthi namung gegujengan. Nèm-nèman wau rumaos sampun dipun sembranani déning sang guru.

Kebranang lan kanthi nesu sanget, piyambakipun wangsul manggihi sang guru, “Guru, kula sampun ngèstokaken pitedah panjenengan. Nanging, kula malah nemahi margi pantog. Kula badhé munjuk sepisan malih, ingkang pundi saèstunipun margi tumuju *suksès*? Panjenengan sampun namung tumuding kémawon, kula suwun paring pangandikan!”

Wusananipun, sang guru ngandika, “Pancèn kono iku dalaning *kasuksèsan*, yaiku mung pirang langkah manèh ing pungkurané témbok iku. Sapa sing ngomong manawa témbok kuwi pungkasaning pangangkah?”

Sadhèrèk ingkang kinasih ing patunggilanipun Gusti, asring kita tumindak kadosdéné nèm-nèman kalawau, inggih punika mboten saged ningali pratandha sanès ing sisih sabrangipun ingkang kita adhepi lan lampahi. Kamangka, Gusti ngagem manéka warni cara lan kathah pratandha ingkang kaparingaken tumrap kita. Saé lumantar tanggel jawab, kabetahaning gesang, prakawising gesang, lan sapiturutipun. Samukawisipun kedadosan supados kita saged ningali makna saking saben bencana (*musibah*). Ginanipun saben prastawa punika kanggé mbereg kita mbudidaya gesang ingkang langkung saé, mbangun turut, sarta purun ndhèrèk nindakaken bubuhan bab pakaryanipun Gusti.

Ing satengahing was-sumelang dalah kisruhing kawontenan ingkang dipun adhepi déning Krajan Yéhuda, Prabu Akhas milih mboten madosi Gusti Allah, nanging ngupadi pitulungan saking sanèsipun. Nalika semanten, Prabu Akhas bin Yotam bin Uzia, ratu ing Yéhuda, sesarengan kaliyan Prabu Rezin, ratu ing Aram, ugi Prabu Pekah bin Rémalya, ratu ing Israèl, sami nglurug perang dhateng kitha Yérusalem (Yésaya 7: 1). Prastawa punika kalampahan watawis taun 735/734 SM. Ing wekdal punika, Krajan Asyur nembé dados krajan ingkang digdaya lan nggadhahi panguwaos ingkang ageng.

Krajan Asyur ingkang miyaraken wewengkonipun kanthi nelukaken bangsa-bangsa sakiwa-tengenipun, punika nuwuhaken raos sengit, satemah krajan-krajan alit ing madyaning Siria-Palèstina sami manunggal kapimpin déning Krajan Damaskus saprelu nglawan Krajan Asyur. Ananging Prabu Akhas saking Krajan Yéhuda mboten kersa ndhèrèk nggabung. Awit saking

punika, Krajan Damaskus lan Krajan Samaria ngréka badhé nempuh lan nelukaken Krajan Yéhuda. Ketingalipun Prabu Akhas mboten kersa ngadhepi raja kekalih punika, pramila lajeng mbudidaya supados saged nundhung tetrajangsan kalih krajan wau dhateng Kitha Yérusalem lan nyegah dhawahipun kitha.

Ing kawonten ingkang ndrawasi punika, Nabi Yésaya nyandhet Prabu Akhas ingkang badhé nyuwun pitulungan dhateng Krajan Asyur. Nabi Yésaya mbereg Prabu Akhas supados pitados lan ngandelaken Gusti Allah kémawon. Nabi Yésaya nduwa lan nenetah samukawis tetepan politis ingkang ngandelaken manungsa lan sarana kajasmanèn (Yésaya 30: 1-17). Nabi Yésaya paring pepéling bilih namung Gusti Allah pribadi ingkang dados piandeling umat (Yésaya 7: 9). Prabu Akhas mboten prelu nyuwun pitulungan dhateng Krajan Asyur, ugi mboten prelu ajrih dhateng pangancemipun Krajan Aram lan Krajan Israèl, awit Gusti Allah pribadi ingkang badhé ngluwari umat pepilihanipun. Pepéling saking Gusti Allah dhateng Prabu Akhas lumantar Nabi Yésaya punika kaserat ing Kitab Yésaya 7: 1-9. Apesipun, Prabu Akhas sampun keladuk mbaléla dhateng Gusti Allah srana sujud dhateng Baal, ndamel najisipun Padaleman Suci, sarta nglebetaken agami kapisir saking Krajan Damsyik. Pramila, Prabu Akhas nampik pratandha kaélokan saking Gusti Allah, lan langkung milih nyuwun pitulungan dhateng Krajan Asyur (2 Para Raja 16: 5-18; 2 Babad 28: 16-21).

“Kula mboten badhé nyadhong, kula mboten badhé nyoba dhateng Pangéran.” Punika wangsulanipun Prabu Akhas. Panci leres bilih kita mboten kaparengaken nyobi dhateng Gusti Allah. Ananging, wangsulanipun Prabu Akhas punika namung kanggé ngleresaken tumindakipun ingkang nyuwun pitulungan dhateng Krajan Asyur. Piyambakipun sélak kanthi cara alus, ananging sejatosipun kanthi terang-terangan ngetingalaken bilih mboten mbetahaken malih Gusti Allah anggènipun ndamel tetepan tumrap karajanipun.

Paukuman saking Gusti Allah tetep kalaksanan, ananging mboten nyirnakaken umat kagunganipun. Pakaryan kawilujengan tansah lumampah. Panjenenganipun tansah ngumandhangaken rawuhipun Sang Juruwilujeng, kadosdéné

ingkang sampun kapratélakaken lumantar prastawa kalaksananing prasetyanipun tumrap brayatipun Yusuf.

Sami kados Prabu Akhas ingkang ngalami kisruhing batos, mekaten ugi Yusuf ingkang nembé kémawon pepacangan kaliyan Maryam. Piyambakipun ngalami kisruhing batos awit Maryam, pacanganipun, tinemu sampun ngandheg. Awit piyambakipun punika tiyang ingkang mursid, pramila sumedya medhot Maryam minangka pacanganipun kanthi sesidheman supados mboten damel wirangipun Maryam ing ngajenging tiyang kathah. Nanging, sareng nggadhahi pangangen kados mekaten, malaékating Gusti ngatingal ing salebeting pangimpèn lan paring katrangan, “Hé Yusuf, tedhake Dawud, aja sumelang anggonmu ngepèk Maryam dadi bojomu, awit Putra kang kabobotaké iku marga saka Roh Suci,” (ayat 20).

Kanthi terwaca, malaékat punika paring katrangan bilih Maryam ngandheg awit pakaryaning Sang Roh Suci. Putra punika kakung lan kedah kanamakna Yésus awit inggih ingkang badhé ngluwaré bangsa Israèl saking panguwasaning dosa. Sadaya punika kadadosan supados kayektosan punapa ingkang kapangandikakaken déning para nabi. Pawartos punika saèstu cetha, bilih Yusuf mboten dipunparengaken nilar Maryam lan nilar pakaryan kawilujenganipun Gusti, sanadyan prakawis punika ngemot tetundhon (*résiko*) ingkang awrat sanget. Piyambakipun tetep nglajengaken sesambetanipun kaliyan Maryam lan malah ndadosaken Maryam minangka garwanipun.

Yusuf saèstu ngrumaosi bab tetundhon ingkang kedah dipun tanggel. Piyambakipun ugi ngrumaosi awrating tanggel jawab punika. Piyambakipun nyanggemi lan pitados dhateng Gusti Allah. Patrap lan tumindakipun Yusuf punika ingkang mbèntenaken dhirinipun kaliyan Prabu Akhas. Yusuf mboten badhé nilar Maryam, inggih awit mboten ndadosaken malih bebudènipun piyambak minangka piandel, ananging saèstu ngandelaken Gusti Allah. Bokbilih kapribadènipun ingkang mursid punika ingkang njalari manahipun adreng nampèni tetepanipun Gusti Allah. Bokbilih kamursidanipun Yusuf punika ugi ingkang damel piyambakipun saged ngrumaosi agenging tanggel jawab ingkang kedah dipun éstokaken déning Maryam, lan piyambakipun mboten gedugi menawi Maryam kedah

ngadhepi piyambakan. Minangka tiyang kakung, samesthinipun mongkog manahipun menawi saged nindakaken tanggél jawabipun.

Mongkoking manah punika ugi ingkang sinerat déning Rasul Paulus ing serat Rum. Kanggé murwakani seratipun, Rasul Paulus uluk salam sarta nepangaken dhirinipun minangka abdinipun Gusti Yésus. Adegipun minangka abdi punika mboten awit pikajengipun piyambak, nanging Gusti Allah piyambak ingkang nimbali lan miji. Kanthi tetembungan “katimbalan dadi rasul” lan kapiji”, Rasul Paulus nandhesaken bilih timbalan punika kadadosan awit karsanipun Gusti Allah pribadi.

Minangka tiyang ingkang sampun katimbalan dados rasul, Rasul Paulus gadhah kuwajiban martosaken Sang Kristus minangka Putranipun Allah, ingkang sinalib séda, lan wungu malih saking antawisipun tiyang pejah (ayat 2-4). Lumantar pakaryanipun Sang Kristus punika ugi, Rasul Paulus nampi sih-rahmat dalah kalenggahan rasul kanggé nuntun sakathahing bangsa supados sami pitados lan mbangun turut dhateng Gusti Yésus. Mekaten ugi ingkang dipun tindakaken dhateng pasamuwan ing kitha Rum.

Linandhesan pengaken punika, inggih saking raos rumaosing dhiri bab ayahanipun minangka rasul, Rasul Paulus adreng panggalhipun kanggé nyerat piwucal dhateng sinten kémawon ingkang tinarbuka nampi pawartos kabingahan, kalebet dhateng pasamuwan ing kitha Rum, sinaosa Rasul Paulus sanès ingkang ngadegaken lan ugi mboten tepang saé kaliyan pasamuwan punika. Kadosdéné ingkang sinerat ing ayat 6, Rasul Paulus ngandika: “Kowe uga padha klebu ing antarané wong-wong mau, kowé kang wus padha katimbalan dadi kagungané Sang Kristus.” Rasul Paulus ngémutaken bab sih-rahmat ingkang ugi karentahaken dhateng pasamuwan punika supados saged gesang ing salebeting timbalanipun Gusti minangka kagunganipun Sang Kristus ingkang sampun dipun wilujengaken lan dipun piji.

Pasamuwan ingkang kinasih, Gusti Allah paring “pratandha kaswargan” dhateng kita dumugi dinten punika. Ing satengahing nandhang prihatos lan kisruhing kawontenan gesang, Gusti Allah mboten badhé nilar kita. Dalasan

Panjenenganipun paring pratandha kaswargan lumantar tiyang-tiyang ing sakiwa-tengen kita, kepara ugi lumantar prastawa gesang ingkang kita lampahi. Ancasipun, supados kita saged kadosdéné Yusuf, inggih punika saged ndhèrèk nindakaken sarta nglajengaken pakaryanipun Gusti Allah, sanadyan ageng tetundhon ingkang kedah dipun adhepi. Mekaten ugi tumrap kita ingkang sampun nampèni sih-rahmat, kita kadhawuhan supados tetep gesang ing salebeting timbalanipun Gusti minangka kagunganipun Sang Kristus ingkang sampun kawilujengaken lan kapiji. Amin.

[IAS/TNA]

KHOTBAH Malam Natal

Sabtu, 24 Dhésèmber 2022

Bacaan 1: Yesaya 9:1-6
Tanggapan: Jabur 96
Bacaan 2: Titus 2:11-14
Injil: Lukas 2:1-20

Sih Rahmating Allah Sampun Nyata



KHOTBAH JANGKEP

“Sih Rahmating Allah Sampun Nyata”

Pasamuwan ingkang nresnani lan dipun tresnani Gusti, Dinten punika Dalu ndungkap Natal. Dalu sadèrèngipun mbénjang énjang, kita mahargya Natal. Saben-saben kita mahargya Natal, punapa ingkang kita émuti? Kado? Rasukan anyar? Dhaharan lan manéka roti? Hiasan Natal? Lajeng, kadospundi kita mahargya Natal ing wekdal samangké? Punapa punika namung satunggaling kalimrahan tanpa wonten aosipun ?

Ing wekdal kita mahargya, punapa ingkang kita antu-antu? Punapa punika bab kebakaring katetepan prasetyanipun Allah dhateng jagad punika? Prasetya bab punapa?

Inggih kawilujengan kanggé tiyang sajagad, punika ingkang kaantu-antu. Punapa punika badhé mawujud?

Panyerat Kitab Yésaya nyerat bab kadospundi bangsa ingkang gesang tanpa pengajeng-ajeng amargi pangawulanipun bangsa sanès. Tiyang-tiyang ingkang gesang ing salebeting pepeteng nampèni pengajeng-ajeng awit pitulunganipun Gusti. Tiyang-tiyang punika saged mirsani pepadhang ingkang sumunar lan nyirnakaken panandhangipun.

Kadospundi kaliyan pengajeng-ajenging jagad? Punapa Gusti sampun netepi prekawis punika? Injil Lukas 2:1-20 paring wangsulan tumrap pitakènan: “Punapa Gusti sampun netepi?” Kadosdéné Gusti nresnani bangsa ingkang lumampah ing pepeteng, Gusti ugi maringaken katresnanipun dhateng jagad punika. Lumantar Bapa Yusep lan Ibu Maryam, katresnanipun

Gusti kebabar nyata. Sih rahmat ingkang sampun kaprasetyakaken atusan taun, miyos manjalma minangka bayi suci ing pamakanan. Miyosipun sang jabang bayi mratélakaken kebabaring prasetyanipun Gusti, ingkang kawartosaken déning para pangèn.

Sinten ta para pangèn punika? Para pangèn punika sanès tiyang ingkang kagungan kalenggahan inggil. Tiyang-tiyang punika saking péranganing masyarakat ingkang kaanggep asor lan brangasan. Tiyang-tiyang punika dipun anggep mboten saged dipun pitadosi, satemah mboten saged katampi paseksènipun ing pangadilan.

Nalika kita rumaos asor lan tanpa daya, prayogi menawi kita ngemuti para pangèn ingkang kaagem Gusti dados lantaran netepi prasetyanipun. Punika ateges, sanadyanta kita punika tiyang ingkang prasaja kémawon, Gusti tetep ngersakaken kita sami martosaken katresnan-Ipun kagem jagad punika. Kadosdéné para pangèn, sumangga kita nampèni pawartos kabingahan punika kanthi bingahing manah. Nuladha para pangèn, punapa ingkang kedah kita tindakaken ?

1. Kabingahan. Pawartos ingkang katampi ing dalu ndungkap Natal punika kabingahan ingkang ageng awit Sih Rahmatipun Gusti Allah kagem jagad ingkang sampun dipuntetepi. Gusti Allah sampun netepi prasetyanipun. Awit saking punika, kita kedah gesang kanthi kebak kabingahan ing sadhéngah kawontenan.
2. Martosaken. Sasampunipun kita nampèni kabar kabingahan bilih “Sih Rahmatipun Gusti Allah sampun kebabar”, mila sampun sakmesthènipun menawi kita martosaken kabar kabingahan punika lumantar pitembungan lan tumindak nyata. Pawartos punika mboten namung kanggé manungsa, nanging ugi kanggé sedaya titahipun Gusti. Contonipun kanthi nélakaken “dhiet plastik”, milih lan milah sampah organik lan anorganik, damel sumur resapan ing greja lan ing saben griyanipun warganing pasamuwan.

Sumangga kita mahargya dalu ndungkap Natal (malam Natal) punika kanthi kebak kabingahan lan mboten kesupèn martosaken kabar kabingahan punika ing sauruting gesang kita. Wilujeng mapag Riyadi Natal. Gusti mberkahi kita sedaya. Amin.

[AW/WW]

KHOTBAH Riyaya Natal

Minggu, 25 Dhésèmber 2022

Bacaan 1: Yésaya 52:7-10
Tanggapan: Masmur 98:1-9
Bacaan 2: Ibrani 1:1-4 (5-12)
Injil: Yohanes 1:1-14

Kamulyanipun Manungsa Natal



KHOTBAH JANGKEP

“Kamulyanipun Manungsa Natal”

Wilujeng Natal !

Saèstu, Natal punika prekawis ingkang ageng tumrap para tiyang pitados. Pramila mboten klèntu, menawi samangké kita mahargya Natal. Ing antawis reroncenipun Natal samangké, wonten cariyos ing sakiwa tengen kita, ingkang badhé nyagedaken kita nampèni maknaning prekawis punika.

Satunggaling wekdal, wonten satunggalipun bapa ingkang kagungan wit pelem ing sangajenging griyanipun. Wit pelem punika ngedalaken woh ingkang kathah sanget lan raosipun pelem manis sanget ugi. Bapa ingkang kagungan wit pelem tansah nawakaken dhateng para tanggi ingkang kersa mendhet pelemipun, satemah saged ngraosaken raosing pelem ingkang manis. Para laré ingkang wonten sakiwa tengen griya inggih sami péngin methik pelem. Para laré punika kepéngin ngraosaken pelem ingkang kawentar manis. Émanipun, awit wit pelemipun punika inggil, para laré mboten saged nggranggèh woh pelemipun. Para laré punika lajeng nyuwun tulung dhateng ingkang kagungan wit pelem. Manggihaken kawontenan ingkang mekaten punika, bapa ingkang kagungan wit pelem kagungan inisiatip. Piyambakipun damel andha ing papan ingkang aman murih para laré saged methik pelem. Saèstu, selajengipun lumampah saemper kaliyan rancanganipun. Para laré remen sanget amargi sami gampil methik pelem lan ngraosaken pelem ingkang manis. Selajengipun, saben mangsa wit pelem punika ngedalaken woh, para laré sami

ndhatengi wit pelem lan methik piyambak pelem punika kanthi gampil.

Inisiatipipun ingkang kagungan wit pelem anggènipun nggampilaken para laré methik woh pelem, punika gambaran kadospundi Gusti Allah anggènipun nggampilaken manungsa (jagad) kanggé ngrumaosi, ngraosaken lan ngalami Kamulyanipun ing wekdal Panjenenganipun sugeng ing donya punika. Menawi ingkang kagungan wit pelem nggampilaken para laré kanthi damel andha ing papan ingkang aman, mekaten ugi Gusti Allah. Gusti Allah nggampilaken manungsa ngraosaken lan ngalami kamulyaning Allah kanthi rawuh minangka Manungsa Natal wonten ing dhirinipun Gusti Yésus Kristus. Satunggaling kawontenan ingkang ketingalipun mokal, nanging saged lumampah awit Gusti Allah ingkang kersa mbabar prekawis punika.

Prekawis ingkang kados mekaten punika nate dipun lampahi déning bangsa Israèl nalika wonten ing tanah pangawulan. Tumrap tiyang Israèl rikala semanten, kawilujengan punika satunggaling kawontenan ingkang sanget kaantu-antu. Awit saking punika, tiyang Israèl tansah kebak pengajeng-ajeng dhateng Gusti Allah murih kauwalaken saking pangawulan. Kitab Yésaya 52:7-10 mujudaken pamedhar wangsit bab Gusti Allah ingkang milujengaken tiyang-tiyang Israèl. Èlokipun, pamedhar wangsit bab Gusti Allah ingkang milujengaken bangsa Israèl punika wonten ing satunggaling katrangan bilih sedaya rancangan kawilujengan punika awit inisiatip lan kersanipun Gusti Allah (52:5). Awit saking punika, bangsa Israèl lan sedaya bangsa kedah ngakeni kanthi sayektos bilih Gusti Allah punika Ratu wonten ing gesangipun (52:7).

Adhedhasar prekawis punika, para tiyang Israèl saged nyinau bab sih katresnanipun Gusti dhateng pyambakipun, kanthi ngrawuhaken kamulyanipun Gusti ing gesangipun. Tundhonipun para tiyang punika saged ngucap sokur kanthi tata cara gesang ingkang kebak kamulyanipun Gusti lan nebihi tumindak dosa. Tata cara gesang ingkang kebak kamulyanipun Gusti punika kedah saged karaosaken lan katampi déning tiyang sanès (Ay.7).

Kejawi awit saking inisiatipipun Gusti Allah, Panjenenganipun ugi kepareng paring sarana ingkang

nggampilaken manungsa ngraosaken adeging kamulyanipun Gusti Allah. Wonten ing waosan ingkang kaping kalih, kita pirsani kanthi cetha panyerat serat Ibrani miwiti pirembaganipun kanthi mratélakaken kados pundi Gusti Allah mbabar kamulyan kanggé jagad. Ing jaman sadèrèngipun Gusti Yésus, kamulyanipun Gusti limrahipun maujud lumantar pamedhar wangsitipun para nabi. Ing jamanipun Gusti Yésus, inggih Gusti Yésus punika gambaran kamulyanipun Gusti Allah. Pramila saged kapangandikakaken bilih Gusti Yésus punika kamulyaning Allah. Wiwit saking miyosipun dalah sedaya pakaryanipun ing jagad punika, kamulyaning Allah kebabar.

Gusti Yésus, Sang Manungsa Natal, miyos ing jagad punika minangka wujud nyata bilih Allah nggampilaken manungsa anggènipun ngraosaken kamulyaniIpun ing jagad. Kamulyanipun Allah ingkang ing sawetawis wekdal punika namung minangka wewayangan ingkang kangèlan kagayuh déning manungsa. Samangké sampun kanthi cetha kapirsanan, karaosaken malah ugi kelampahan ing tata kamanungsan lumantar rawuhipun Sang Manungsa Natal, Yésus Kristus Gusti kita.

Manungsa Natal minangka Sabdanipun Allah, sayektosipun sampun wonten sadèrèngipun jagad katitahaken (Yoh. 1:10). Sadangunipun punika masnungsa kanggèlan nggayuh Panjenenganipun. Nanging lumantar rawuhipun Allah ingkang karsa manjalma dados manungsa, Panjenenganipun dados saged kagayuh déning jagad amargi Panjenenganipun sugeng ing antawisipun jagad punika. Sanadyanta mekaten, émanipun jagad nampik Panjenenganipun. Limrahipun, panampik punika awit saking kalih pawadan. Sepisan, awit mboten tepang lan mboten mangertosi sintenta Panjenenganipun punika. Kalih, amargi mboten remen lan awit saking punika mboten kersa nampèni Panjenenganipun. Menawi kita migatosaken waosan kita, jagad nampik Manungsa Natal awit mboten tepang kaliyan Panjenenganipun (1:10b). Sayektosipun ketingal anèh! Karawuhanipun Manungsa Natal minangka wujud anggènipun Allah nggampilaken manungsa ningali lan ngraosaken kamulyanipun Allah, nanging kénging punapa manungsa (jagad) nampik Panjenenganipun ?

Miturut cathethanipun pak Barclay juru tafsir Kitab Suci, mbokbilih kita saged paham kénging punpa jagad nampik Panjenenganipun. Punika amargi kawontenan masyarakat ingkang nampèni Injil nalika semanten, inggih wonten ing pengaruh kelompok bidat ingkang nama *Gnostisisme*, ingkang pitados bab *Docètisme*. Punika salah satunggaling paham ingkang nélakaken bilih Gusti Allah punika mboten èstu-èstu manjalma dados manungsa. Yésus sang Manungsa Natal namung “saèmpèr” kémawon. Ngadhepi prekawis punika panyerat Injil Yohanes kanthi cetha nélakaken bilih Gusti Allah saèstu maujud tata kedaginganipun manungsa. Injil Yohanes 1:14a nyerat: “*Anadéné Sang Sabda wus dadi daging*”. “Daging” wonten ing teks Yunani kaserat kanthi tembung “*sarx*”. Punika nélakaken bilih Gusti Allah manjalma kanggé nggampilaken jagad ningali, tepang lan ngraosaken kamulyanipun. Saklajengipun ayat 1:14b nélakaken, “*lan aku wus padha nyawang kamulyané, iya iku kamulyan kang kaparingaké marang Panjenengané kang jumeneng Putrané ontang-anting Sang Rama.*” Kanthi mekaten, menawi jagad tetep nampik, punika mboten awit saking mboten tepang kaliyan Panjenenganipun utawi mboten mangertos, ananging amargi mila mboten sami remen utawi kanthi sengaja mboten purun nampèni Panjenenganipun.

Wangsul dhateng bab ingkang ngrancang prekawis Natal. Sedaya reroncèning/rangkaian Natal punika inisiatip lan prakarsanipun Gusti Allah piyambak. Manungsa namung pasip nampèni lan ngraosaken nikmatipun kémawon. Gusti Allah kersa rawuh ing kawontenan ingkang prasaja kanggé njangkung manungsa ingkang ringkih lan gesang prasaja. Awit saking prekawis punika, sampun sakmesthènipun menawi prekawis punika dados inspirasi tumrap kita kanggé nggadhahi inisiatip ingkang nuladha Gusti Allah. Inisiatip ingkang nggampilaken tiyang sanès ngalami lan ngraosaken adeging/eksistensi kamulyanipun Allah, inggih punika kanthi tata caraning gesang ingkang tansah karengga kaliyan katresnan lan kayektosan tumrap sedaya titahipun Gusti.

Kanthi mekaten, pawartos Natal mboten saderma pawartos kabingahan kanthi pésta mawurahan. Ananging satunggaling wujud nyata anggènipun Gusti Allah nggampilaken

manungsa kanggé ningali, ngalami lan ngraosaken adeging kamulyanipun Gusti Allah. Satemah kamulyan ingkang rikala rumiyin namung katampi minangka wewayangan kémawon, samangké lumantar kerawuhanipun Manungsa Natal, kamulyanipun Gusti Allah saged karengkuh lumantar paningal lan pangraosipun manungsa. Kamulyaning Manungsa Natal kanthi gampil karaosaken déning jagad lumantar pakaryan lan sugenging Panjenenganipun Gusti ingkang kebak sih rahmat lan kayektosan.

Minangka tiyang pitados, samangké kita mboten namung tinimbalan kanggé mbabar kabingahan awit nampèni pawartos natal ingkang mbingahaken. Samangké kita tinimbalan sesarengan samidéne nyunaraken kamulyaning Manungsa Natal ing satengahing gesang kita. Inggih punika lumantar tata cara gesang kita ingkang tansah mujudaken katresnan lan kayektosan kanggé jagad punika. Wonten ing bab punika, sumangga kita nyunaraken Kamulyanipun Manungsa Natal minangka kamulyanipun Allah pribadi.

Pungkasanipun, pawartos Natal inggih pawartos ingkang prasaja. Lumantar adeging Gusti Allah ingkang prasaja, pengajeng-ajeng bab kawilujengan tumrap manungsa badhé linangkung ketingal lan nyata. Amin.

[DY/WW]

KHOTBAH**Tutup Taun***Sabtu, 31 Désèmber 2022*

Waosan 1: 1 Raja-raja 3:5-14
 Tanggapan: Jabur Masmur 20
 Injil: Yohanes 8:12-19

**“Katuntun
 Déning
 Kawicaksanan”**

KHOTBAH JANGKEP**“Katuntun Déning Kawicaksanan”**

Para sadhèrèk lan anak-anakku kabèh,

Kathah gegambaran kanggé nggambaraken lelampahaning gesangipun manungsa. Salah setunggaling conto, gesangipun manungsa saged dipun gambaraken kadosdéné tiyang ingkang nembé maos buku. Kanggé mangertosi reroncèning cariyos, tiyang badhé njingglengi buku kasebat maos selemba mbaka selemba. Urut saking kaca paling ngajeng dumugi pungkasan. Nanging mboten sekedhik tiyang ingkang mboten sabaran menawi maos buku. Nembé kémawon rampung maos kaca setunggal, sampun mlumpat dhateng kaca gangsal lan mlumpat-mlumpat malih dimèn énggal rampung. Patrap mboten sabaran ingkang kados makaten, ndadosaken tiyang wau mboten saged mangertosi cariyos utawi isi péranganing buku ingkang kedahipun dipun waca. Gesang kita bebasan maos buku, kita mboten mangertos punapa isining lembaran salajengipun, menawi kita kèndel anggèn kita maos. Tiyang-tiyang ingkang nglompati lembaraning gesang inggih punika tiyang ingkang mboten sumadya tampi kaunggulan ing salebeting gesangipun. Tiyang punika sampun kawon kaliyan péranganing gesang ingkang kedahipun dipun lampahi.

Wonten ing pungkasaning tahun 2022 punika, kita saged umpamèkaken kadosdéné tiyang-tiyang ingkang sampun maos lembaran-lembaraning waosan kita. Menawi sadinten dipun

umpamekaken kadosdéné setunggal lembar buku ingkang kita waos, punika tegesipun kita sampun ngraosaken nikmating waosan kita kathahipun 365 lembar. Pangajeng-ajeng kita, inggih punika kita sadaya mboten kepingin nglompati lembaraning waosan gesang kita. Sabab kita mboten mangertos punapa isining lembaran waosaning gesang kita salajengipun. Ing ngriki kita mbetahaken kayektosaning batos. Jalaran, kita mboten mangertos punapa ingkang badhé kedadosan ing mangsa mangajeng, inggih punika ing lembaraning gesang kita. Kayektosan ing salebeting batos ingkang njalari kita tetep saged nglampahi gesang ing sadhéngah kawontenan. Langkung-langkung menawi kita gadhah kawicaksananipun Gusti ing salebeting gesang kita, tamtu kita sangsaya tatag lan tanggon anggèn kita nglampahi gesang punika.

Para sadhèrèk lan anak-anakku kabèh,

Prabu Suléman jumeneng nata ing Karajan Israèl nggentosi Prabu Dawud, kang ramanipun. Prabu Suléman punika putranipun Dawud, miyos saking Betsyeba, tilas èstrinipun Uria, tiyang Hèt. Sasampunipun jumeneng nata ing Karajan Israèl, Prabu Suléman dados putra mantunipun Prabu Pringon, Ratu ing Mesir. Sinaosa makaten, Prabu Suléman taksih nedahaken sih susetyanipun dhateng Sang Yéhuwah kanthi patrap gesang manut pranatanipun Sang Yéhuwah. Ing salah setunggaling dinten, Prabu Suléman tindak dhateng Gibéon saprelu badhé atur pisungsung kurban, awit Gibéon mujudaken tetengger pangurbanan ingkang paling ageng piyambak. Ing misbyah Gibéon punika, Prabu Suléman atur pisungsung kurban obaran cacahipun sèwu. Wonten ing Gibéon punika Sang Yéhuwah ngatingal dhateng Prabu Suléman lan ngandika: “Nyuwuna apa kang bakal Sunparingaké marang sira.”

Wekdal ingkang saé ingkang dipun paringaken déning Gusti Allah punika, mboten dipun lirwakaken déning Prabu Suléman. Panjenenganipun ngrumaosi bilih tanggel jawab kanggé mimpin bangsa ingkang ageng, kados bangsa Israèl punika, mboten ènthèng. Panjenenganipun ugi ngrumaosi, bilih dèrèng mangertos menapa ingkang badhé kadadosan ing mangsa mangajeng ing pamarintahanipun. Raos-pangraos ingkang kados

makaten ingkang ndandosaken Prabu Suléman ngaturaken panyuwunan wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang bobotipun langkung ageng. Prabu Suléman mboten nyuwun panguwaos ingkang lami, kados para ratu utawi panguwaos salimrahipun ingkang kepingin gadhah panguwaos salamilaminipun. Prabu Suléman ugi mboten nyuwun supados wewengkon panguwaosipun dipun wiyaraken, supados panguwaos lan pangaribawanipun ugi tambah wiyar. Prabu Suléman mboten nyuwun kasugihan, kados ingkang limrah dipun lampahi déning para panguwaos ingkang klèntu ngginakaken panguwaosipun kanggé kauntungan pribadi, kulawarga lan kelompokipun.

Wonten ing ngarsanipun Gusti Allah, Prabu Suléman munjuk atur “Paduka ingkang sampun ngatingalaken sih-kadarman ingkang ageng dhumateng abdi Paduka Rama Dawud, rama kawula, amargi sugengipun wonten ing ngarsa Paduka kalayan setya, leres lan jujur dhumateng Paduka; sarta Paduka sampun nglestantunaken sih-kadarman ingkang ageng punika dhumateng rama, Paduka paringi tedhak turun ingkang linggih ing dhamparipun kados ingkang kalampahan ing dinten punika. Milanipun sapunika, dhuh Yéhuwah, Gusti Allah kawula, Paduka ingkang njumenengaken abdi Paduka punika dados ratu nggentosi Rama Dawud, rama kawula, sanadyan kawula taksih anèm sanget lan dèrèng gadhah pengalaman. Inggih kados makaten punika abdi Paduka wonten ing satengahing umat Paduka ingkang Paduka pilih, satunggaling umat ingkang ageng, ingkang cacahipun mboten kenging kaétang sarta mboten kenging kakinten-kinten. Milanipun Paduka mugi karsaa maringi dhumateng abdi Paduka manah ingkang saged nenimbang prakawis supados saged ngakimi umat Paduka kalayan saged mbédakaken punapa ingkang saé lan punapa ingkang awon, awit sinten ta ingkang sagah ngakimi umat Paduka ingkang ageng sanget punika?”

Para sedhèrèk lan anak-anakku kabèh,

Punapa ingkang dados panyuwunanipun Prabu Suléman punika, dipun pirsani saé ing Paningalipun Gusti Allah. Mila Gusti Allah kepareng njurungi punapa ingkang dados

panyuwunanipun Prabu Suléman. Gusti Allah karsa paring manah ingkang kebak ing kawicaksanan lan pangertosan, satemah Prabu Suléman dados ratu ingkang saèstu wicaksana. Gusti Allah ugi paring tambah ingkang berkah dhateng Prabu Suléman, inggih punika kasugihan lan kaurmatan. Gusti Allah paring prasetya, menawi Prabu Suléman tetep setya tuhu dhateng Panjenenganipun, kados ingkang sampun dipun lampahi déning Prabu Dawud, kang ramanipun, Prabu Suléman ugi badhé dipun paringi yuswa panjang.

Netepaken pilihan ing satengahing kawontenan ing pundi kita dèrèng mangertos menapa ingkang badhé kadadosan ing mangsa ngajeng, punika salah setunggaling prekawis ingkang mboten gampang. Liripun, wonten resiko ingkang kedah kita adhepi nalikanipun kita damel pilihan. Prabu Suléman milih supados Gusti Allah kersa paring kawicaksanan ing salebeting batos, awit panjenenganipun pitados, bilih lumantar kawicaksananipun Gusti Allah, panjenenganipun saged dados pangarsaning bangsa ingkang saé, adil lan wicaksana.

Pitakènan kita samangké, inggih punika; Tembung “wicaksana” tegesipun punapa ta?

Wonten ing basa Ibrani, tembung wicaksana kasebat: *hokmah* utawi *chakam*. Wonten ing basa Yunani, tembung wicaksana ngginakaken tembung *shopia*. Dadosa wonten ing basa Ibrani punapadéné basa Yunani, tembung wicaksana tegesipun : ngginakaken kanthi tanggel jawab.

Wonten ngarsanipun Gusti Allah, prabu Suléman nyuwun kawicaksanan saking Gusti. Awit panjenenganipun ngrumaosi, bilih dados pangarsaning bangsa ingkang ageng punika mboten gampang. Menapa malih Prabu Suléman taksih timur, dèrèng kathah pengalamani. Nanging, kanthi kawicaksanan peparangipun Gusti, Prabu Suléman yakin, bilih ing tembénipun, saged sinau saking pengalaman-pengalaman gesangipun nuju dhateng kasaenan lan kadiwasanipun, ingkang tamtunipun munpangati kanggé nindakaken tanggel jawabipun minangka ratu ing Karajan Isarèl.

Morris Raphaël Cohen mratélakaken, bilih kawicaksanan punika mboten saged kagayuh lumantar seratan ing buku. Ananging pinanganipun saged kapethik saking

pengalaman-pengalaman gesangipun manungsa ing saben dintenipun. Tumrapipun tiyang Indonesia, mirungganipun tiyang Jawi, punapa ingkang dipun andharaken déning Morris Raphaël Cohen punika asring kasebat “ilmu titèn”. Ilmu titèn punika, inggih punika salah satunggaling kapinteran utawi kabisan, ing pundi tiyang saged ningali bab-bab ingkang mirunggan kanthi taliti lan premana lajeng katimbang-timbang kanthi penggalihan ingkang lebet lan wening, satemah saged mbédakaken pundi ingkang saé lan pundi ingkang awon kanthi tanggel jawab.

Para sedhèrèk lan anak-anakku kabèh,

Dinten punika kita sampun ngancik ing pungkasaning tahun 2022. Kados ingkang sampun kaaturaken ing ngajeng, gesang punika bebasan maos buku. Kita mboten mangertos punapa ingkang badhé kita waos ing kaca-kaca candhakipun. Kita mboten mangertos punapa ingkang badhé kedadosan ing wekdal-wekdal ngajeng. Ing ngriki kita mbetahekan kawicaksanan ingkang saged nuntun kita dhateng gesang ingkang langkung saé kanthi tanggel jawab. Gesang kanthi tanggel jawab tegesipun; menawi kita manggihaken lembaran-lembaraning gesang ingkang bingahaken, sukses, kasil lan unggul, kita saged ngginakaken kesuksesan lan kaunggulan kita punika kanthi tanggel jawab. Caranipun kanthi tetep lembah manah, andhap asor utawi mboten kumalungkung. Tiyang ingkang wicaksana, tamtu saged nyingkiri sedaya pratingkah awon, kadosta; kumalungkung, gumunggung, lan rumaos paling bener lan pinter piyambak.

Kosokwangsulipun, menawi kita manggihaken lembaran-lembaraning gesang ingkang damel kita sisah, damel mangu-mangu, lan kécalan enering gesang, kita tetep mbetahaken kawicaksanan. Awit inggih kawicaksanan punika ingkang badhé nuntun kita ngambah margining gesang, satemah ing sauruting lampah gesang kita, kita mboten gloyoran. Kawicaksanan ugi paring panglipuran lan kekiyatan, satemah kita tansah gadhah pangajeng-ajeng. Kawicaksanan nuntun saben tiyang saged ngraosaken panganthinipun Gusti nalikanipun maos bukuning gesang. Ing ngriki kita saged ngènget-ènget PEPUJÈN saking Kidung Jemaat 322:1 KEKUATAN SERTA PENGHIBURAN: “Kekuatan serta penghiburan diberikan Tuhan padaku. Tiap hari

aku dibimbing-Nya; tiap jam dihibur hatiku. Dan sesuai dengan hikmat Tuhan ‘ku dib’rikan apa yang prelu. Suka dan derita bergantian memperkuat imanku.”

Para sedhèrèk lan anak-anakku kabèh,

PEPUJÈN ingkang éndah punika karipta déning Carolina Sandell. Supados kita langkung pana kaliyan PEPUJÈN punika, mboten wonten awonipun menawi kita mangertosi langkung rumiyin pengalaman gesangipun Carolina Sandell. Cariyosipun makaten: Nalikanipun Carolina Sandell taksih alit, badanipun ringkih sanget. Saking ringkihipun, piyambakipun asring wonten papan pasinaonipun kang ramanipun, déné kanca-kancanipun sami dolanan wonten njawi. Nalikanipun umur 12 tahun, Carolina Sandell lumpuh, mila namung saged tileman kémawon wonten dhipan. Para dhokter sampun angkat asta, nyerah, mboten kwawi nyarasaken piyambakipun. Nanging tiyang sepuhipun, lan Carolina piyambak, pitados bilih Gusti Allah kuwaos mulihaken kasarasanipun.

Mila tiyang sepuhipun lan Carolina piyambak, tansah dedonga kanthi tegen lan tumemen. Salah setunggaling wekdal, pinuju kulawarganipun sami dhateng greja, Carolina maos Kitab Suci ingkang nyariyosaken bab Gusti Yésus ingkang nangèkaken putra èstrinipun Yairus. Sasampunipun maos cariyos punika, Carolina pitados bilih ngantos dumugi wekdal sapunika, Gusti Yésus taksih kagungan panguwaos yasa pratandha (mukjijat). Mila Carolina lajeng dedonga kanthi tumemen lan kebak ing kapitadosan. Sanalika Carolina dipun kebaki ing raos suka bingah ingkang ageng sanget, lajeng mak nyat, gumrégah tangi saking papan patilemanipun, gantos rasukan, lajeng bidhal dhateng Greja.

Saking pengalamanipun ingkang ngédab-édabi punika, kapitadosanipun Carolina dhateng Gusti Yésus sangsaya ngrembaka. Piyambakipun langkung tresna asih dhateng Gusti Yésus, lan tansah ngucap sokur awit kanugrahanipun Gusti Allah ingkang ageng ing gesangipun. Pengalaman gesang ingkang kados makaten, ingkang ing tembénipun damel Carolina ngalami kaunggulan-kaunggulan sanèsipun ing sauruting gesangipun, nalikanipun ngadhepi kasisahan lan kasangsaran. Salah

setunggaling kedadosan ingkang paling awrat dipun adhepi déning Carolina, inggih punika, kecalan tiyang ingkang sanget dipun tresnani kanthi jalaran ingkang pun wastani nggegirisi, nalikanipun taksih umur 26 tahun. Kang ramanipun seda, nalika prau ingkang dipun tumpangi kerem ing tlaa Vattern. PEPUJÈN “KEKUATAN SERTA PEGHIBURAN” dados kekiyatan kanggé ngantebaken dhirinipun kanggé tetep lelados kanthi kebak kaunggulan ngantos puluhan tahun, sasampunipun kedadosan ingkang nggegirisi wau. *“Sesuai dengan hikmat Tuhan, ‘ku diberikan apa yang prelu, suka dan duka bergantian, memperkuat imanku.”*

Para sadhèrèk lan anak-anakku kabèh,

Kapitadosan dhateng Gusti Yésus mujudaken etuking kawicaksanan kita. Panjenenganipun punika Pepadhamg ingkang nyunaraken kawicaksanan lan kaluhuranipun Gusti Allah. Perkawis ingkang kados makaten ingkang sampun sakmestininipun kita antebi. Paring Pangandikanipun Gusti Yésus makaten; “Aku iki pepadhang ing jagad; sing sapa ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduweni padhang ing urip.” (Yoh. 8:12).

Ing pungkasaning tahun 2022 punika, sumangga kita ngentebaken dhiri maos bukuning gesang kita sesarengan kaliyan Gusti Yésus, Sang Pepadhang ing jagad, etuking kawicaksanan. Sumangga kita ngraosaken pepadhangipun Gusti, ingkang tansah nganthi kita nuju dhateng kawicaksanan. Menawi ing wekdal-wekdal kepengker Gusti Allah sampun kersa nganthi kanthi kawicaksananipun, kita sedaya pitados, bilih ing wekdal-wekdal mangajeng, inggih wekdal ingkang badhé kita lebeti, Gusti Allah ingkang tan éwah gingsir badhé tansah nganthi lumantar kawicaksanipun ugi. Amin.

Sumber: [http://www.majalahpraise.com/day-by-day-\(kekuatan-serta-penghiburan\)-\(carolina-wilhelmina-sandell,-1832-1903\)-526.html](http://www.majalahpraise.com/day-by-day-(kekuatan-serta-penghiburan)-(carolina-wilhelmina-sandell,-1832-1903)-526.html)

KHOTBAH**Warsa Anyar***Minggu, 1 Januari 2023*

Waosan 1: Pengkhotbah 3:1-13
 Tanggapan: Jabur Masmur 8
 Waosan 2: Wahyu 21:1-6
 Injil: Matius 25:31-46

**“Wekdal:
 Pangajeng-
 ajeng lan
 Makarya”**

KHOTBAH JANGKEP**“Wekdal: Pangajeng-ajeng lan Makarya”**

(Sadèrèngipun khotbah, fragmen cekak tiyang ingkang bikak cendhela lan jejogedan methukaken dinten kairingan tembang “Selamat Pagi” saking RAN²)

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus Kristus,

Punapa wonten ing antawisipun bapak, ibu lan para sadhèrèk ingkang saben énjing gadhah padatan mbikak cendhéla kamar, utawi cendhéla sanèsipun ingkang wonten ing griya? Menawi wonten, kados pundi raosing manah panjenengan nalika bikak cendhéla lajeng ningali sesawangan ingkang wonten ing sakjawining cendhéla? Mbok bilih wonten sadhèrèk ingkang raosipun namung biasa-biasa kémawon, utawi limrah-lmrah kémawon, mbok bilih wonten ingkang kaéraman, wonten ingkang kebak pangucap sokur lan sapiturutipun.

Saben-saben kita mbikak cendhéla, kita badhé dipun aben-ajengaken kaliyan sesawangan ingkang béda-béda, ingkang setunggal lan sanèsipun dèrèng tamtu njanjekaken kaéndahan. Kala mangsanipun kita namung nyawang suket ingkang thukul ing patamanan. Kala mangsanipun kita nyawang iwak koi ingkang

² <https://www.youtube.com/watch?v=deBiwMbANlQ> atau <https://www.youtube.com/watch?v=vggbru9g23g>

éndah lan manéka warni lelumban ing kolam. Nanging kala mangsanipun kita namung saged nyawang tembok griyanipun tanggi kita ingkang sampun lumuden, jalaran cendhéla kita mepet sanget kaliyan tembokipun tanggi. Puji Gusti, menawi sesawangan ingkang kita tingali katon éndah. Ing ngriki kita saged ngucap sokur dhumateng Gusti ingkang sampun paring kaéndahan. Nanging menawi sesawangan ingkang kita tingali saking cendhéla namung biasa-biasa kémawon, malah kepara awon, punapa kita taksih saged ngucap sokur dhateng Gusti. Kados pundi bapak, ibu lan para sadhèrèk sadaya?

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus Kristus,

Gegambaran tiyang mbikak cendhéla, saged kita dadosaken piwucal saé anggèn kita badhé nglampahi gesang ing warsa anyar 2023. Saben-saben kita mbikak cendhéla ing wanci énjing, punika dados pralambang bilih kita sampun cumadhang badhé mbikak manah kanggé methukaken dinten peparangipun Gusti ingkang mirunggan. Kita kedah emut, bilih nalikanipun kita mbikak manah kanggé methukaken dinten anyar, kita kedah cumadhang nampi pengalaman-pengalaman ingkang manéka warni, ingkang sadayanipun pinangkanipun saking Gusti. Dadosa punika pengalaman ingkang ndhatengaken kabingahan, punapa déné pengalaman ingkang ndhatengaken kasisahan. Punapa kémawon wujud ingkang kita tampeni saking Gusti, punika mujudaken wewengan ingkang kedah kita lampahi kanthi tanggel jawab.

Prekawis punika kados ingkang kaserat ing Kitab Kohélét 3:1-13, ingkang isinipun bab pangatak supados saben tiyang saged ngginakaken wekdal gesangipun kanthi sae. Sang Kohélét paring pémut, bilih gesang punika namung cekak. Mila saking punika saben tiyang kedah nggadhahi kawicaksanan ingkang mirunggan, supados saged ngginakaken wekdal gesangipun kanthi saé lan budidaya nggayuh gesang ingkang langkung saé malih, sarana makarya kanthi tumemen. Nalikanipun tiyang dipun aben-ajengaken kaliyan kegagalan, pepalang, lan kacumpènan, ing ngriki tiyang kaatak supados tetep gadhah kapitadosan dhateng Gusti Allah, bilih Gusti Allah punika Etuking pitulungan kita.

Kapitadosan ingkang kados makaten, ndadosaken lampahing gesang kita dados katon éndah, cundhuk kaliyan rancanganipun Gusti Allah. Gusti Allah punika ingkang kagungan gesang. Panjenenganipun sampun kagungan rancangan ingkang agung tumrap gesangipun manungsa lan titah sadaya. Kula sadaya katimbangan supados nglampahi gesang ing salebeting rancanganipun Gusti ingkang agung punika.

Kapitadosan dhateng panguwaos lan pakaryanipun Gusti Allah ingkang tansah ngrimati kita, ndadosaken kita tansah ngucap sokur dhateng Gusti Allah ing sadhéngah kawontenan. Kados paseksinipun Sang Juru Masmur ing Kitab Masmur 8. Ing ngriki Sang Juru Masmur paring paseksi, kadospundi luhuripun lan mulyanipun Gusti ing salumahing bumi. Gusti Allah ingkang mahamulya minangka landhesan anggènipun Sang Juru Masmur ngluhuraken Gusti Allah. Menawi anggèn kita nglampahi gesang punika ugi kalandhesaken dhateng kaluhuranipun Gusti Allah, punapa kémawon ingkang kita lampahi, sadaya punika ugi badhé kagem kaluhuranipun Gusti.

Kawontenanipun manungsa ingkang alit, sèkèng lan ringkih, sampun kaparingan kamulyanipun Gusti Allah lan pinaringan drajat ingkang mulya, inggih salah satunggaling drajat minangka kaurmatan ingkang saèmper kaliyan Gusti Allah. Drajat ingkang mulya saking Gusti Allah punika, minangka wujud tanggel jawab kita kanggé manungsakaken manungsa sanèsipun (nguwongaké uwong). Menika minangka sarana kanggé ngluhuraken Gusti Allah.

Wujuding tanggel jawab kanggé manungsakaken manungsa sanèsipun (nguwongaké uwong) ugi dados dhawuh ingkang dipun paringaken Gusti Yésus dhateng para sakabatipun, wonten ing Injil Matius 25:31-46. Ayat punika mujudaken piwucalipun Gusti Yésus bab wekasaning jaman.

Ing ngriki Gusti Yésus badhé ngleresaken pemanggihipun tiyang Yahudi ing bab sesami, ingkang anggepanipun, ingkang sinebut sesami punika namung winates sami-sami tiyang Yahudi kémawon. Gusti Yésus paring pangandika bilih ingkang sinebut sesami, inggih punika sedaya tiyang ingkang dipun panggihi ing gesangipun, mirungganipun tiyang-tiyang ingkang mbetahaken pitulungan. Ing ngriki Gusti Yésus paring seserepan ingkang

éndah bab makna lan jatining paladosan. Bilih patrap gesang saé punapa kémawon ingkang dipun lampahi déning manungsa dhateng sesaminipun, punika sampun mujudaken paladosan ingkang katujokaken kagem Gusti.

Dhawuh timbalanipun Gusti dhateng para sakabat, ugi dados dhawuh timbalan kanggé kita sedaya, supados nindakaken kasaenan kanggé tiyang-tiyang ingkang kesrakat, tiyang keluwèn, ngelak, mboten gadhah pamondhokan, ngrimati tiyang sakit saha nuwèni tiyang ingkang saweg kinunjara.

Wonten ing wekdal éwah-éwahan saking mangsa pandemi nuju dhateng èndhemi lan ing satengahing masyarakat ingkang individualistis (mentingaken dhiri pribadi), kita sadaya katimbangan supados nggadhahi raos pangraos kanggé tetulung lan saged manungsakaken manungsa sanèsipun (nguwongaké-uwong). Olah katresnan ingkang kita tindakaken punika saged nuwuhaken pangajeng-ajengipun para sedhèrèk kita ingkang sampun kécalan pangajeng-ajeng murih saged ngraosakan sih pangrimatipun Gusti.

Tiyang pitados kabereg supados nggadhahi krenteg kanggé ndhatengaken panggesangan ingkang langkung saé, wonten salebeting pambudidayanipun kanggé mulihaken sadaya titahipun Gusti. Kanthi makaten, gegambaran langit anyar lan bumi anyar, kados ingkang kaserat ing Kitab Wahyu 21:1-6, mboten namung dados pangajeng-ajeng ingkang asipat utopia (angel kawujudaken). Nanging mujudaken pangajeng-ajeng ingkang sampun kanyatakaken déning Gusti Allah kala rumiyin lan taksih dipun lajengaken déning manungsa ngantos Gusti Yésus rawuh malih ing jagad punika. Manungsa makarya sesarengan kaliyan Gusti Allah kanggé ndhatengaken kawontenaning gesang ingkang langkung saé malih.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Gusti Yésus Kristus,

Supados kita saged nglampahi warsa 2023 kanthi saé, tatag lan tanggon, kita mbetahaken tekad kadosdéné tiyang ingkang bikak cendhéla ing saben wanci énjing. Nalikanipun kita mbikak lan ningali menapa kémawon ingkang wonten ing sakjawining cendhéla, kita katimbangan supados saged ngrumaosi bilih wekdal

gesang punika mujudaken wekdal utawi wewengan peparingipun Gusti ingkang kedah kita ginakaken kanthi sae. Raos-pangraos bilih wekdal minangka wewengan, ndadosaken saben tiyang nggadhahi pangajeng-ajeng, bilih Gusti Allah tansah nganthi lan ngamping-ampingi ing sauruting gesangipun. Kanthi makaten, saben tiyang gadhah krenteg anggènipun makarya kanggé nindakaken kabecikan kagem kaluhuranipun Gusti.

Sumangga kita ngladosi Gusti Allah kanthi mbabar katresnan dhateng sesami, tanpa mawang sinten ingkang kita tresnani. Awit, olah katresnan ingkang kita tindakaken sesarengan punika, minangka péranganing pambudidaya kita kanggé ndhatengaken langit anyar lan bumi anyar tumrap sadaya titah. Amin.

[ES-SBH]

KHOTBAH**Épifani***Jumat, 6 Januari 2023*

Bacaan 1: Yésaya 60:1-6
 Tanggapan: Masmur 72:1-7, 10-14
 Bacaan 2: Èfesus 3:1-12
 Injil: Matius 2:1-12

**“Sang Padhang
 Tumrap Sadaya
 Bangsa”**

KHOTBAH JANGKEP**“Sang Padhang Tumrap Sadaya Bangsa”**

Pasamuwan ingkang kinasih, wonten satunggaling cariyos ingkang prasaja nanging narik kawigatosan lan saged njalari kita sinau ing bab wigatining sesambetan. Ing sawijining dinten, wonten satunggaling ibu ingkang nanggapi uleman pepanggihan ibu-ibu PKK kanggé mahargya Tanggap Warsa RI ing tanggal 16 Agustus 2022. Uleman kasebat sipatipun binuka katujokaken dhateng sadaya warganing RT kasebat. Wonten satunggaling ibu, namipun bu Ayu nanggapi uleman kasebat kanthi mratélakaken bilih piyambakipun mboten saged ndhatengi acara punika karana ing dinten punika ugi sémahipunipun badhé dipun oprasi. Ringkesing cariyos, piyambakipun nyuwun ngapunten lan pamit mboten saged ndhatengi. mboten antawis dangu piyambakipun nampi WA ingkang asalipun saking nomer ingkang dèrèng dipun simpen. WA kasebat saking satunggaling ibu ingkang dados tangginipun. WA kasebat nyerat, “Bu, bapak badhé oprasi nggih? Mugi-mugi oprasinipun lancar. Kula sadaya nyengkuyung ing pandonga.” Anèhipun, maos WA pribadi punika, Bu Ayu kagèt. Kénging punapa? Amargi sasampunipun maos WA, kathah pesen WA sanèsipun saking tanggi tepalihipun. Pranyata si ibu tangginipun punika ingkang ajeg kintun pesen pribadi dhateng Bu Ayu nalika piyambakipun mangretos bilih satunggaling warga brayatipun bu Ayu sakit. Bu Ayu nembé cetha bilih wiwit nalika anak-anakipun sakit sawatawis wekdal, tangginipun kerep kintun

WA pribadi ingkang isi panyemangat. Satunggaling pesen pribadi dhateng Bu Ayu, njalari piyambakipun sumerep bilih tangginipun kasebat nélakaken kawigaten dhateng piyambakipun. Sadaya punika pinangka kasaénan ingkang limrah ingkang kadhangkala mboten ketingal semuwa nanging saged adamel kasaénan ing manahipun tiyang nalika tiyang kasebat saweg ketaman sayah lan sedhih, kados ingkang dipun raosaken déning Bu Ayu.

Punapa bapak, ibu, lan para sadhèrèk naté ngraosaken bab ingkang béda saking cariyos kasebat? Cariyos ingkang adamel éwah-éwahan ageng ing manah, ingkang wiwitanipun sedhih dados semangat awit kasaénanipun tiyang sanès ingkang mboten naté kita kinten. Kasaénan kasebat nyami rupi kaliyan punapa ingkang dipun tampèni déning Rasul Paulus ingkang ngalami pamratobat amargi piyambakipun nampi katresnanipun Allah. Ing salebeting kasaénanipun Gusti Allah ingkang sampun ngéwahi piyambakipun, Rasul Paulus mratélakaken bilih kathah sanget bab ingkang éndah ingkang pinangkanipun saking tiyang-tiyang sanjawining bangsa Yahudi (serat Èfes 3:1-12). Andharanipun Rasul Paulus wonten ing serat punika ngagengaken manahipun para ingkang sami mirengaken. Rasul Paulus ngandharaken bilih piyambakipun pinangka tiyang ingkang paling asor sampun dipun wilujengaken, lan adhedhasar punika piyambakipun ngundhangaken Injil dhateng tiyang-tiyang ing sanjawining bangsa Yahudi. Gusti Allah sampun manjalma manungsa, rawuh mbikak margi supados sadaya umat manungsa sami sowan ing ngarsanipun Gusti kanthi kekendelan lumantar kayektènaning Injil. Saèstu sadaya punika minangka pawartos ingkang katindakaken ing salebeting kasaénan dhateng sesamining manungsa. Sarana makaten pawartos Allah ingkang manjalma manungsa mboten namung dipun darbèni déning bangsa Yahudi kémawon, nanging sejatinipun gadhahanipun sadaya tiyang ingkang purun mirengaken lan pitados bilih piyambakipun dipun tresnani déning Gusti Allah. Katresnanipun Allah wonten ing seratan Masmur ingkang kita waos ing dinten punika ginambar pindha geguritan: katresnanipun Allah tebihipun kados saking wétan dumugi kilèn, kadosdéné bapa ingkang tansah nresnani para anaki-Pun. Kasaénanipun Gusti

Allah kados pepadhang tumrap jagad lan umat manungsa ingkang sami nyumerepi Panjenenganipun.

Kasaénanipun Gusti Allah ugi ingkang mbekta para Majus katuntun déning lintang tumuju dhateng Bètlehèm. Ing sawarnining pambengan lan bebaya ingkang dipun adhepi, tundhonipun saged dumugi ing panggènan ingkang dipun upadi, pinanggih Sang Padhang sejati, ingkang sadèrèngipun katuntun lan ingayoman saking rancangan wengis Herodès punapadéné wangsulipun dhateng negarinipun kanthi wilujeng. Kasaénanipun Allah punika Sang Padhang ingkang nyunari manah lan margi ingkang dipun ambah para Majus. Para tiyang Majus kasebat pinangkanipun saking sanjawining bangsa Yahudi, ananging malah tiyang-tiyang kasebat ingkang sepisanan ingkang sowan manembah dhumateng Gusti Yésus ingkang dipun pitados minangka Ratu, satunggaling ratu ingkang sejatinipun dèrèng naté sami dipun tepangi. Nanging karana sang padhang lintang kasebat ketinggal béda, para tiyang kasebat pitados bilih satunggaling ratu ingkang badhé dipun panggihi punika mboten sabaènipun ratu. Panjenenganipun punika Ratu ingkang pantes sinembah. Sanadyan Sang Ratu taksih timur, kapitadosan lan tekadipun sampun golong gilig badhé manembah lan caos pakurmatan. Saking sadaya punika sejatinipun sampun cetha, bilih Gusti Allah ingkang dados manungsa wonten ing sarira Gusti Yésus punika Sang Padhang ingkang nyunari jagad sarana kasaénani-Pun tumrap sadaya manungsa.

Sang Padhang sapunika ugi ingkang tansah nimbali kita nyunaraken kasaénani-Pun dhateng sok-sintena, lumantar saben prakawis ingkang prasaja ing gesang kita. Sampun ngantos pepes kanggé nyunaraken padhanging kasaénan, sanadyan namung alit kémawon! Menawi sedaya punika katindakaken kanthi manah ingkang tinarbuka lan ngener dhateng Sang Sumber Pepadhang, padhanging kasaénan kasebat badhé nuntun tiyang sanès ngraosaken pepanggihan kaliyan Sang Kristus. Gusti, Sang Padhang, mugi mitulungi kita sadaya! Amin.

[KHS/TK]

KHOTBAH
Minggu Pambaptisan Yésus
Minggu, 8 Januari 2023

Bacaan 1: Yésaya 42:1-9
 Tanggapan: Masmur 29
 Bacaan 2: Kisah Para Rasul
 10:34-43
 Injil: Matius 3:13-17

**“Dados pribadi
 ingkang
 karenan ing
 ngarsanipun
 Gusti”**

KHOTBAH JANGKEP

**“Dados pribadi ingkang karenan ing ngarsanipun
 Gusti”**

Pasamuwan ingkang kinasih, sinten ing antawis kita ingkang naté gadhah pengalaman *dièt*? Mbok menawi kita kedah *dièt* karana bobot ing badan sangsaya mindhak utawi satunggaling sesakit ingkang kita tampèni. Kadospundi alesanipun, kita ingkang nembé nglampahi *dièt* ateges kita nembé sinau ngéwahi pakulinan menggahing sikep ing bab tetedhan punapadéné tata gesang ing padintenan. Umpaminipun wiwit nggantos karbohidrat ingkang sadangunipun punika nganggé sekul, dipun gantos sarana kenthang godhog, *oat meal* utawi roti gandum. Ing wiwitan, ingkang naté ngalami, maesthi karaos angèl. Kénging punapa? Awit sampun wonten pakulinan ing bab tata gesang lan tata tetedhan ingkang sampun katanem matauntaun bilih nedha raosipun dèrèng wareg menawi dèrèng nedha sekul. Nanging, sanadyan makaten, pambudidaya ingkang dipun sarengi kaliyan sedy a ingkang kiyat amargi sadhar bilih ngéwahi pakulinan nedha lan pakulinan tata gesang dados wigati kanggé kasarasan ing mangsa ingkang panjang, pramila sedyaning manah wau mesthi tetep katindakaken, sanadyan ta mboten gampil!

Nyalin pakulinan tata gesang lan tetedhan lumantar *dièt* kémawon pranyata mboten gampil, punapa malih menawi kita

nggambaraken kadospundi satunggaling tiyang kedah ngéwahi paugeman gesang sadangunipun punika, ingkang sampun kaanggep leres. Bab ingkang makaten punika ingkang kalampahan wonten ing gesangipun Rasul Pétrus, ingkang sadangunipun punika gesang ing salebeting kapitadosan bilih katresnanipun Allah namung kawartosaken kanggé bangsa Yahudi kémawon. Nanging lumantar tetinggalan saking Gusti Allah, tundhonipun Pétrus katuntun pepanggihan kaliyan Kornèlius lan brayatipun ingkang pitados dhumateng Allah. Para tiyang punika badhé mirengaken piwulangipun Pétrus ing bab Gusti Yésus.

Saking prakawis punika Pétrus ngalami satunggaling éwah-éwahan panyawangipun menggahing kadospundi Gusti Allah inggih kepranan dhateng tiyang-tiyang sanjawining bangsa Yahudi, inggih punika para tiyang ingkang sumadya mbangunturut lan pitados dhumateng Gusti Allah. Kornèlius nyariyosaken dhateng Pétrus bilih piyambakipun sampun ndedonga dhumateng Gusti Allah lan kadospundi Gusti Allah sampun midhangetaken kanthi ngutus Pétrus dhateng piyambakipun. Pungkasanipun Pétrus kanthi yakin mratélakaken dhateng Kornèlius bilih para tiyang ing sanjawining bangsa Yahudi ingkang kepranan ing ngarsanipun Allah dados tiyang pitados sauger sami tumemen nindakaken punapa ingkang dados karsanipun Allah. Sasampunipun punika, Pétrus wiwit memulang lan ngandharaken dhateng Kornèlius lan brayatipun ing bab Gusti Yésus, Putraning Allah ingkang séda sinalib kanggé milujengaken manungsa saking dosa. Gusti Yésus ingkang séda punika, ingkang wungu lan ngasta panguwaos kanggé mulangaken lan nyektosaken wunguni-Pun dhateng para sakabati-Pun. Déné Pétrus punika satunggaling seksi ingkang sumerep lan nyektosaken kaluhuranipun Putraning Allah. Awit saking punika, Gusti Yésus ndhawuhi supados Pétrus memulang lan martosaken sadaya wau dhateng sakathahing tiyang kalebet Kornèlius lan brayatipun.

Wonten ing Minggu punika kita mahargya lan mendhet maknaning Minggu Pambaptisan Gusti Yésus. Lumantar cariyos pambaptisanipun Gusti Yésus, kita sinau menggahing patuladhan ing bab kadospundi Gusti Yésus mbangunturut nindakaken

punapa ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah inggih punika: Gusti Yésus dipun baptis déning Yohanes Pambaptis. Panjenenganipun ingkang jumeneng Putraning Allah ingkang andhap asor lan sariranipun minangka manungsa tumedhak ing lèpèn Yordan ngrawuhi Yohanes Pambaptis. Ing wiwitanipun Yohanes Pambaptis matur bilih sejatinipun Yohanes ingkang dipun baptis déning Gusti Yésus. Nanging pangandikanipun Gusti Yésus, “Wis ta, cikbèn, amarga iya mangkono iku patuté Aku lan kowé padha netepi sakèhé kabeneran.” Pangandikanipun Gusti Yésus punika mratandhani bilih Panjenenganipun nampèni lan mbangunturut dhumateng Ramani-Pun. Gusti Yésus nglampahi pambaptisan wau mboten amargi Panjenenganipun tiyang dosa, ananging karana nindakaken punapa ingkang dados karsaning Ramanipun. Saking ngriki kita sumerep lan sinau bilih dhasar kanggé tiyang ingkang kepranan ing ngarsanipun Allah inggih punika mbangunturut nindakaken punapa ingkang dados karsanipun Allah. Kanthi lila legawa Gusti Yésus ingkang kedahipun nampèni pakurmatan saking Yohanes Pambaptis, nanging malah dados tiyang ingkang kabaptis.

Madeg dados pribadi ingkang karenan ing ngarsanipun Allah, punika purun kanthi lila legawa lan andhap asor dados pribadi ingkang ékhlas nindakaken éwah-éwahan lan sumadya sinau mbangunturut dhateng éwah-éwahan ingkang kinersakaken déning Gusti Allah. Ing saben dinten kita kedah sinau dados pribadi ingkang mbangunturut dhumateng Gusti Allah. Kanthi makaten kita dados pribadi ingkang karenan ing ngarsanipun Gusti Allah. Kadosa pundi kémawon tantangan lan kangèlan ingkang kita adhepi, Gusti Allah temtu maringi kakiyatan kanggé kita supados tetep setya mbangunturut dados pribadi ingkang karenan ing ngarsanipun Allah. Amin.

[KHS/TK]

BAHAN TATA PANGIBADAH

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing buku
menika prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

BAHAN LITURGI
Minggu Advèn kapisan
Minggu, 27 Nòvèmber 2022

Katrangan:

PS: Palados Sabda

PL: Palados Liturgi (saged
 déning pinisepuh/dhiaken
 utawi warga pasamuwan)

U: Umat

L: Lèktor

**Ngantu-antu
 kalayan
 Rumeksa
 miwah
 Gumrégah
 mBoten
 Tilem**

PACAWISAN

- Juru Musik ngungelaken lelagon tanpa nyanyian ingkang mbekta pasamuwan rumasuk ing pangibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pacawisan ngawontenaken wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(umat jumeneng)

PL: Satunggal lilin sampun dipun-sumet, mratandhani riyaya Mangsa Advèn kawiwitan. Sumangga kita caos sokur, amargi dinten menika kita dipun-parengaken malih lumebet ing Minggu Advèn kapisan ingkang ugi kita riyayakaken minangka taun anyar liturgi. Sumangga kita caos sokur sarta memuji rawuhipun Gusti wonten ing pangibadah kita tuwin wonten ing gesang kita saben dinten.

U: (ngidungaken KPJ 2:1, 3 “Allah Mahasuci”)

KPJ 2. ALLAH MAHASUCI

Do=G 4/4 6/4

- 1) Allah Maha suci, kula asung puji
 ing pangibadah puniki
 agung kamulyanta, ageng sih Paduka
 kang nitahken jagad raya.
 Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri
 ngreksa lan ngrimati.

- 3) Dhuh Allah Mamirah, sru adrenging manah,
kula sami nyadhong berkah.
Nggih sabda kang suci, sabdanipun Gusti,
kang paring gesang sejati.
Pinuji Roh Suci kang ngénggalken budi, nilar gesang lami.

VOTUM

PS: Ibadah Minggu Advèn kapisan menika kita purwakani
kanthi pangaken bilih:
Pitulungan kita menika wonten ing asamanipun Gusti
ing kang nitahaken langit, bumi, saha saisenipun sadaya,
sarta ing kang tetep setya netepi janji kawilujengan ing kang
sampun kaparingaken.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita,
tuwin saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing para sadhèrèk
(kita) sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA

(umat lenggah)

PL: Riyaya Minggu Advèn ngènetaken kita bilih kita saweg
wonten ing mangsa pangantu-antu rawuhipun Gusti.
Rawuhipun Gusti ing mangsa Natal saweg kita cawisaken,
makaten ugi rawuhipun Gusti malih ing kang mboten dipun
mangertosi wekdalipun.

Gesang kita sanès asipat ajeg kémawon. Ing saben kagiyatan
ing kang kelampahan, kita sinau ngantu-antu rawuhipun
Gusti kanthi gesang tansah rumeksa miwah gumrégah
mboten tilem.

U: (*ngidungaken KPJ 231:1, 2 "Kadospundi, Dhuh Gusti"*)

KPJ 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji mring Ratuning jagad
Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.

- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumulut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

PANGAKENING DOSA

PS: Kadosmenapa anggèn kita ngisèni kagiyataning gesang kita padintenan. Menapa kita ngèneti rawuh-Ipun Gusti ing gesang kita? Menapa kita midhanget karsan-Ipun Gusti nalika kita tangi tilem, nedha, nyambut damel, sinau miwah nindakaken marupi-rupi kagiyatan? Sumangga kita tuwèni manah kita kanthi ndedonga sacara pribadi.

(umat dipun-aturi ndedonga sacara pribadi, kairingan déning musik instrumèn – lelagon tanpa ukara – saking KPJ 242 “Rawuha Sang Imanuèl”)

U: (ngidungaken KPJ 242:1, 2 “Rawuha Sang Imanuèl”)
KPJ 242. RAWUHA SANG IMANUÈL

Do=G 2/4 MM 72

- 1) Rawuha Sang Imanuèl ngluwari umat Israèl,
dènnya nandhang kasangsaran; ngantu-antu pitulungan.
Rèff. :Gya surak a! Hé, Israèl!
Pethukna Sang Imanuèl.
- 2) Rawuha trubus Isai ngesorken dosa lan pati.
Umat kang nandhang sangsara luwara saking cintraka.
Rèff. :Gya surak a! Hé, Israèl!
Pethukna Sang Imanuèl.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(umat jumeneng)

PF: Pirengna sih-rahmat-Ipun Gusti ingkang dipun télakaken ing serat 1 Yohanes 1:9 ingkang makaten:

“Menawa kita padha ngakoni dosa kita, Panjenengané iku setya tuhu lan adil, temah bakal ngapura sakèhé dosa kita, sarta nucèkaké kita saka sakèhing piala.”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PF: Sumangga kita sami apura-ingapura kadosdéné Gusti Allah sampun ngapunteni kita. Sumangga kita gesang ing salebeding bedhami satunggal lan sanèsipun. Bedhaminipun Gusti wontena ing panjenengan.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

U: (*ngidungaken KPJ 78:1, 3 “Iba Begjaku”*)

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Rèfrèin: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

- 3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-rahmaté.

Refrèin: Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

PS: (Pandonga Épiklése)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking kitab Nabi **Yésaya 2:1-5.**

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti, kanthi maos
Jabur Masmur 122. (*saged kawaos sesautan antawisipun L2 kaliyan umat*).

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Roma 13:11-14.**

Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Injil Matius 24:36-44**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih menika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang ngrimati. Maranata.

U: (*ngidungaken*) **Maranata**.

Khotbah**Wekdal Ening**

Pangaken Pitados (*umat jumeneng*)

PL: Sesarengan kaliyan umat-Ipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ngékraraken tuwin nyantosakaken malih menapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

Pandongga Safaat (*umat lenggah*)

PS: (*ngonjukaken pandonga safaat*)

PISUNGSUNG

PL: Sumangga kita ngucapaken sokur awit sadaya peparing saha ganjaran-Ipun Gusti wonten ing gesang kita. Émuta dhateng menapa ingkang dipun-télakaken wonten ing Roma 11:36 ingkang makaten:

“Awitdéné samubarang kabèh iku saka Panjenengané, krana Panjenengané sarta kagem Panjenengané; kamulyan kagama Panjenengané salawas-lawasé!”

U: (*ngidungaken KPJ 157:1 “Caosna Pisungsummu”*)

KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUMMU

Do=F 2/4

1) Caosna pisungsummu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.

Aturna pisungsummu kanthi sukarena.

Refr.: Caosna pisungsummu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

*(Sasampunipun KPJ 157:1 kakidungaken, umat
ngaturaken pisungsung kairingan musik instrumèntalia
KPJ 157. Saparipurnaning kanthong pisungsung
kaubengaken, umat jumeneng ngidungaken KPJ 157:3)*

- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana
amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.
Refr.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

Pandongga Pisungsung (umat jumeneng)

PL: *(nuntun pandonga pisungsung)*

Kidung Pangutusan

U: *(ngidungaken KPJ 159:1-3 “Gesang Kawula”)*

KPJ 159 GESANG KAWULA

Do=G 4/4

- 1) Gesang kawula, Gusti, lumados mring Paduka,
Saben kula makarti, Paduka kang makarya.
- 2) Mobah-mosiking driya wah pangangkah kawula,
mrih prayogining lampah, mbabarna karsèng Allah.
- 3) Kedaling ilat kula, solah-bawa trapsila,
namung tansah nélakna saguning sih Paduka

PANGUTUSAN

PS: Mengkera ing salebeding tentrem rahayu, ing salebeding
kekah santosaning manah kanggé nindakaken dhawuh-Ipun
Gusti.

U: **Kawula ngeneraken manah miwah pandulu
dhumateng Gusti lan sesami.**

PS: Pirengna miwah mituruta dhateng suwanten-Ipun Gusti
ingkang nimbali kita lumampah ing salebeding ganjaraning
sih-Ipun Gusti.

U: **Kawula samekta dados seksi Paduka.**

PS: Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci.

U: **Ingkang mboten naté misahaken kawula saking sih-Ipun Gusti samangké ngantos ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: “Mugi katresnan-Ipun Allah Sang Rama tansah nglimputi panjenengan (kita). Mugi kawilujengan-Ipun Sang Kristus tansah nyantosakaken manah panjenengan (kita) nalikanipun panjenengan (kita) lumampah ing satengahing jagad. Mugi pitulunganipun Sang Roh Suci tansah nuntun panjenengan (kita), saha Gusti Allah ing salebeding patunggilaning Sih-Ipun, mberkahi panjenengan (kita) wiwit samangké dumugi ing salami-laminipun.”
Haléluya.

U: *(ngidungaken Maranata Amin manut lagu KPJ 472)*
Maranata (5x), **Amin** (3x)

[SH-DEN]



BAHAN LITURGI Minggu Advèn kapindho

Minggu, 4 Dhésèmber 2022

Katrangan:

PS: Palados Sabda

P: Pradataning pasamuwan
(Pinisepuh/Pandhita/Dhiaken)

U: Umat

L: Lèktor

Pangajeng- ajeng kanggé Sadaya Titah



PACAWISAN

- Musik ngungelaken lelagon tanpa nyanyian ingkang mbekta pasamuwan rumasuk ingpangibadahingkang badhé katindakaken.
- Wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pawartos pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH

(umat jumeneng)

P1: Berkahipun Gusti tan kendhat lumèbèr ing gesang kita. Panjenenganipun, Sang Sumbering Katresnan tuwin Pangajeng-ajeng, tansah rawuh saha maringaken grengseng wonten ing gesang kita. Sumangga kanthi sokur saha sukarena kita sowan ing ngarsan-Ipun Gusti.

U: (ngidungaken KPJ 9: 1, 2 “Hé, Sarupaning Pra Umat”)

KPJ 9 HÉ, SARUPANING PRA UMAT

Do=G 2/4

- 1) Hé, sarupaning pra umat, padha mujia mring Allah.
Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.
- 2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

VOTUM

PF: Sumangga kita lumebet ing pangibadah menika kanthi sesarengan ngakeni bilih,

PS+U: Pitulungan kita menika\wonten ing asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit, bumi, saha saisenipun sadaya, sarta ingkang tetep setya netepi janji kawilujengan ingkang sampun kaparingaken.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Tritunggal nunggila ing para sadhèrèk (kita) sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA

(*umat lenggah*)

P2: Nggesangi pangajeng-ajeng ing sakathahing pakèwed ingkang tumanduk ing gesang kita sanès prakawis ingkang gampil. Kita mangertos bilih kita kedah gesang kanthi nggadahi pangajeng-ajeng. Ananging, kadospundi menawi kathah pakèwed nindhes gesang kita, menapa kita saged panggah nggesangi pangajeng-ajeng menika? Lajeng menapa pangajeng-ajeng ingkang kita gesangi namung badhé kita nikmati piyambak? Kadospundi menggah tiyang-tiyang ing kiwa tengen kita ingkang kécalan pangajeng-ajengipun? Kadospundi tumrap titah-titah sanèsipun ing sakiwa tengen kita? Menapa pangajeng-ajeng ingkang kita darbèni namung kanggé kita piyambak? Sumangga sesarengan kita miwiti panyuraos kita wekdal samangké.

U: (*ngidungaken KPJ 23:1, 3 "Puji Mring Allah"*)

KPJ 23. PUJI MRING ALLAH

Do=F 3/4

- 1) Puji mring Allah, Pangéran Kang Mahawisesa.
Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gusti ning pratitah.
- 3) Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
dadya dilah, andel-andel satuhu.
Pujinen lan trusing kalbu!

PANGAKENING DOSA

PS: (*maos Matius 22:37-40*)

Andum pangajeng-ajeng tuwin gesang dhateng sadaya titah menika wujud bilih kita nresnani Gusti dalah sesami. Ananging, ing salebeding sadaya karingkahan saha kasèkèngan kita, asring kita nglirwakaken gesanging sesami ing sakiwa-tengen kita. Kita namung milih kanggé menggalihaken gesang kita piyambak. Kita dados tiyang-tiyang ingkang égois. Awit saking menika, sumangga kita kanthi sadaya kamurnèn dalah andhap-asoring manah, kita sowan ngarsanipun Gusti, nyuwun pangapunten dhumateng Panjenenganipun.

U: (*ngidungaken KPJ 52: 1, 3 "Gusti Sèstu Kula Nalangsa"*)

KPJ 52 GUSTI SÈSTU KULA NALANGSA

Do=C 4/4

- 1) Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.
Reff. : Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.
- 3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.
Reff. : Dhuh, Gusti kawula nyuwun apura,
sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(*umat jumeneng*)

PS: Kanthi katresnan tuwin kamirahan-Ipun, Gusti Allah kepareng maringaken sih-rahmatipun dhateng kita ingkang nyuwun pangapunten saking Panjenenganipun. Prakawis menika ingkang dipun-seksèni wonten ing Yésaya 54:8,

"Ing sajroning dukaningSun kang banget Ingsun wus ngaling-alingi wedananingSun marang sira sadhéla, nanging marga saka sih-susetyaningSun kang langgeng Ingsun wus ngatingalaké sih-piwelasingSun marang sira, mangkono pangandikané Pangéran Yéhuwah, Juru Panebusira."

U: (*ngidungaken KPJ 68: 1, 3, 5 “Allah Maasih”*)
 KPJ 68. ALLAH MAASIH

Do=D $\frac{3}{4}$

- 1) Allah Ma` asih asung Putranya,
 Allah Ma` asih mring manungsa.
 Reff.: mila kula ngidung Allah Ma` asih,
 Allah Ma` asih mring manungsa.
- 3) Gusti Pamarta ngurbanken nyawa,
 Gusti Pamarta mbirat dosa.
 Reff.: mila kula ngidung Allah Ma` asih,
 Allah Ma` asih mring manungsa.
- 5) Kula sinungan tentrem-raharja,
 kula sinungan pangaksama.
 Reff.: mila kula ngidung Allah Ma` asih,
 Allah Ma` asih mring manungsa.

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

PS: (*Pandongan Épiklése*)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking kitab Nabi **Yésaya 11:1-10**.
 Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti kanthi maos
Jabur Masmur 17:1-7, 18-19. (*saged kawaos sesautan
 antawisipun L2 kalayan umat*).

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih saking **Roma 15:4-13**.
 Makaten Sabdanipun Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Injil Matius 3:1-12**.

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih menika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang ngrimati. Maranata.

U: (*ngidungaken*) **Maranata.**

Khotbah

Wekdal Ening

Pangaken Pitados

(*umat jumeneng*)

P3: Sesarengan kaliyan umat-Ipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ngékraraken tuwin kita nyantosakaken malih menapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

Pandongga Safaat

(*umat lenggah*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga safaat*)

PISUNGSUNG

P4: Wekdal menika, sumangga kita ngucapaken sokur kita dhumateng Gusti, awit saking berkahipun Gusti ingkang lubèr wonten ing gesang kita. Anggèn kita ngonjukaken pisungsung dumateng Gusti, sumangga ngèneti Sabdan-Ipun ingkang kaserat wonten ing Jabur Masmur 54:8,

“Kawula badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhé memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé.”

U: (*ngidungaken KPJ 176: 1, 4 “Padha Saosa Puji Sokur”*)
176. PADHA SAOSA PUJI SOKUR

Do=D 2/4

- 1) Padha saosa puji sokur marang Allah Kang Mahaluhur; wulang bab asmané suci, dèn gelarna anèng bumi. Pangwasané disuwurna, anèng tengahé pra bangsa.
- 4) Yéhuwah ngèneti sabdané lan prasetyané mring abdiné, kalawan bungah umaté dèn irid dhateng tanahé; supaya anetepana lan ngèstokna pranatannya.

Pandongang Pisungsung

(umat jumeneng)

P4: *(Nuntun pandonga pisungsung, pandonga pungkasaning pangibadah, dalah Donga Rama Kawula)*

Kidung Pangutusan

U: *(ngidungaken KPJ 439: 1, 3 “Ing Jagad Kang Peteng”)*

KPJ 439 ING JAGAD KANG PETENG

Do=Bes 6/4

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa,
kathah tyang kang ngresula.
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.
Refr: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.
- 3) Ngundhangna Injil Kratoning Swarga,
kinanthia pandonga,
mrih luwar saking kwasaning dosa,
wah gesangnya sembada.
Refr: Sumangga, Gusti ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca,
sengkut makarya nglawan godha
dadosa berkah tumrap tyang kathah.

PANGUTUSAN

PS: Sumangga kita gesangi pangibadah kita ingkang sejati wonten ing padintenaning gesang kita. Tansaha ngandhemi pangajeng-ajeng panjenengan, saha samia andum pangajeng-ajeng menika dhateng sesami panjenengan, miwah dhateng sadaya titah ingkang wonten.

BERKAH

PS: Makaryaa kanthi kairing déning berkahipun Gusti,
Pangéran Yéhuwah mugé maringi berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita);

Pangéran Yéhuwah mugi nyunaraken cahyaning wadanipun dhateng panjenengan (kita), lan maringi sih-rahmat;

Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wadanan-Ipun dhateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu.

Amin.

U: (ngidungaken KPJ 431: 1, 2)
KPJ 431. “GUSTI ADHAWUH”

Do=A 2/4

- 1) Gusti adhawuh yèn kita sami
kinèn kadya lilin kang amadhangi
supaya saben wong padhang ing ati,
wah anggluhuraké Hyang Ma suci
- 2) Saka suwarga Gusti mirsani
ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.
Gusti ya mirsa, apa kita iki
urip kadya lilin kang madhangi.

[ATA-DEN]



TATA PANGIBADAH Minggu Advèn kaping 3

Minggu, 11 Désember 2022

Katrangan:

PS: Pamedhar Sabda
Pr.: Pradhataning Pasamuwan
Psw: Pasamuwan
Ltgs.: Liturgos
L.: Lektor

Gusti Rawuh Milujengaken Kita



PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan ingkang saged nglantaraken manahipun pasamuwan dhateng pangibadah ingkang badhé kalampahan
- Pasamuwan lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan sacara pribadi
- Pawartos pasamuwan kawaos
- Kalih lilin wungu lan satunggal lilin jambon dipun gesangaken.

TIMBALAN PANGIBADAH *(Pasamuwan Jumeneng)*

Ltgs.: Pasamuwan ingkang kinasih. Ing Minggu Advèn kaping 3 samangké, sumangga kita sowan mareg ing ngarsanipun Gusti Allah wonten ing pangibadah punika kanthi kabingahaning manah. Swawi kita memuji asmanipun Gusti kanthi ngidungaken KPJ 26: 1-2, “Pinuji Gusti”.

KPJ 26: 1-2, “PINUJI GUSTI”

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.

Refrein:

Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.

Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.

- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa.

Refrein:

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Advèn kaping tiga punika lumampah kanthi linandhesan pangaken bilih Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Pangéran Yéhuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi saisinipun sadaya.

Psw: **(aklamasi Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, sarta saking Gusti Yésus Kristus wontena ing panjenengan sadaya.

Psw: **Wontena ing panjenengan ugi!**

ATUR BEBUKA

(Pasamuwan lenggah)

Ltgs.: Minggu Advèn kaping tiga punika Minggu kabingahan utawi dipun sebat *Gaudète Sunday*. Kita kabereg supados ngantuntu rawuhipun Juru Wilujeng kanthi kabingahaning manah, mboten kanthi petenging ulat, awit rawuhipun kanggé milujengaken kita. Citraning manungsa sampun rusak amargi dosa. Namung déning pakaryan kawilujengan saking Gusti Allah, kita pikantuk pangluwaran saking dosa. Awit rawuhipun Sang Kristus ndandosaken gesanging manungsa kebak pangajeng-ajeng, sumangga kita sami asukabingah.

Psw: **(ngidungaken KPJ 96: 1, 2)**

KPJ 96: 1, 2, “TYAS KITA DIMÈN SLAMANYA BUNGAH”

- 1) Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.

Refrein:

Mara tansah abebungah saben dina antruk trang.
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dèn girang.

- 2) Hyang Agung kang njangkung kita, angreksa sing
panggoda
Sih-rahmatnya kang anglipur, paring kuwat santosa.

Refrein:

ATUR PANGAKENING DOSA

PS: Para sadhèrèk kekasihipun Gusti, sumangga kita nelangsani sakathahing dosa dalah panerak kita ing salebeting gesang sesarengan. Kita asring nglirowakaken katresnan dhateng sesami lan natoni manahipun sesami. Sumangga kita ngonjukaken pandonga sacara pribadi ing salebeting manah kita lan nelangsani dosa kita.

--*Kairingan instrumentalia KPJ 46* --

Psw: (Pasamuwan ndedonga sacara pribadi)

PS : (Mungkasi pandonga kanthi nyadhong pamratobat)

Psw: **(ngidungaken KPJ 46: 1,4)**

KPJ 46: 1,4 “AWIT KATHAH DOSA KULA”

- 1) Awit kathah dosa kula, mila tansah kèmgangan.
Gusti kang madhang manah myang tukung kabingahan.
- 4) Kula mboten purun malih karya sèkèl Paduka;
badhé tansah tuhu setya, tresna ing salaminya.

PAWARTOS SIH-RAHMAT (Pasamuwan Jumeneng)

PS: Para sadhèrèk, punika pawartos sih-rahmat kanggé kita sami, ingkang makaten:

“Ing wektu iku kowé bakal munjuk: “Kawula badhé ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka, dhuh Yéhuwah, awit sanadyan Paduka sampun duka dhumateng kawula, nanging bebendu Paduka sampun kèndel tuwin Paduka lajeng nglipur kawula. Gusti Allah iku sanyata dadi kraharjanku; aku kumandel ora kalawan gumeter, amarga Sang Yéhuwah Allah iku kakuwatanku lan masmurku, Panjenengané wus dadi karaharjanku.” Ing kono kowé bakal padha ngangsu kalawan bungah ing étukung kaslametan.” (Yésaya 12:1-3). Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Psw: **(Ngidungaken KPJ 355: 1, 3)**

KPJ 355: 1, 3 “WONTEN PUNDI DUNUNGING GESANG”

- 1) Wonten pundi dununging gesang
ingkang mengku katentreman?
wonten pundi Sang Jinebadan
ingkang nuntun mring kaswargan?
Refrein:

Kang kapireng swaraning puji
ngumandhang anèng pamujan,
mung Sang Kristus yéku sumbering
katentreman wah kaswargan.

- 3) Dhateng pundi tangis linipur
amrih manggih kaayeman?
Ing pundi korining pitobat,
dimèn manggiha kaswargan?
Refrein:

PALADOSAN SABDA

(Pasamuwan lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

Waosan Kapisan

L1 : Waosan Kapisan kapendhet saking **Yésaya 35:1-10**
Makaten sabdanipun Gusti

Psw: **Puji Sokur Konjuk Gusti**

Jabur

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti saking Yésaya
35:1-10, kanthi maos **Jabur 146: 5-10**.

Waosan Kaping Kalih

L3 : Waosan kaping kalih kapendhet saking **Yakobus 5:7-10**
Makaten sabdanipun Gusti

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

P.: Waosan Injil, saking **Matius 11:2-11**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika saben tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun Gusti lan ingkang netepi. **MARANATHA!**

Psw: **(ngidungaken MARANATHA)**

Wedharing Sabda

Wekdal Ening

PANGAKENING PITADOS *(Pasamuwan jumeneng)*

Pr1: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting jaman, sumangga kita lairaken sarta kekahaken malih punapa ingkang kita pitadosi kanthi sesarengan mratélakaken Pangakening Pitados Rasuli ...

Psw: **(sesarengan mratélakaken Pangakening Pitados Rasuli)**

PANDONGA SAFAAT *(Pasamuwan lenggah)*

PS: (Ngonjukaken pandonga safaat, dipun pungkasi kanthi Pandonga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

Pr2: Cihnaning raos sokur ingkang badhé kita aturaken ing salebeting pangibadah arupi pisungsung, linandhesan Sabdanipun Gusti kadosdéné ingkang sinerat ing Jabur 54: 8, “Kawula badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhé memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé.”

Psw: **(menyanyikan KPJ 186: 1,2)**

KPJ 186: 1, 2 “URIP KANG SAMESTHINÉ”

- 1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur, nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.

Refrein:

Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
aku angidung memuji sokur, yéku karsa-Nya !

- 2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,
aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku.

Refrein:

PANDONGA PISUNGSUNG *(Pasamuwan jumeneng)*

Pr2: (Nglantaraken pandonga pisungsung)

KIDUNG PANGUTUSAN

Psw: (Ngidungaken KPJ 158: 1, 3)

KPJ 158: 1, 3 “DITANSAH PADHA BUNGAHA”

- 1) Ditansah padha bungaha nampèni kabegjan swarga,
karana kita wong dosa ingentas saking antaka.

Refrein:

Tansah bungah ing patunggilané Gusti,
tansah bungah, wit sinung gesang sejati.

- 3) Ditansah mantep pracaya, tan was-sumelang ing ati.
Tegen nyenyuwun, ndedonga, pasrah, wit Gustimu
nganthi.

Refrein:

PANGUTUSAN

PS: Sami eneraken manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.

Psw: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

Psw: **Kawula siyaga dados seksinipun Sang Kristus.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita.

Psw: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhumateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita). Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhumateng panjenengan (kita), lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhumateng panjenengan (kita), lan maringi tentrem rahayu. Amin.”

Psw: (ngidungaken KPJ 135: 4)

KPJ 135:4 “DITANSAH PADHA BUNGAHA”

- 4) Ditansah padha bungaha, wit antuk tentrem-raharja.
Gustimu ngreksa slamanya, saparaning lakunira.

Refrein:

Tansah bungah ing patunggilané Gusti,
tansah bungah, wit sinung gesang sejati.

[LBG/TNA]



TATA PANGIBADAH Minggu Advèn kaping-4

Minggu, 18 Desember 2022

Katrangan:

PS: Pamedhar Sabda
Pr: Pradhataning Pasamuwan
Psw: Pasamuwan
L: Léktor

Pratandha saking Swarga

☪

PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan ingkang saged nglantaraken manahipun pasamuwan dhateng pangibadah ingkang badhé kalampahan
- Bél kapisan, pasamuwan lumebet ing wekdal ening
- Pawartos Pasamuwan
- Bél kaping kalih, Pradhata lumebet ing papan pangibadah lajeng nggesangaken lilin Advèn Minggu 4

TIMBALAN PANGIBADAH *(Pasamuwan Jumeneng)*

Pr: Pasamuwan ingkang dipunkasihi déning Gusti, ing Minggu Advèn kaping-4 punika, kita kaatag supados ngraos-raosaken malih gesang minangka umatipun Gusti Allah ingkang nembé ngantu-antu rawuhipun. Sumangga kita nyawisaken dhiri kanggé mapag rawuhipun Gusti, kanthi ngunggung asmanipun srana ngidungaken KPJ 225: 1-3 “Haléluya! Yésus Kristus”.

Psw: **(ngidungaken KPJ 225: 1-3)**

KPJ 225: 1-3. “HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS”

- 1) Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.
Padhangng kamulyanipun kawuryan nèng donya.
- 2) Haléluya! Rawuhipun awit welasipun
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
- 3) Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.

VOTUM

PS: Pangibadah punika lumampah wonten ing asmanipun Allah Sang Rama ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

Psw: **(ngidungaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, sarta saking Gusti Yésus Kristus wontena ing panjenengan sadaya.

Psw: **Wontena ing panjenengan ugi!**

ATUR BEBUKA

(Umat Duduk)

Pr: Pratandha saking swarga sampun Gusti Allah paringaken dhateng manungsa. Panjenenganipun paring pratandha kaswargan tumrap umat pepilihanipun. Panjenengan ngersakaken kita tansah ndhèrèk nindakaken bubuhan ing pakaryan kawilujengan, inggih pakaryan ingkang sampun dipun lampahi déning Yésus Kristus, Gusti kita, dumugi rawuhipun ingkang kaping kalih.

Psw: **(ngrepèkaken KPJ 227: 1-2)**

KPJ 227: 1-2 “IBA ÉNDAH CAHYÈNG RATRI”

- 1) Iba éndah cahyèng ratri kang nyunari jagadrat;
duk praduta swarga prapti ngundhangken sih-rahmat.
Raharja prajalma kang sinungan kawaluyan,
lantaran Sang Pamarta, lantaran Sang Pamarta.
- 2) Puji konjuk Hyang Maluhur kang melasi mring jalma;
nglepataken saking ukum, mitulungi raharja.
Pra jalma sayogya ndhèrèk muji Hyang Masuci,
Langgeng ing salaminya, langgeng ing salaminya.

ATUR PANGAKENING DOSA

Pr: Kita ngrumaosi, bilih kita asring dèrèng saged mangertosi pratandha saking swarga ingkang ngiyataken lan mulihaken, ingkang ngémutaken dalah nedahaken margining kautaman. Kita ugi asring namung ngendelaken dhiri lan milih margi piyambak, kamangka sejatosipun Gusti Allah sampun paring prantandha kawilujengan saben dinten. Pramila, sumangga kita ngakeni dosa dalah panerak

kita wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ing salebeting pandonga (pasamuwan ndedonga sacara pribadi)

----- Wekdal Ening -----

Punika pengaken kawula, dhuh Gusti, mugèni awit palimirma Paduka, kawula sami kaapuntèn. Amin.

Psw: **(ngrepèkaken KPJ 51: 1-2)**

KPJ 51: 1-2 “GUSTI MUGI MIRSANI”

- 1) Gusti mugèni mirsani nggèni kula kasrakatan.
Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangéran.
Nyuwun tulung, dhuh Allah, mugèni nglanting kawula sing sagung karibedan, dimèn pulih lejara.
- 2) Tan wonten pangauban, sèstu namung Paduka, etuking pitulungan tumrap tyang kang nalangsa.
Yèn kegunturan sedhih miwah nandhang sangsara, sinten kang nglipur malih, inggih namung Paduka.

Pawartos Sih-Rahmat

(Pasamuwan Jumeneng)

PS : Awit saiba ageng katresnanipun Gusti Allah tumrap sedaya tiyang ingkang nelangsani dosa dalah mratobat, pramila Panjenenganipun karenan ngrentahaken sih-rahmatipun: “Marga saka panguwasané kaallahané, kita wis padha kaparingan samubarang kang prelu tumrapping urip kang mursid, srana wanuh marang Panjenengané kang wis nimbali kita marga saka panguwaosé kang mulya lan ngeram-eramaké.” **(2 Pétrus 1:3)**

Mekaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti.**

Psw: **(Ngidungaken KPJ 222: 1-3)**

KPJ 222: 1-3 “DUMELING KAPYARSA”

- 1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,
supados sami sadhiya, rawuhnya Njeng Gusti.
Refrein:
Gusti paringa manah kang suci,
kénging kanggé ngurmati rawuhnya Njeng Gusti.
- 2) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,
jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki.
Refrein:...

- 3) Kasucèning manah, karesikaning tyas,
dédé saking labet amba, kejawi mung sihnya.
Refrein:...

PALADOSAN SABDA

(Pasamuwan Lenggah)

PS: (Pandonga Epiklésé)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kapendhet saking **Yésaya 7:10-16**

Mekaten Sabdanipun Gusti

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti**

Jabur Pananggap

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti kanthi maos
Jabur 80:1-7,17-19 sesahutan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **Roma 1:1-7**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Matius 1:18-25**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika saben tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun Gusti lan ingkang netepi. **MARANATHA**

Psw: **(ngidungaken MARANATHA)**

MARANATHA...MARANATHA...MARANATHA.

Wedharing Sabda

Wekdal Ening

PANGAKENING PITADOS

(Pasamuwan jumeneng)

Pr1: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sauruting
jaman, sumangga kita lairaken sarta kekahaken malih
punapa ingkang kita pitadosi kanthi sesarengan
mratélakaken Pangakening Pitados Rasuli ingkang
mekaten, “Kawula ...”

PANDONGA SAFAAT*(Pasamuwan lenggah)*

PS: (Ngonjukaken pandonga safaat, dipun pungkasi kanthi Pandonga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

Pr2: Cihnaning raos sokur ingkang badhé kita aturaken ing salebeting pangibadah arupi pisungsung, linandhesan Sabdanipun Gusti kadosdéné ingkang sinerat ing Kitab 1 Babad 29:17a “Kawula sumerep, dhuh Allah kawula, bilih Paduka punika ndadar manah saha rena dhateng manah ingkang éklas, milanipun kawula inggih ngunjukaken punika sadaya kanthi manasuka saha kalayan legawaning manah.”

Sumangga kita ngempalaken pisungsung sinarengan kekidungan saking KPJ 178a: 1, 3

Psw: **(ngidungaken KPJ 178a: 1, 3)**

PKJ 178a: 1,3 “PASRAH-SUMARAH MRING GUSTI”

- 1) Pasrah-sumarah mring Gusti, pangayoman kang sejati.
Uripmu tansah rinimat, wit Gusti gung ing sih-rahmat.
Waspadakna makluk wrata, karoban ing sih lan piwlasnya,
wah saliring butuhira pinaringan ing sacukupnya.
- 2) Pasrah-sumarah mring Gusti, Parang Pangungsèn sejati.
Lamun tinempuh prahara, Gusti nyatosakken sira.
Waspadakna mukjijatnya ing prakara gung wah prasaja.
Kang wedi-asih lan setya winuwuhan berkah sing swarga.

PANDONGA PISUNGSUNG*(Pasamuwan jumeneng)*

Pr2: (Nglantaraken pandonga pisungsung)

KIDUNG PANGUTUSAN

Psw: (Ngrepèkaken KPJ 437: 1,2)

PKJ 437. GUSTI YÉSUS PANGÈN KULA

- 1) Gusti Yésus Pangèn kula, sèstu gung sih Paduka,
ing sapurug kula mlampah, Paduka kanthi tansah
Refrein:
Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti.
Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti.

- 2) Saliring bandha kadonyan, mung sarananing gesang.
 Déné piandel kawula mung panganthi Paduka.
Refrein: ...

PANGUTUSAN

PS: Sumangga sami mengkeraken pangibadah punika ing salebeting kabingahan, awit Gusti Allah sampun paring pratandha kaswargan tumrap umat kagunganipun. Sumangga kita lairaken ugi ing gesang padintenan kita satemah saben tiyang ing sakiwa tengen kita saged ningali pakaryan kawilujengan saking Gusti kita Yésus Kristus.

BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhumateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita). Pangéran Yéhuwah nyu-naraken cahyaning wadananipun dhumateng panjenengan (kita), lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhumateng panjenengan (kita), lan maringi ten-trem rahayu. Amin.”
 Psw: (ngidungaken Maranatha, amin)

[IAS/TNA]



BAHAN LITURGI**Malam Natal***Sabtu, 24 Dhésèmber 2022*

Keterangan:

PS.: Pelados Sabda

P: Pradata

U: Umat

L: Lektor

**Sih
Rahmating
Allah
Sampun
Nyata**

PERSIAPAN

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan ingkang mbekta Umat dhateng swasana pangibadah
- Umat lumebet ing wekdal ening minangka cecawis pribadi
- Pawartos Pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN PANGIBADAH*(Umat Jumeneng)*

P1: Hé pra umat, suamngga kita nguwuh, “*Aku nganti-anti marang Pangéran Yéhuwah, nyawaku ngarep-arep, lan aku ngarep-arep marang Pangandikané. Nyawaku anggoné nganti-anti marang Pangéran ngluwihi pangarep-arepé jaga malem marang wayah esuk, iya wong jaga kang ngarep-arep marang wayah esuk.*” (Jabur Masmur 130:5,6). Pangantu-antu kita sampun badhé nyata. Sumangga kita abebungah. Kita sesarengan ngluhuraken asmanipun Gusti kanthi ngidungaken KPJ 238:1-2 “**PARA JALMI, GIRANGA**”

- 1) Para jalmi, giranga, mujia, para mudita
Ratu nira wus prapta, jumeneng Ratu salam.
para jalmi, giranga, mujia, pramudita.

(Prosesi mlebet)

- 2) Kaluhurna kang Putra, kekasihing kang Rama,
mbangun karatonira, jumeneng Ratu Mulya.
Para jalmi, giranga, mujia, pramudita.

VOTUM

PS: Pangibadah dalu ndungkap Natal punika kita senger kanthi pengaken: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit, bumi lan sedaya isinipun, ingkang setya netepi prasetyanipun wilujengaken jagad.

U: **(ngidungaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita lan saking Gusti Yèsus Kristus nunggil ing para sedhèrèk sedaya.

U: **lan nunggil kaliyan panjenengan ugi!**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

P2 Gesangipun manungsa punika dinamis, gilir gumanti. Nanging sih susetyanipun Gusti, tansah kebabar ing sauruting gesang kita. Amargi Panjenenganipun ingkang njagi lan ngrimati kita dalah nyawisaken punapa kémawon ingkang dados kabetahan kita. Menawi kita ngraosaken ayem lan tentrem, punika amargi Panjenenganipun nunggil kaliyan kita!

U: **(ngidungaken KPJ 228:1-4)**

KPJ 228:1-4 ING BÈTLÉHÈM KANG TAN AJI

1) Ing Betlehem kang tan aji wus miyos Sang Bayi.

Kang kadya wus kaweca anèng Kitab Suci.

Refr. Suraka, ya suraka! Kanthi suka rena,

"Sang Pamarta wus manjalma nunggil klayan kita!"

2) Bayi papa kang kaweca agung pangwasanya;
mbirat salir sangsara wah pangrehing dosa.

3) Bayi suci kang ginusti tumedhak sing swarga;
ambabar asih-tresna, yogya tinuladha.

4) Bayi adya wah sampurna tumedhak mring jagad,
nedya sung karaharjan, wit gung ing sih-rahmat.

PENGAKENING DOSA

PS: Sang Sabda ingkang manjalma dados manungsa sampun mbabar dhirinipun. Punapa kita ingkang badhé mapag Panjenenganipun taksih gesang linambaran ing dosa?

U: **(ngidungaken KPJ 227:1-2)**

KPJ 227:1-2 IBA ÉNDAH CAHYÈNG RATRI

- 1) Iba éndah cahyèng ratri kang nyunari jagad rat;
duk praduta swarga prapti ngundhangaken sih rahmat.
Raharja, prajalma kang sinungan kawaluyan,
lantaran Sang Pamarta, lantaran Sang Pamarta.

(Umat ngunjukaken pandonga pengakening dosa sacara pribadi, kairingan musik instrumental KPJ 227 1 bait)

- 2) Puji konjuk Hyang Maluhur kang melasi mring jalma;
nglepataken saking ukum, mitulungi raharja.
Pra jalma sayogya ndhèrèk muji Hyang Masuci,
langgeng ing salaminya, langgeng ing salaminya.

PS: (Ngunjukaken pandonga panutup pengakening dosa lan mungkasi:) *...Kawula aturaken pandonga panyuwunan punika wonten ing asmanipun Gusti Yésus.*

U: Amin.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Umat Jumeneng)

PS: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita tansah ngemuti agenging sih rahmatipun Gusti ingkang milujengaken kita: *“Awitdéné Gusti Allah anggoné ngasihi marang jagad iku nganti masrahaké Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwénana urip langgeng. Sabab Gusti anggoné ngutus Kang Putra ngrawuhi jagad iku ora supaya ngadili marang jagad, nanging supaya mitulungi rahayu marang jagad. Sing sapa pracaya marang Panjenengané, iku ora bakal diukum, balik sing sapa ora pracaya, iku wus kapatrapan,*

amarga ora pracaya marang asmané Putraning Allah kang ontang-anting.” (Yoh. 3:16-18).

Mekaten Pawartos Sih Rahmat saking Gusti.

U: **Puji Sokur konjuk Gusti.**

U: **(ngidungaken KPJ 225: 1-4)**

KPJ 225:1-4 “HALÉLUYA! YÉsus KRISTUS”

- 1) Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.
Padhanging kamulyanipun kawuryan nèng donya.
- 2) Haléluya! Rawuhipun awit welasipun
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
- 3) Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.
- 4) Haléluya! Haléluya! Putranipun Allah
sampun miyos ing Bètlèhèm. Pinujia tansah!

PELADOSAN SABDA

(Umat Lenggah)

PS: *(Donga Epiklese)*

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 9:1-6**

Mekaten Sabda Pangandikanipun Gusti

U: **Puji konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi Sabdanipun Gusti kanthi maos
Masmur 96 sacara sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan Kaping Kalih saking **Titus 2:11-14**

Mekaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji konjuk Gusti**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Lukas 2:1-20**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika sedaya tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken. HALÉLUYA

U: **(ngidungaken HALÉLUYA)**

Khotbah: “SIH RAHMATIPUN GUSTI SAMPUN NYATA”

Wekdal Ening

Pengaken Pitados

(Umat Jumeneng)

P3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah papan lan wekdal, sumangga kita lairaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pengaken Pitados Rasuli.

U: **(Sesarengan ngucapaken Pengaken Pitados Rasuli)**

(Opsional)

Penyumeting Lilin Malam Natal

(Lampu dipunpejahi)

U: **(ngidungaken) KPJ 218:1-3 Dalu Suci**

(Sedaya)

Dalu suci tidhem sami, Njeng Gusti Pamarta
tedhak manjalma krana kita
miyos wonten kandhang Bètlehèm
Gustining dumadi, Gustining dumadi.

- ***PS lan para pelados mapanaken dhiri ing papan ingkang sampun kacawisaken.***
- ***PS mendhet uruping lilin saking lilin lan kadundumaken dhateng para pelados.***
- ***Para pelados mapanaken dhiri kanggé nyumet lilinipun warganing pasamuwan.***
- ***Penyumeding Lilin Natal ingkang ingkang kaasta déning warganing pasamuwan***

(Paduan Suara)

Bayi suci, kang Ginusti, nebusi tyang dosa,
nilar kamulyane ing swarga,
sumeleh ing rumput kang nistha;
nldhani mring kita, nldhani mring kita

(Sedaya; sasampunipun sedaya lilin murub)

Dalu suci, tidhem sami, Njeng Gusti angasta,
katentremané jagad-rayu, kados prasetyané Kang Rama.
Mila linuhurna, mila linuhurna.

Donga Safaat*(Umat Lenggah)*PS: *(Munjukaken donga safaat)***PISUNGSUNG**

P4: Pisungsung atur panuwun kita ingkang kaaturaken konjuk Gusti wonten ing pangibadah punika, kita landhesi kanthi sabdanipun Gusti kadosdéné ingkang kaserat déning Rasul Paulus abdinipun Gusti ing Serat Rum 11:36, “*Awitdéné anané samubarang kabèh iku saka ing Panjenengané, lan marga déning Panjenengané, sarta lumadi marang Panjenengané: Kamulyan kagema ing Panjenengané salawas-lawasé!*”

U: **(ngidungaken KPJ 240:1-3)**KPJ 240:1-3 “**PARA PANGON KANG WINARTANAN**”

- 1) Prapangon kang winartan gung begja king swarga, yogya kaéraman, angumbar girang ing manah; dé nyata wartanya Kristus sampun babar.
- 2) Ja wedi mring padhang mulya, dumadak ngetingal ing tengah dalunya, pasemon tedhak ing padhang sing swarga mring donya, jer Kristus wus prapta.
- 3) Duk pra duta saking swarga karsanya sung warta slamet mring pra jalma. Mara ndhèrèk muji Allah, wit welas mring jagad Sang Kristus wus babar.

Donga Pisungsung*(Umat Jumeneng)*P4: *(Mimpin donga pisungsung)***Kidung Pangutusan**U: **(Ngidungaken KPJ 215:1-3)**KPJ 215:1,2,4 **ANENG SALUMAHING BUMI**

- 1) Anèng salumahing bumi srungumandhang pamuji.
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi,
Refr. Gloria in èxcèlsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!
- 2) Pra pangon ing ara-ara, memuji manembrama,
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang suka-renana
Refr. Gloria in èxcèlsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!
- 3) Wus miyos Juru-basuki, yéku isining puji,
panggunngung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad
Refr. Gloria in èxcèlsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!

PANGUTUSAN

PS: **Sami ngenerna manah dhumateng Gusti**

U: Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti

PS: **Dadosa seksinipun Sang Kristus.**

U: Puji sokur konjuk Gusti.

PS: **Pinujia Gusti.**

U: Samangké lan salami-laminipun

BERKAH

PS: Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunarakaken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U: (ngidung **KPJ 215:4 ANÈNG SALUMAHING BUMI**)

4. Payo kita samnya muji sareng lan bala swargi
srana kidunging pamuji, kanthi tulusing ati,
Refr. Gloria in èxcèlsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!

[AW/WW]

BAHAN LITURGI**Riyaya Natal***Minggu, 25 Dhésèmber 2022*

Katrangan:

PS: Pelados Sabda

Ltg: Liturgos

P: Anggotaning Pradataning
Pasamuwan

U: Umat

L: Lèktor

Kamulyanipun**Manungsa****Natal****CECAWIS**

- Organis/pianis ngungelaken kekidungan ingkang mbekta Umat dhateng swasana pangibadah
- Umat lumebet ing wekdal ening minangka cecawis pribadi
- Pawartos Pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN PNGIBADAH*(Umat Jumeneng)*

Ltg: Natal sampun kebar. Gusti Yésus miyos ing jagad minangka wujud Katresnan lan Kamulyan-Ipun kanggé kita. Awit saking punika, sumangga kita tetunggilan kanthi kebak kabingahan lan ngluhuraken asmanIpun.

KPJ 233: 1 & 2 “KANCA AGIYAKA”

- 1) Kanca agiyaka! Ing kandhang Bethlehem karawuhan Rohing Pangéran.
Sang Bayi miyos pinaringken kita.

Refr. Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud
ngabekti maring Gusti, Pamarta

- 2) Pamartaning jagad, Putra kang tumurun sumeleh anèng pamakanan.
Yéku wujudnya prasetyaning Allah.

VOTUM

PS: Kita lumebet wonten ing pangibadah Natal kanthi pengaken: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti Allah ingkang nitahaken langit, bumi lan sedaya isinipun, lan ingkang tansah setya netepi prasetyan kawilujengan ingkang sampun kapratélakaken.

U: **(ngidungaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih Rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita lan saking Gusti Yésus Kristus nunggil ing para Sedhèrèk sedaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(Umat Lenggah)

Ltg: Wilujeng Natal!

Miyosipun Gusti Yésus sang Manungsa Natal ndadosaken jagad langkung gampil ningali, ngraosaken lan ngalami Karawuhan Kamulyanipun Gusti Allah kanggé gesang kita. Tentrem rahayuning kaswargan kebabar ing kasunyataning gesang ing jagad punika. Sumangga kita sedaya gumrégah lan sorak abebingah awit sampun miyos Ratu ingkang Maha Mulya kanggé kita.

U: Ngidungaken KPJ **230:1,3 “KABINGAHAN KANG SEJATI”**

1) Kabingahan kang sejati sumrambah sabumi.

Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang mulya,
sinung gesang mulya, sinung, sinung gesang mulya

3) Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma.

Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang
pinanggya.

PENGAKENING DOSA

PS: Gusti Yésus Sang Manungsa Natal tansah ngémutaken dhateng para kekasih-Ipun murih sami gesang ingkang kebak katresnan ing antawising gesang sesarengan kaliyan sesami. Kadosdéné pangandikanipun Gusti ingkang kapratélakaken

wonten ing **Yohanes 15:12** ingkang mekaten pangandikanipun: *“PapakonKu iku mangkéné, iya iku supaya kowé padha tresna-tinresnanana, dikaya anggonKu wus nresnani kowé.”*

Ltg: Pasamuwan ingkang kinasih, dhawuh timbalanipun Gusti kanggé kita saèstu sampun cetha inggih punika gesang ingkang samidéne nresnani kadosdéné Gusti ingkang sampun nresnani kita. Nanging, lelampahaning gesang ing donya punika asring ndadosaken kita mboten saged ngendhalèni dhiri. Nggresula, nglepataken asanès, njeksani, ngrèmèhaken malah ngantos numpes sampun dados kalimrahan ingkang angèl dipunsinghiri.

Awit saking punika, sumangga kita aturaken pengakening dosa lan panelangsa kita wonten ing ngarsanipun Gusti lumantar pandonga ;

Anak: Minangka anak, \ asring kawula nglirwakaken katresnan.\ Kawula langkung nuntut nyuwun dipuntresnani déning tiyang sepuh lan kanca \ katimbang nresnani para tiyang sepuh lan kanca. \ Nyuwun pangapunten dhuh Gusti.

Wanita: Minangka ibu lan semah, \ asring égo nguwaosi dhiri kawula, \ kawula mangertos bilih katresnan mesthènipun dados tata caraning gesang kawula, \ nanging karana égo, \ kawula suthik maujudaken. \ Nyuwun pangapunten dhuh Gusti.

Pria: Minangka bapa lan sémah, \ asring raos gumunggung nguwaosi dhiri kawula. \ Kawula remen nampèni pakurmatan lan paladosan ingkang linangkung saking brayat kawula. \ Kalenggahan minangka sesirahing brayat, \ asring ndadosaken kawula rumaos prayogi menawi nuntut katresnan lan paladosan saking brayat.\ Nyuwun pangapunten dhuh Gusti.

Sesarengan: Minangka brayat lan gréja, \ kawula sadhar \ bilih timbalan tumrap kawula inggih mbabar katresnan Paduka kanggé jagad punika. \ Nanging asring, \ sanès katresnan ingkang kawula wujudaken, \

ananging panampik, \ njeksani \ malah ugi numpes
asanès. \ Nyuwun pangapunten dhuh Gusti.

PS: Punika pengaken kawula dhuh Gusti. Sinarengan sedaya
kekirangan lan kadosan kawula, kawula sowan wonten ing
ngarsa Paduka, nelangsani kekirangan kawula lan mratobat
nyuwun sih piwelas Paduka.

U: **(ngidungaken KPJ 214:1-3)**

KPJ 214:1-3 “ANENG PAMAKANAN”

- 1) Anèng pamakanan, iku dunungnya;
ginedhong ing kain, sèstu prasaja.
Lelintang ing langit padhang nelahi,
dé Yésus Gustiku saré kepati
- 2) Raja-kaya nywara, kang nendra wungu,
nadyan piniyarsa nging tan ngreridhu
Samangkya atiku sstu rahayu,
wit Gusti, mitraku nentremken kalbu.
- 3) Dhuh Yésus, Sang Putra, mugi Paduka
lestantun ing kula kanthi sih-tresna.
Pra umat samnya binerkahana,
tinuntun nggènira lumebèng swarga.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Umat Jumeneng)

PS: Pawartos Sih Rahmat saking Gusti, inggih sabda
pangandikanipun Gusti saking serat Titus 2:11-12, ingkang
mekaten pangandikanipun, “*Awitdéné sih-rahmate Gusti
Allah kang nylametaké manungsa kabèh iku wus kababar.
Iku merdi marang kita, supaya kita ninggal pamblasar lan
kamelikan kadonyan sarta supaya kita duwéa laku kang
wicaksana, adil tuwin mursid ana ing donya samengko
iki.*”

U: **(ngidungaken KPJ 217:1-2)**

KPJ 217:1-2 “DALU SANTI”

- 1) Dalu santi, abyor cahyèng kartika;
dalusuci miyosing Pamarta.
Jagad raya kang risak wit duraka
dèn pulihkèn pindha Pirdus mulya.

Pra manungsa kang sangsara wit dosa,
linuwaran mrih tentrem raharja.

Reff.:

Swawi sujud saos bekti mring Gusti. Dalu santi,
Panebus wus manjalma; dalu suci, dalu, dalu santi.

- 2) Dalu santi, lintang panjer sung cahya;
dalusuci, rawuhing Sang Putra.

Bayi suci rinengga kaapesan,
karsa mbikak korining kaswargan;
angrukunke Allah klayan manungsa,
wah sung gesang sejati, sampurna.

Reff.: ...

PALADOSAN SABDA

(Umat Lenggah)

PS: (Donga Èpiklese)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking **Yésaya 52:7-10**
Mekaten sabda pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Allah**

Mazmur Tanggapan

M1: **Jabur Masmur 98** kanthi sesautan.

Waosan kaping kalih

L2: Waosan kaping kalih saking **Ibrani 1:1-4 (5-12)**
Mekaten sabda pangandikanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Allah**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Yohanes 1:1-14**

Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih sedaya tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti
lan dipun gatosaken. HALÉLUYA.

U: **(ngidungaken HALÉLUYA)**

Khotbah

Wekdal Ening

Pengaken Pitados

(Umat Jumeneng)

P2: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sadhéngah papan lan wekdal, sumangga kita ikraraken lan antebaken malih punapa ingkang kita pitadosi kanthi sesarengan nglairaken Pengaken Pitados Rasuli.

U: **(Sesarengan ngucapaken Pengaken Pitados Rasuli)**

Donga Safaat

(Umat Lenggah)

PS: (Ngunjukaken donga safaat)

PISUNGSUNG

P3: Pawartos Natal sampun kita tampèni, sumangga samangké kita aturaken panuwun konjuk Gusti lumantar pisungsung. Pangandikanipun Gusti ingkang dados pangatag anggèn kita ngaturaken panuwun awit pawartos Natal, prayogi menawi kita nuladha para majus anggènipun misungsungkaken dhateng Panjenenganipun kados igkang kaserat wonten ing Matius 2:11, *“Banjur padha lumebu ing omah lan ndeleng Sang Timur karo Maryam kang ibu, nuli padha sumungkem sujud marang Panjenengané. Banjur padha mbukaki pethiné raja-brana, Panjenengané disaosi pisungsung arupa mas, menyan lan blendok mur.”*

U: Ngidungaken **KPJ 233:1-4 KANCA AGIYAKA**

- 1) Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthlehèm karawuhan Rohing Pangéran.
Sang Bayi miyos pinaringken kita.
Reff.:
Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 2) Pamartaning jagad, Putra kang tumurun sumèlèh anèng pamakanan.
Yeku wujudnya prasetyaning Allah. Reff.: ...
- 3) Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan, rawuhé mbabar sih-kawelasan marang manungsa kang samya pracaya. Reff.: ...
- 4) Panebus sejati kang rawuh ing bumi mrih manungsa sinung basuki.
Nulya sowana sarwi sumuyuda. Reff.: ...

Donga Pisungsung*(Umat Jumeneng)*

P3: (Mimpin donga pisungsung, panutuping pangibadah lan Donga Rama Kawula)

Kidung Pangutusan

PS: Manungsa Natal rawuh ing jagad punika kanggé mbabar Kamulyaning Allah sacara nyata. Samangké, umat-Ipun katimbalan nyunaraken kamulyanipun Manungsa Natal ing gesang padintenan. Kita ngidungaken kidung pangutusan:

KPJ 232:1-2 KAMULYAKNA

- 1) Kamulyakna Hyang Maagung ing suwarga, ing suwarga, ing suwarga. Tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa kang sinarjonan.

Reff.:

Kluhurna Allah nèng swarga, kluhurna Allah nèng swarga! Tentrem rahayu ana ing bumi, tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa, ing manungsa kang sinarjonan, ing manungsa kang sinarjonan, kang sinarjonan!

- 2) Pinujia, pinundhia Hyang Maagung ing suwarga lan ing bumi. Tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa kang sinarjonan. Reff.: ...

Amin, amin!

PANGUTUSAN

PS: Sami ngenerna manah dhumateng Gusti lan mandenga jagad.

U: Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti lan mandeng jagad.

PS: Ngundhangna dhateng jagad bilih Sabdanipun Allah sampun manjalma dados manungsa ing dhirinipun Gusti Yésus Kristus Sang Manungsa Natal

U: Kawula ngundhangaken Kamulyanipun Manungsa Natal ing satengahing jagad punika.

PS: Pinujia Allah.

U: Ingkang mboten naté misahaken kawula saking Sih katresnanIpun samangké lan ing selami-laminipun.

BERKAH

PS: Nampènana berkahing Gusti : *“Déné Gusti Allah sumbering sakèhé sih-rahmat, kang wis nimbali kowé kabèh ana ing Sang Kristus marang kamulyané kang langgeng, bakal nyampurnakaké, neguhaké, nyanto-sakaké sarta ngukuhaké kowé, sawisé kowé padha nandhang sangsara sawatara mangsa. Iya Panjenengané iku kang kagungan panguwaos langgeng salawas-lawasé! Amin”*

U: **(ngidungaken KPJ 246:1)**

KPJ 246:1 SANG RATU ADIL SEJATI

- 1) Sang Ratu Adil sejati samangkya sèstu wus prapti;
maringken tentrem raharja
tumrah mring sagung manungsa.

[DY/WW]



TATA PANGABEKTI**Tutup Tahun***Sabtu, 31 Dhésèmber 2022*

Katerangan:

PS: Pelados Sabda

Ltg: Liturgos

Prd: Pradataning Pasamuwan

Psw: Pasamuwan

L: Lektor

**Katuntun
Déning
Kawicaksanan**

☪☪☪

PECAWISAN NGIBADAH

- Bel kaungelaken kaping 1, para pelados pangibadah lan pasamuwan sami nyamektakaken dHiri.
- Bel kaungelaken kaping 3 , Prd ngurubaken lilin lan maos pawartosing Pasamuwan.
- Prd nglantaraken pandonga supados pasamuwan sami nyawisaken manah kanggé ndhèrèk pangibadah panutupaning warsa,

TIMBALAN NGIBADAH

PL: Wancinipun kita sami marak sowan wonten ngarsanipun Gusti Allah lan atur pamuji sokur awit panganthinipun.

U: AWIT SAGED NGLAMPAHI GESANG ING WARSA 2022

M: Kawula sami badhé surak-surak margi saking kaunggulan dalem, sarta masang umbul-umbul margi saking asmanipun Gusti Allah (Maz. 20:5)

U: SADAYA PAMUJI SOKUR, URMAT LAN KALUHURAN NAMUNG KAGEM GUSTI ALLAH

- *Pasamuwan jumeneng ngidungaken KPJ 19:1-2*

KPJ 19 PAMUJI KONJUK GUSTI

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya, wit siyang dalah ratri tansah lubèr sih rahmatnya. Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.
- 2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah, pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah, salir ingkang pinanggya dados margining begja.

- *Pelados pangibadah lumebet ing papan pangibadah*

VOTUM LAN SALAM

PS : Pangibadah punika kalampahan awit saking sawab
berkahipun Sang Yéhuwah, Allah ingkang tansah ngreksa
lan ngrimati kita lumantar sih susetyanipun

Psw: (ngidungaken) AMIN, AMIN, AMIN.

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah, Rama kita lan
Gusti Yésus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.

Psw: LAN WONTEN ING PANJENENGAN UGI.

- *Pasamuwan lenggah*

PL (*Maos atur pambuka anggitanipun Dwi Afrilianti*)

Warsa punika mujudaken warsa ingkang kebak makna
Dados guru kanggé warsa ingkang saweg kita antos-antos
Bingah lan sisah ingkang sampun kita langkungi
Mugi-mugi paring makna kanggé gesang ingkang kita lampahi
Wilujeng mungkasi warsa ing salebeting katresnan lan
kawicaksananipun Gusti Allah.

- *Pasamuwan ngidungaken KPJ. 395:1-2*

KPJ 395 “SAWATARA AKU NOLEH”

- 1) Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,
sihé Gusti kang dak tanpa kanthi éraming ati.
Sanadyan akèh alangan wah kandhang lelimengan,
nanging Gusti karsa nuntun.
Mulané aku ngungun, wit asta ning Allah ngreksa,
temah rumangsa begja
- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan.
Kadiparan nggonku nampa sih tresnané Kang Kwasa?
Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

PANGAKENING DOSA

Pasamuwan kaaturan sami ndedonga sacara pribadi, PS mungkasi
kanthi pandonga pangakening dosa

- *Pasamuwan ngidungaken KPJ. 92:1-3*
 KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI
 - 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
 Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.
 - 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya
 sèstu punika ganjaran dahat agungira.
 - 3) Nugraha sumber kakiyatan mring manah kang lesah
 mrih tan nilar kayektosan wit lubèr ing berkah.
- *Pasamuwan jumeneng*

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS: Punika pawartosing sih rahmat saking Gusti Allah ingkang
 sinerat ing Kitab Jabur 33:20-22:

Nyawa kita nganti-anti marang Sang Yéhuwah.

Psw: **Panjenengané iku pitulungan lan tetamèng kita.**

PS: Sanyata ati kita bungah marga saka Panjenengané,

Psw: **awit kita pracaya marang asmane kang suci.**

PS: Dhuh Yéhuwah, sih-kadarman Paduka

Psw: **lumuntura dhateng kawula sadaya, kadosdéné
 pangantos-antos kawula sadaya dhumateng
 Paduka.**

PS: Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti

Psw: PUJI SOKUR KONJUK ING NGARSANIPUN GUSTI

- *Pasamuwan sami ngucap “tentrem rahayu” (namasté)*
- *Pasamuwan ngidungaken KPJ. 77:1-2*
 KPJ 77 IBA ADI TUWIN ÉNDAHNYA
 - 1) Iba adi tuwin éndahnya dinten ageng ingkang mulya.
 Tiyang dosa wanuh Pamarta, samya nampi gesang nyata.
 Gesang ing astaning Panutan ingkang kebak kaayeman.
 Sagung dosa sampun ical;
 mangkya ngrasuk gesang énggal
 - 2) Iba adi tuwin éndahnya pawartos ingkang kapyarsa
 Turut margi arum swaranya pangundhanging kabar adya
 Kabar rahmat saking Pangéran
 rentahing berkah kraharjan
 Kula samya tiyang dosa rinentahan palimirma.

- *Pasamuwan lenggah*

PALADOSANING PANGANDIKA

a. Pandonga Épiklèse (déning PS)

b. Pamaosing Kitab Suci

- L: (maos waosan I: 1 Para Raja 3:5-14)
Makaten Sabda Pangandikanipun Gusti!
- U: PUJI SOKUR KONJUK ING NGARSANIPUN GUSTI
- L: (maos Mazmur Tanggepan: Jabur 20 sacara imbal-imbalan utawi kakidungaken)
- PF: (maos waosan Injil: Yohanes 8:12-19)
“Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang tansah mireng Pangandikanipun Allah saha dipun gatosaken ing gesang sadinten-dinten,” Haléluya!
- U: (ngidungaken) HALÉLUYA (3x)

c. Khotbah: “Katuntun Déning Kawicaksanan”

d. Wekdal ening

- *Pasamuwan jumeneng*

PANGAKENING PITADOS

- M: Kanthi gumolonging manah, sumangga kita mratéaken kapitadosan kita dhumateng Allah, Sang Rama, Sang Putra tuwin Sang Roh Suci srana ngucapaken Pangakening Pitados Rasuli

PANDONGA SAFAAT *(Pasamuwan lenggah)*

- PS.: (ngunjukaken pandonga safaat, kapungkasan Donga Rama Kawula)

PISUNGSUNG

- Prd: Mirengna dhawuh Pangandikanipun Gusti Allah dhateng tiyang Israèl ingkang sami sowan wonten ngarsanipun:
“Nanging saben wong uga nggawaa pisungsung sakuwaté, cundhuk karo berkah pepariné Pangéran Yéhuwah, Gusti Allahmu, marang kowé.” (PT. 16:17).

- *Pasamuwan ngidungaken KPJ.184*

KPJ 184 SUKUR AKANTHI TULUS

Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.

Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.

Sukur akanthi tulus. Sukur Kang Mahasuci.

Sukur rahmat kang agung, Panebus kita.

Mangkya kang ringkih dadya rosa;

kang miskin dadya sugih.

Sihé Gusti dadya nyata, yekti.

Mangkya kang ringkih dadya rosa;

kang miskin dadya sugih.

Sihé Gusti dadya nyata yekti. Sukur!

- *Pasamuwan jumeneng, Prd ngunjukaken pandonga
pisungsung lan panutup*

PANGUTUSAN

PF: Dinten punika kita mungkasi lembaraning gesang ing warsa 2022. Kita pantes ngucap sokur awit panganthinipun Gusti Allah. Lumantar sih kadamman lan kawicaksananipun, Gusti Allah tansah nganthi kita. Adhedhasar pengalamaning gesang punika, kita pitados bilih ing mangsa mangajeng Gusti Allah badhé tetep dados rowang ingkang tangsah nuntun kita kanggé maos bukuning kauripan kita ing mangsa ngajeng.

U: KAWULA PITADOS DHUMATENG SABADANIPUN
ALLAH LAN PASRAH SUMARAH NAMUNG
DHUMATENG PANGANTHINIPUN

- *Pasamuwan ngidungaken KPJ.397:1-3*

KPJ 397 WUS DUGÈNG WANCINYA

- 1) Wus dugèng wancinya kita nilar warsa lami gya napaki panjangnya warsa énggal puniki; nadyan tan saged andugi begja lan bilai, ning krana sihing Gusti, kita samya basuki
- 2) Saben mangsa tinata manut ing lampahira wonten pepanggihan ugi wonten pepisahan, nging kang wigati tansah nyawijia mring Gusti

- amrih kita sadaya sami gesang basuki.
 3) Silih andongakna, mrih raharja salampahnya,
 mantep ing pracaya, wah sembada gesangira.
 Suméndhé mring Gusti, miwah asih mring sesami,
 Yéku jatidhirining putra - putraning Gusti.

BERKAH

- PS: Enerna manah panjenengan dhateng Gusti Allah
 Psw: KAWULA SAMI NGENERAKEN MANAH KAWULA
 DHATENG GUSTI ALLAH
 PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus
 Psw: PUJI SOKUR KONJUK MRING GUSTI
 PS: Sami èngeta dhateng prasetyanipun Gusti Yésus ingkang
 ngandika “Ingsun ora bakal négakaké sira lan sira ora pisan-
 pisan bakal Suntilar.” (Ibrani 13:5b).
 Psw: SAMANGKÉ LAN SALAMI-LAMINIPUN
 PS: Tampènana berkahipun Gusti; “Sih Rahmat lan tentrem
 rahayu saking Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus
 Kristus, saha patunggilanipun Sang Roh Suci, tansah
 nyartani panjenengan sadaya nglampahi gesang ing saben
 dintenipun ing mangsa ngajeng. Amin!
 Psw: (Ngidungaken KPJ 472) HALÉLUYA (5x) AMIN (3x)

[WSN/SBH]

TATA PANGABEKTI Warsa Anyar

Minggu, 1 Januari 2023

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda

Prd: Pradata

Psw: Pasamuwan

L: Lektor

Wekdal: Pangajeng-ajeng & Makarya ❧❧❧

PECAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken pepujen ingkang mangun swasana pasamuwan saged nyamektakaken diri kanggé ngibadah.
- Pasamuwan ening sawetawis wekdal
- Pamaosing pawartosing pasamuwan lan ngurubaken lilin.

(Pasamuwan Jumeneng)

TIMBALAN NGIBADAH (Jabur 121:1-3,7-8)

Prd 1: “Mripatku tumenga marang gunung-gunung;

Psw: pitulunganku iku pinangkané saka ing ngendi?

Prd 1: Pitulunganku iku pinangkané saka Sang Yéhuwah,

Psw: kang nitahaké langit lan bumi.

Prd 1: Panjenengané ora bakal marengaké yèn sikilku gloyoran,

Psw: kang ngreksa kowé ora bakal ngantuk .

Prd 1: Kowé bakal direksa déning Sang Yéhuwah, tumrap ing sakéhing bilai

Psw: nyawamu direksa lestari.

Prd 1: Pangéran Yéhuwah bakal ngreksa marang lebu lan wetumu,

Psw: wiwit ing samengko tumeka ing delahan.

Prd 1: Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing patunggilanipun Gusti Yésus Kristus,

Sang Juru Mazmur paring pémut dhateng kita sadaya supados kita saged ngraosaken pangrimatipun Gusti Allah

ing sauruting lampah gesang kita. Langkung-langkung ing dinten punika, kita kaparingan wewengan kanggé methukaken dinten anyar ing warsa 2023. Wonten ing purwakaning warsa 2023 punika, sumangga kita sami ngaturaken atur panuwun sokur dhumateng Gusti, déné Gusti sampun ngirit lampah gesang kita, ing wekdal-wekdal ingkang sampun kita pengkeraken. Samangké, sumangga kita sami memuji Gusti, srana ngrepèkaken Kidung KPJ 6:1 rambah kaping kalih: “**Gusti Kang Murbèng Dumadi**”

KPJ 6 GUSTI KANG MURBÈNG DUMADI

Gusti kang murbèng dumadi,
kawula sami sowan ngaturaken pangabekti
ingkang yekti. Ngunjukaken puja puji,
panuwun lan panyuwun anampèni, sabdèng Gusti.

(Para pelados lumebet ing papan pangibadah)

VOTUM

PS: Sumangga pangibadah punika kita sengker kanthi pangaken: Pitulungan kita pinangkanipun saking Yéhuwah, Allah ingkang nitahaken langit lan bumi.

Psw: **(Ngidungaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah, Rama kita lan Gusti Yésus Kristus, tansah nyartani panjenengan sadaya.

Psw: **Lan nyartani panjenengan ugi**

(Pasamuwa lenggah)

Psw: **(Ngidungaken KPJ 394:1,3)**

KPJ 394 SAKÈHING MANGSA LAN WAYAH

1

Sakèhing mangsa lan wayah manut pranataning Allah,
padha gilir gumanti. Dé wataké lan uruté,
tetep lan wus pinasthi, tetep lan wus pinasthi.

3

Wayah ésuk, wayah soré, rina, wengi lan liyané
wayah kang diarani, kabèhiku; becik, prelu
tan kena diwaoni, tan kena diwaoni

PANGAKENING DOSA

Prd 2: Gusti Allah kita punika, inggih Allahing katresnan. Panjenenganipun nimbali kita sadaya supados gesang ing salebeting katresnan. Nanging menawi kita purun blaka, kita dèrèng saged nindakaken dhawuh timbalanipun Gusti punika kanthi saé. Pitembungan lan lampah gesang kita, taksih asring damel tatu manahipun sedhèrèk kita. Mila, sumangga kita nyuwun pangapunten awit saking dosa lan panerak kita. Pasamuwan kaparingan wekdal kanggé ngunjukaken pandonga pangakening dosa sacara pribadi .

(Pasamuwan kaparingan wekdal kanggé/ndedonga sacara pribadi, dipun pungkasi pandonga déning pradata 2)

Dhuh Gusti Allah ingkang Mahaasih, kawula ngrumaosi, bilih anggèn kawula sami nglampahi gesang ing saben dintenipun, taksih asring damel sekel penggalih Paduka dalah sesami kawula. Mila dhuh Gusti, Paduka apunten sadaya dosa lan kalepatan kawula. Lan karsaa Paduka ngirit lampah gesang kawula, supados anggèn kawula sami nglampahi gesang ing warsa 2023, kawula tansah ngambah ing margi pitedah Paduka lan manut ing sapangrèh Paduka. Matur sembah nuwun dhuh Gusti, Amin.

Psw: **(ngidungaken KPJ 50 “Gusti Mugi Melasi”)**

Gusti mugi melasi! Gusti mugi melasi!
Mugi mlsi kita!

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Pasamuwan Jumeneng)*

PS: Samangké, panjenengan tampèni pawartos sih rahmat saking Gusti, ingkang kapethik saking Kitab **Yérémia 29:11**; “Awit Ingsun iki nguningani rancanganingSun tumrap sira, yaiku: rancangan tentrem rahayu lan dudu rancangan bilai, yaiku supaya sira kebak pangarep-arep kang becik tumrap ing besuké”
Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti.

Psw: Puji sokur konjuk mring Gusti
(Pasamuwan ngidungaken KPJ 89:1,3)

KPJ 89 PUJI KONJUK ALLAH

1

Puji konjuk Allah Kang Mahamirah;
ing rintén dalah ratri tansah ngganjar berkah;
tyang mursid dalah mursal tan badhé ketriwal

3

Puji sarta sokur mring Kang Maluhur;
dé ngganjar berkah adi mring tyang kang ngabekti,
winuwuhan sih-rahmat pangrimat tan kendhat.

PALADOSANING PANGANDIKA (*Pasamuwan lenggah*)

PS: (Donga Epiklese)

Waosan KapisanL1: Waosan kapisan saking Kohélét **3:1-13**

Makaten Pangandikanipun Gusti

Psw: **Puji sokur konjuk mring Gusti****Masmur Tanggepan**L2: Sumangga kita tanggepi Pangandikanipun Gusti kanthi
maos (ngidungaken) **Jabur 8.****Waosan kaping kalih**L3: Waosan kaping kalih saking **Wahyu 21:1-6**

Makaten Pangandikanipun Gusti

Psw: **Puji sokur konjuk mring Gusti****Waosan Injil**PS: Waosan Injil, saking **Matius 25:31-46**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, Ingkang rahayu
inggih punika tiyang ingkang tansah mireng
Pangandikanipun Allah saha dipun gatosaken ing gesang
sadinten-dinten, ” Haléluya!

Psw: (***Ngidungaken Haléluya***)**Khotbah**

(Sadèrèngipun khotbah, fragmen cekak tiyang ingkang bikak
cendhéla lan jejogedan methukaken dinten kairingan tembang
“Selamat Pagi” saking RAN)

<https://www.youtube.com/watch?v=vggbru9g23g>

Wekdal ening

Pangaken Pitados*(Pasamuwan Jumeneng)*

Prd.3: Sumangga kita mratélakaken kapitadosan kita srana
ngucapaken Pangaken Pidatos Rasuli

Psw: **(Sesarengan)** ngucapaken “Pangaken Pidatos Rasuli”...

Pandongga Safaat*(Pasamuwan lenggah)*

PS: (Ngunjukaken pandonga safaat)

PISUNGSUNG

Prd 4: Sumangga kita sami ngaturaken pisungsung kagem
kaluhuranipun Gusti, ingkang kita landhesi kanthi pangatak
saking serat **1 Tésalonika 5:18** “Padha ngunjukna
panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku kang
dikarsakaké déning Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yésus
tumrap kowé”.

Psw: *(Ngidungaken KPJ 154:1 “Adrenging Tyas Kita”)*

154. ADRENGING TYAS KULA

Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun Gusti
Paduka ngasihi, kula kagunganta
Reff:

Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga
wit kula tan darbé bandha kang
pengaji kang langkung prayogi,
sinaos Gusti

Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula, mrih
gesang kawula, mrih gesang kawula
kagema Paduka pirantos sapala

Pandongga Pisungsung*(Pasamuwan Jumeneng)*

Prd 4: (Ngunjukaken pandonga pisungsung lan panutup
kapungkasan Donga Rama Kawula)

Kidung Pangutusan

Psw: *(Ngidungaken KPJ 439:1 “Ing Jagad Kang Peteng”)*

KPJ 439 Ing Jagad Kang Peteng

1

Ing jagad kang peteng krana dosa
kathah tyang kang nggresula
Karana panandhang, samya nggresah
miwah semplah ing manah.

Refr

Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngènetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah

PANGUTUSAN

PS: Sumangga kita mengkeraken papan pangibadah punika
kanthi suka bingah lan sumanggem ngéstockaken
Sabdanipun Allah. Pitados kémawon, bilih Gusti Allah
tansah makarya ing salebeting gesang panjenengan lan kula.
Samangké, panjenengan eneraken manah panjenengan
dhumateng Gusti !

Psw: **Kawula sami ngeneraken manah kawula
dhumateng Gusti!**

PS: Dadosa mitra kanggé sesami!

Psw: **Awit kawula sami kangen dados seksinipun Sang
Kristus**

PS: Pinujia Allah: Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci!

Psw: **Inggang mboten misahaken kawula saking sih-
katresnanipun, samangké lan ing salami-
laminipun.**

BERKAH

PS: Tampènana berkahipun Gusti; “Sih Rahmat lan tentrem
rahayu saking Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus
Kristus, saha patunggilanipun Sang Roh Suci, wontena ing
para sadhèrèk sadaya, Amin.

Psw: (Ngidungaken KPJ 472) HALÉLUYA (5x) AMIN (3x)

[ES/SBH]

**BAHAN TATA
PANGIBADAH
PAHARGYAN ÉPIFANI**

Jumat, 6 Januari 2023

Katrangan:

PS: Palados Sabda

M: Majelis

U: Umat

L: Lèktor

**Sang Padhang
Tumrap Sadaya
Bangsa**



PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan nraosaken pangibadah ingkang badhé katindakaken.
- Bèl Sepisan, Wekdal Ening
- Pawartos Pasamuwan
- Bel Kaping Kalih, Pradata lumebet dhateng papan pangibadah lan nyumed lilin.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Umat jumeneng)

M: Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, ing pahargyan Épifani punika, kita katimbangan ngraosaken gesang minangka umat ingkang kapimpin déning Sang Padhang, inggih punika Gusti Allah piyambak. Sumangga kita samekta dhiri ngluhuraken rawuhipun Sang Padhang. Sesarengan sami memuji angrepèkaken Kidung: KPJ 232:1 KPJ 232:1-2 KAMULYAKNA

- 1) Kamulyakna Hyang Maagung ing suwarga, ing suwarga, ing suwarga. Tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa kang sinarjonan.

Reff.:

Kluhurna Allah nèng swarga, kluhurna Allah nèng swarga! Tentrem rahayu ana ing bumi, tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa, ing manungsa kang

sinarjonan, ing manungsa kang sinarjonan, kang sinarjonan!

- 2) Pinujia, pinundhia Hyang Maagung ing suwarga lan ing bumi. Tentrem rahayu ana ing bumi, ing manungsa kang sinarjonan. Reff.: ...
Amin, amin!

(Ing tengahing kidung, para palados lumebet dhateng papan pangibadah)

VOTUM

PS: Pahargyan Épifani punika katindakaken wonten ing asmanipun Allah Sang Rama ingkang nitahaken langit lan bumi.

U: **(ngidungaken: Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita lan Gusti Yésus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.

U: **Wontena ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(Umat lenggah)

M: Pasamuwan ingkang kinasih, Gusti Allah Sang Padhang ingkang nuntun gesang kita wiwit rumiyin ngantos salaminipun punika Gusti Allah ingkang pantes pinuji. Sesarengan kaliyan para tiyang Majus saking Wétan, sumangga kita sowan amemuji lan misungsungkaken gesang kita dhumateng Panjenenganipun. Sumangga kita ngunjukaken pamuji lumantar Kidung: KPJ 235 LINTANG WÉTAN

U: **(Ngidungaken KPJ 235: 1, 2, 3 Lintang Wétan)**

- 1) Lintang wétan samangkya andadari,
cahyanya gumebyar anyunari.
Wijil Paduka lir asung pawarti,
nèng cakrawala panglipur ati.
- 2) Wonten pundi wiyosipun Gusti?
Punapa anèng panggènan adi?

Sumarené napa dèn aji-aji?

Napa èstu niku Jrubasuki?

- 3) Lah suwawi sujud dhateng Gusti;
 asumungkem asaos pamuji.
 Amba tan darbé kang minangka bukti,
 namung amba sumuyud mring Gusti.

PANGAKENING DOSA

M: Kita angakeni, kita asring mlampah kanthi pikajengan kita piyambak. Kamangka Gusti Allah, Sang Padhang punika tansah setya nuntun gesang kita. Awit saking punika, sumangga kita ngakeni sadaya dosa lan kalepatan kita ing ngarsanipun Gusti. (Pasamuwan ndedonga pribadi)

----- *Wedkal Ening – Pandonga pribadi* -----

Dhuh Gusti, kawula sampun ngakeni dosa lan kalepatan kawula, apuntenana kawula, dhuh Gusti. Amin.

U: **(Ngidungaken: KPKL 57:1-3)**
 KPKL 57:1-3 “RAWUHIPUN GUSTI”

1=C 4/4

- 1) Dhuh Gusti kados pundi nggèn kula sung urmat
 Methukken klayan puji mring Ratuning jagad
 Mugi Tuwan madhang lantaran Roh Suci
 Salam kula ndadosna kepareng Paduka
- 2) Saking dampar kang mulya lan kluhuran swarga
 Tuwan tedhak ing donya nunggil lan pra jalma
 Tumut nandhang sangsara ngrembat kasusahan
 Ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran
- 3) Punapa kang njalari dhuh Ratu kang mulya
 Nggèn Tuwan rawuh mriki karsa nandhang papa
 Inggih piwelas Tuwan saha palimirma
 Lan katresnan Sampéyan dhateng tiyang dosa

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Karana agunging sihipun Gusti dhateng saben tiyang ingkang kanthi tulus mratélakaken raos keduwung lan

mratobat, Pramila Gusti Allah karsa maringi kanugrahan:
Ngarep-arepa marang Pangéran Yéhuwah, hé Israèl! awit
Sang Yéhuwah kagungan sih-kadarman, sarta kerep banget
paring pangluwaran. Panjenengané kang bakal ngluwari
Israèl saka sakèhing kaluputané. **(Mazmur 130: 7-8)**
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

U: **(Ngidungaken: KPJ 337)**

KPJ 337:1,2 “DHAHAT NYAWAKU AREREM)”

- 1) Dhahat nyawaku arerem, lan atiku ayem tentrem,
wit Kang Makwasa karsa dadi etuking karaharjanku,
Pamomongku setya tuhu, wah bebètèng lan
panggungsènké.
Aku mesthi datan rebah, wit rineksa déning Allah.
- 2) Dhuh nyawaku sinaosna, reremira ing wardaya
mring Allah kang dakanti-ati. Déné Yéhuwah Pangéran
kang dadi parang santosa, pangauban lamun siniya;
aku mesthi tan gumiwang, wit Allah kang mengku
gesang.

PALADOSAN SABDA *(Umat lenggahk)*

PS: (Pandonga épiklése)

Waosan kapisan:

L1: Waosan kapisan saking: **Yésaya 60:1-6.**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita ananggapi pangandikanipun Gusti kanthi
maos **Masmur 72:1-7, 10-14**, kawaos kanthi sesautan.

Waosan kaping kalih:

L3: Waosan kaping kalih kawaos saking: **Éfésus 3:1-12 ...**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil kawaos saking: **Matius 2: 1-12 ...**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan katindakaken ing padintenan. Haléluya!

U: **(Ngidungaken: Haléhuya)**

HALÉLUYA, HALÉLUYA, HALÉLUYA

Khotbah**Wekdal Ening****PANGAKEN PITADOS**

(Jumeneng)

M1: Sesarengan Kaliyan umatipun Gusti ing sauruting wekdal, sumangga kita mratélakaken kapitadosan kita sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

“Kawula pitados.... Lsp”

PANDONGA SAFAAT

(Lenggah)

PS: (Mimpin pandonga)

PISUNGSUNG

M2: Pisungsung ingkang kita aturaken ing wekdal punika, tinalesan ing pangandikanipun Gusti ingkang sinerat ing Maléakhi 3:10, ingkang makaten, “Sira padha nggawaa pisungsung prasepuluhan kabèh menyang ing gedhong parawatan, supaya ing padalemaningSun anaa tandhon pangan; tumuli Ingsun titi-priksanen, -- mangkono pangandikané Sang Yéhuwah Gustiné sarwa dumadi, -- apa sira ora Sunwengani inebé langit, sarta apa Ingsun ora ngesoki berkah marang sira nganti lubèr?”

Sumangga kita sarengi sarana ngrepèkaken Kidung: KPJ 157
CAOSNA PISUNGSUNG MU

U: **(Ngidungaken: KPJ 157: 1, 2)**

KPJ 157:1-2 “CAOSNA PISUNGSUNG MU”

1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan
klayan lilaning ati, klawan legawa.

Aturna pisungsungmu kanthi suka rena.

Reff.:

*Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah
minangka panuwunmu, wit sihing Allah.*

- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan sarana samubarang saisining bumi, jer sih-rahmating Gusti tansah binabar. Reff.: ...

Pandongga Pisungsung

(Jumeneng)

M: (Mimpin Pandonga Pisungsung)

PANGUTUSAN

Kidung Pangutusan:

U: **(Ngidungaken: KPKL 156)**

KPJ 230:1-3 “KABINGAHAN KANG SEJATI”

1=C 6/8

- 1) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki pasamuwan regeng yekti sesarengan angabekti memuja, misungsung, ngakendosa, lan nyenyuwun, bingah-bingah trus ing manah.
Sung kabegjan dhateng liyan numrahna!
Raharja wit wus prapta Sang Pamarta.
- 2) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki brayat sami tetunggilan wah ngabekti sesarengan ngundhangna Injilnya mrih salir tyang gesang nyata.
Ngluwarana tyang sangsara wah mbelani tyang prihatin, mrih samya rahayu, wit Sang Kristus sampun rawuh.
- 3) Kabingahan kang sejati ing riyadi natal niki, pepanggihan lan pra mitra sesarengan aneng greja memuji mring Gusti wah leladi mring sesami, angrukunna tyang congrahan wah nyirnakna kamitegan, ngegungna sih-tresna. Kristus Gusti sampun prapti.

PS: Sami mengkera ing salebeting iman kapitadosan bilih Gusti Allah Sang Padhang tansah nganthi lampah gesang kita, sinarengan ing sih-rahmat lan katresnanipun Gusti.

BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringi tentrem-rahayu.” Amin.

U: **(Ngidungaken: Haléluya, amin)**

[KHS/TK]



**BAHAN TATA
PANGIBADAH
Minggu Pambaptisan Yesus**
Minggu, 8 Januari 2023

Katrangan:

PS: Palados Sabda

M: Anggotaning Majelis Gréja

U: Umat

**Dados pribadi
ingkang
karenan ing
ngarsanipun
Gusti**

PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken lelagon ingkang nuntun pasamuwan nraosaken pangibadah ingkang badhé katindakaken.
- Bèl Sepisan, Wekdal Ening
- Pawartos Pasamuwan
- Bel Kaping Kalih, Pradata lumebet dhateng papan pangibadah lan nyumed lilin.

TIMBALAN PANGIBADAH

(Umat jumeneng)

M: Pasamuwan ingkang kinasih, ing dinten Minggu Pambaptisanipun Gusti Yésus punika, kita katimbangan ngraosaken maknaning dados putranipun Allah ingkang setya nindakaken dhawuhipun Gusti. Pramila sesarengan sumangga kita ngluhuraken kanthi memuji ngrepèkaken Kidung: KPJ 29:1-3

KPJ 29:1-3 “SUMANGGA SOWAN GUSTI”

- 1) Sumangga sowan Gusti. Haléluya!
Srana kidung pamuji. Haléluya!
- 2) Tyang pracaya nyawiji. Haléluya!
Ing tresna tulus yekti. Haléluya!
- 3) Pujèkna gung panggung. Haléluya!
Kidung konjuk Hyang Agung. Haléluya!

VOTUM

PS: Pangibadah punika katindakaken wonten ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci.

U: **(Ngidungaken: Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita lan saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(Lenggah)

M: Gusti Yésus punika Putraning Allah ingkang setya nindakaken dhawuhipun Sang Rama. Dinten punika kita kaèngetaken malih dhateng timbalan gesang minangka para putranipun Allah ingkang sumadya nindakaken karsani-Pun. Sumangga kita ngluhuraken Gusti kanthi Kidung: KPJ 9:1-2

U: **(Ngidungaken: KPJ 9)**

KPJ 9: 1, 2 HÉ, SARUPANING PRA UMAT

1) Hé, sarupaning praumat, padha mujia mring Allah.

Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.

2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita, langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

PANGAKENING DOSA

M: Kita asring mlampah miturut ing pikajengan kita piyambak. Rumaos paling leres lan yakin dhateng sadaya panenimbang dhiri pribadi. Kamangka sadaya ingkang kita pikiraken ing salebeting karingkahan kita, saged kémawan cengkah kaliyan karsanipun Gusti. Awit saking punika, sumangga kita ngakeni sadaya kalepatan miwah dosa kita ing ngarsanipun Gusti. (Pandonga pribadi)

----- *Wekdal ening---pasamuwan ndedonga pribadi* -----

Dhuh Gusti, punika pangaken kawula sadaya. Apuntenana kawula. Amin.

U: **(Ngidungaken: KPJ 44)**

KPJ 44: 1, 2 AKU WONG KANG DOSA

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan dèn sucekna, srana rahé kang suci.

Reff.:

Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwari kawula saking dosa. Reff.: ...

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Karana agenging sihi-Pun dhateng tetiyang ingkang kanthi
tulus mratélakaken raos keduwung lan pamratobatipun,
Pramila Gusti Allah karenan maringaken sih-rahmati-Pun
ingkang makaten: “Wong duraka karebèn ninggal dalané,
lan wong ala cikbèn ninggal pangrantame; karebèn
mratobat marang Sang Yéhuwah, mesthi bakal kaparingan
sih-palimirma, sarta marang Gusti Allah kita, sabab
Panjenengané bakal ngluberaké pangaksamané.” (Yésaya
55: 7)

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

(ngidungaken: KPJ 110:1-2)

KPJ 110:1-2 “GUSTI PANGUNGSEN KULA”

- 1) Gusti Pangungsèn kula, sèstu gung sih rahmatnya.

Ing sajroning panandhang, lamun bebaya nrajang,
Gusti sung pangluwaran, kula manggih kraharjan.

- 2) Daya karosan kula, winates wontenira.

Srana pasrah-sumarah, mring rèh kwasaning Allah,
kula manggih kabegjan, ngantos dugèng klanggengan.

PALADOSAN WEDHARING SABDA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Épiklése)

Waosan kapisan:

L1: Waosan kapisan saking: **Yésaya 42:1-9**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi sabdanipun Gusti kanthi maos
Masmur 29 sesautan.

Waosan kaping kalih:

L3: Waosan kaping kalih saking: **Lelakoné Para Rasul
10:34-43**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing Injil:

PS: Pamaosing Injil, kawaos saking: **Matius 3: 13-17**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti
lan dipun èstokaken ing padintenan. HALÉLUYA!

U: **(Ngidungaken: HALÉLUYA)**
HALÉLUYA, HALÉLUYA, HALÉLUYA

Khotbah

Wekdal Ening

PANGAKENING PITADOS

(Jumeneng)

M1: Sesarengan Kaliyan umatipun Gusti ing sauruting wekdal,
sumangga kita mratélakaken kapitadosan kita sarana
ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli:
“Kawula pitados.... Lsp”

PANDONGA SAFAAT

(Lenggah)

PS: (Mimpin pandonga safaat)

PERSEMBAHAN

M2: Pisungsung ingkang kita aturaken ing wekdal punika,
tinalesan ing pangandikanipun Gusti ingkang sinerat ing
Masmur 96:8 ingkang makaten: “Pangéran Yéhuwah
caosana kamulyaning asmané, nggawaa pisungsung lan
sébaa marang ing platarané.”

Sumangga kita memuji ngrepèkaken Kidung: KPKL 120:1-3

U: (Ngidungaken: KPKL 120:1-3)

KPKL 120: 1, 2, 3 “SIH KAMIRAHANIPUN ALLAH”

- 1) Sih Tuwan dhuh Allah kula Amengku sajagad rat
Paring Tuwan tumpa-tumpa Siyang dalu amirah
Sawarnining titah Tuwan Lineban kasaénan
Anandhani kasampurnan Ing sih Tuwan tan jajag
- 2) Sih kang murba ing buwana Sih kang nitahken jalma
Manci umuring pra amba Klayan sapatitisnya
Sih kang ngrèh salampah kula Tinakdir sapinanggih
Klayan mirma kang pinuja Kraharjan kang sinuprih
- 3) Sih mirma kang maringaken Putra Tuwan pribadya
Sih mirma kang nyawisaken Panebusing tyang dosa
Margi kang Putra punika Sih wlas Tuwan tumama
Lan akarya basukinya Tyang kumandel sadaya

Pandonga Pisungsung*(Jumeneng)*

M2: (Mimpin Pandonga Pisungsung)

PANGUTUSAN**Kidung Pangutusan:**

KPJ 124: 1, 2, 3 KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan.
Reff.:
Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir.
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti martosken Injil suci.
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthi kula. Reff.:
- 3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya
mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja. Reff.:

PS: Sami mengkera kanthi sukabingah awit Gusti Allah sampun maringi daya kakiyatan kanggé kita nindakaken karsani-Pun. Sumangga kita pratélakaken ugi ing gesang padintenan supados saben tiyang ing sakiwa-tengen kita sumerep pakaryaning kawilujengan saking Gusti Yésus Kristus.

BERKAH

PS: Sami nampènana berkahipun Gusti: “Pangéran Yéhuwah maringi berkah panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringi tentrem-rahayu.” Amin.

U: **(Ngidungaken: HALÉLUYA, amin)**

[KHS/TK]



BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing buku
menika prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 1**
Advèn 1

Waosan:
Matius 1:18-24

**Blaka Suta
Damel Lega**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ. 231:1,2 "KADOS PUNDI DHUH GUSTI"

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
Mugi Gusti madhang lantaran Roh Suci.
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga,
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ. 222:1-3 "DUMELING KAPYARSA"

- 1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,
supados sami sadhiya, rawuhnya Njeng Gusti.
Rèfr.: Gusti paringa manah kang suci,
kénging kanggé ngrumati rawuhnya Njeng Gusti.
- 2) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,
jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiki. Rèfr.:
- 3) Kasucèning manah, karèsikaning tyas,
dédé saking labet amba, kejawi mung sihnya. Rèfr.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Matius 1:18-24

6. ANDHARAN

“Blaka Suta Damel Lega”

Gesangipun manungsa mboten naté saged kalis saking prekawising gesang. Prekawising gesang saged sangsaya damel ruwet lan malah mbundhet nalika klèntu anggènipun ngonceki lan namung kasimpen ing manah kémawon. Kawontenan ingkang saèmper kaliyan punika ugi dipun alami déning Yusuf. Yusuf mrangguli kanyatan bilih pacanganipun³ sampun ngandheg. Kamangka piyambakipun lan Maryam sampun kekah ngudi njagi kasetyan, katulusan lan kasucèn prasetyaning brayat ngantos mbénjang kakehaken neningkahanipun (1:18-19).

Maryam (ing Lukas 1:26-38) punapa déné Yusuf bingung ngadhepi kawontenan ingkang mboten tinemu nalar punika. Tumrapipun Yusuf, margi ingkang nalar kanggé ngudhari prekawis punika inggih punika murungaken prajanjian ningkah utawi medhot (calon) garwanipun kanthi sesidheman supados kalih sisih mboten lingsem lan mboten kaukum tata kemasyarakatan awit kadakwa lampah bédhang (Kaimaman. 20:10). Kamangka Injil Matius njlèntrehaken bilih anggènipun Maryam ngandhéng punika awit saking Sang Roh Suci. Punika minangka satunggaling timbalan agung kanggé kawilujenganing jagad.

Lumantar Malaékat ingkang ngatingali Yusuf ing pangimpènipun, Gusti Allah karsa medharaken rancangan kawilujenganipun kanthi ngeblak lan gamblang (1:20-21). Sikep blaka suta, punapa wontenipun saking péhak Allah ndadosaken Yusuf gadhah kekendelan mblakakaken kuwuring manahipun lan malah lajeng sumedya nampèni margi pangluwaran ingkang dipun bèbèr déning Gusti Allah, inggih

³ Ing tradisi Yahudi, calon garwa/pacangan ugi saged kawestanan garwa sasampunipun wonten proses pasarujukan neningkahan ing antawising kalih sisih. Pasarujukan punika nandhesaken dhateng masyarakat bilih para calon panganten sampun kaiket ing prasetyan anggènipun jejodhoan, pramila mboten saged dipun caket déning calon sanès utawi mboten saged dipun lamar déning pihak sanès.

punika énggal-énggal mujudaken neningkahanipun kaliyan Maryam (1:24).

Sadèrèngipun kalajengaken, sumangga kita raos-raosaken sacara pribadi: “Punapa makna ingkang saged kita pethik wonten ing salebeting sikepipun Gusti Allah ingkang blaka suta punika?”

(Kaparingan wekdal sami ngraos-ngraosaken sacara pribadi)

Kita temtu sampun manggihaken makna ingkang *luar biasa* ing salebeting ngraos-ngraosaken bab punika sacara pribadi. Samangké, mangga kita pirengaken malih sekedhik jejangkep kanggé kaca brenggalaning gesang kita.

Ing wekdal punika kita kaatag supados mboten kesupèn bilih saben prekawising gesang mesthi wonten marginipun. Kekalihipun (inggih punika prekawising gesang lan margi pangluwaran) dados setunggal pakèt ingkang tansah ndhatengi gesang kita. Lan sejatosipun bab punika minangka wewengan (kesempatan) ingkang badhé ndadosaken gesang kita sangsaya majeng lan tuwuh. Prekawising gesang saged dados sarana gegladhèn tumraping manungsa kanggé ngadhèpi kangélaning gesang. Sangsaya kita gadhah pengalaman, sangsaya gampang anggèn kita manggihaken margining pangluwaran. Malahan tarunging batos (pergumulan) ing dinten punika badhé ndhatengaken kasaenan ingkang langkung ageng tinimbang punapa ingkang kita bayangaken sadèrèngipun. Lumantar andharan wanci punika, kita saged sinau bilih:

- Sikep blaka suta lan punapa wontenipun ing ngarsaning Allah punapa déné dhiri pribadi, yektosipun minangka kori saking satunggaling margi pangluwaran.
- Semanten ugi, sikep blaka ingkang kinanthènan tulusing manah, saged nuwuhaken kekendelan ing salebeting nutugaken tékad.
- Menawi tékad kita kanggé ngrampungaken prekawis sampun kagilut-gilut kaliyan Gusti Allah ingkang mahaasih, sampun ngantos bikak wewengan kanggé

ngendheg lampahing gesang, kados pengalaman kita kaliyan Yusuf ing wekdal punika.

7. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ. 198:1,2 - "LAMPAHING GESANG PUNIKI"

- 1) Lampahing gesang puniki tan kalising pepalang,
nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.
Kadya langit kalimputan mendhung kandel lan méga,
ing sasiranira tamtu padhang njingglang sanyata
Rèfr. : Bibar jawah mijil kluwung, mengku janji prasetya;
sasisihing sisah ngantya kluwunging sih Njeng
Gusti.
- 4) Lamun prahara anrejang, peteng ndhedhet limengan,
yakina trusing wardaya, dhatenging pitulungan.
Rumentahing sihé Allah, cihnaning kawlsannya,
awit Gusti angandika, "Aja sumlang ing driya!" Rèfr.:

8. PANDONGA

- Nyenyuwun mugi Gusti Allah karsa madhang manah awit rancanganipun ingkang wonten ing suwaliking kedadosan lan prekawising gesang kita.
- Nyenyuwun mugi kaparingan kekendelan saged jujur, blaka suta kadosdéné Yusuf.
- Nyenyuwun mugi kaparingan kalantipaning manah ingkang tulus temah saged nggesangi kekendelan lan nukulaken kekiyatan anyar.

9. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 225: 1-3 "HALÉLUYA YÉsus KRISTUS"

- 1) Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.
Padhang ing kamulyanipun kawuryan nèng donya.
- 2) Haléluya! Rawuhipun awit welasipun
mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
- 3) Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,
Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 2
Advèn 2

Bacaan:
Matius 25: 31-46

Andum Berkah
Agawé
Bungah
 ☸☸☸

Katrangan:

Warga pasamuwan ingkang brayatipun mboten nunggil pitados utawi gesang piyambakan saged dipun aturi ndhèrèk nunggil ing pakempalan punika.

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 247:1,4 "SUGENG RAWUH, GUSTI"

- 1) Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga
 kang tumedhak nèng donya krana kula,
 "Sugeng rawuh, Gusti saking dalemé Rama,
 rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma"
 Salam, salam!
- 4) Pra pugangga rawuh, lintang kang nganthi
 nedya angaturken pangabekti;
 mas lan blendokmur sinaosaken mring Gusti
 kanthi yakin, yéku Sang Jurubasuki.
 Salam, salam!

3. PANDONGA

4. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 239: 1 & 3 – PINUJI TANSAH

- 1) Pinuji tansah Allah Mamirah
 kang asih mirma maring manungsa,
 nladani kita welas asih ira
 mring tyang kang ringkih nandhang sangsara.

- 3) Pinuji Gusti Kang Maha Kwasa
tedhak manjalma nandhang sangsara,
nadhani kita nresnani pepadha,
temah tiyang papa manggih raharja.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Matius 25:31-46

6. ANDHARAN

“Andum Berkah Agawé Bungah”

Natal punika satunggaling lelampahan rawuhipun Gusti Allah kanggé sedaya makhluk ing ngalam donya punika. Wos-ipun, Natal punika gadhah tigang *dhimènsi* papan lan wekdal, inggih punika:

1. ***Natal minangka lelampahan sujarah ingkang nyata kadadosan ing donya, wetawis kalih èwu tahun kapengker.*** Ing ngriku Gusti Allah rawuh manjalma dados manungsa lumantar wiyosanipun saking guwa garbaning Maryam. Wiyosanipun ing Bèthlèhèm minangka korining éwah-éwahan tumrap takdiring alam raya. Sanajan ta, miyosipun Gusti Yésus minangka kadadosan ingkang sipatipun sapapan (lumampah ing satengahing masyarakat Yahudi ing wewengkon Palestina – Asia Barat Daya) ing rikala semanten, nanging lelampahan punika mbèkta pangaribawa (pengaruh) dhateng jagad lan asipat langgeng. Gusti Allah karsa ngéwahi lelampahaning gesang kasangsaran karana dosa, kagentosan kaliyan kabar kabingahan kanggé alam raya.
2. ***Pangaribawa (pengaruh) dhateng jagad lan asipat langgeng saking Natal samangké nyrambahi ugi sacara nyata wonten ing gesang kula.*** Gusti Allah rawuh ing pengalaman gesang sisah lan bingah panjenengan. Tumraping tiyang ingkang ngudi luwar saking kasisahan, pawartos Injil ndhatengaken pengajeng-ajeng ingkang anyar. Semanten ugi, tumraping tiyang ingkang nglampahi gesang ing salebeting kabingahan utawi ing kawontenan ingkang biasa-biasa kémawon, **rawuhipun Sang Kristus ing Natal badhé maringaken ener**

anyar supados Injil mboten kandheg ing dinten punika kémawon. Natal ugi mbikak *dhimènsi* ing wekdal ingkang badhé dhateng, inggih punika:

3. ***Dhimènsi “Éskatologis” nalika Gusti Allah rawuh malih ing pungkasaning jaman.*** Rawuhipun Gusti Allah ing jaman *eskhaton* (pungkasaning jaman-bs. Yunani) badhé mungkasi nasibing dosa ing sujarah alam raya punika. Rawuhipun minangka Hakim Agung badhé njangkepi pakaryan kawilujenganipun sacara sampurna. Wondéné pungkasaning jaman sujarahipun jagad lan wiwitaning gesang langgeng punika taksih dados wewadi tumrap kita samangké.

Tetiganing *dhimènsi* Natal, kados ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, badhé tansah lumampah rinoncé mboten saged kapisahaken setunggal lan setunggalipun. Bahan renungan Natal punika ngatag dhateng kita sami supados saged ngresep i rawuhipun Sang Kristus sacara nyata ing gesang padintenan kita. Linandhesan Natal ing wekdal ingkang sampun kelampah, samangké kita nyawisaken anggènipun rawuh ingkang pungkasan, inggih Gusti kita ing wekdal ingkang badhé dhateng.

Ing salajeng, pahargyan Natal ingkang kados pundi ingkang kinersaaken déning Gusti kedah kita cawisaken? Matius 25:31-46 nyawisaken pitedah utawi ancer-ancer bilih Gusti Yésus mboten karenan dipun papag utawi kapahargya kanthi cara ingkang kebak *protokolèr* ing pangibadah ingkang wah, *spektakulèr* lan *égoistis*. Gusti Allah langkung karenan dhateng tumindak ingkang sami déné nggatosaken lan andum berkah kaliyan sesami minangka pahargyan kanggé mapag Panjenenganipun.

Gusti Yésus ngersaaken pahargyan Natal ingkang tebih saking karemenaning pista *komersial*. Awit punika sedaya mboten tebih saking pangujaning nepsu blanja manéka warni. Punapa malih ugi asring kawarna déning semrawutipun diskon tutup taun ingkang dipun tawèkaken toko-toko kanggé pados kauntungan. Gusti Yésus ugi mboten ngersaaken pangibadah wah ingkang nelas-nelasaken dana lan malah saged nebihaken

para dhapukaning panitiya lan pasamuwan saking sikep preduli dhateng sesami.

Gusti Yésus ngajak kita mahargya Natal kanthi prasaja lumantar supeketing sesambetan pasedhèrèkan ingkang sami déné migatosaken kabetahanipun sesami. Tumraping tiyang ingkang sami purun andum berkah, mbagèaken dhiri dhateng sesami, Sang Nata ngendika, *“Héh, para kang binerkahan déning RamaningSun, mara, padha tampanana warisan Kraton, kang wis kacawisaké marang sira wiwit dumadining jagad.”* (Mat. 25:34). Tembung *“binerkahan déning RamaningSun”* ing ayat punika wigatos sanget kita gatosaken, awit tembung binerkahan, lingganipun “berkah” (saking tembung: *makarios* - bhs. Yunani) punika ugi gadhah makna: **lubèring kabingahan**. Mila pas kaliyan ingkang dipun ngendikaaken déning Gusti Yésus ing Matius 5:7, *“Rahayu wong kang ambek welasan, awit iku bakal padha olèh piwelas”* sebab *“Rahayu wong wèwèh, katimbang karo nampani”* (Pr. Rasul. 20:35).

Cathetan panglembaranipun para pandhita (para Majus/raja/bangsawan, tiyang-tiyang pinter) saking tanah Wetan dados seksi ing sadéngah wekdal bilih kabingahan ingkang lubèr-lubèr punika tuwuh wonten ing satengahing tumindak andum berkah. Wilujeng ngraosaken banjir-ing kabingahan.

(Para rawuh sesarengan ngrancang satunggaling kegiatan “andum berkah dhateng sesami”).

7. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ. 203: 1,3 – RAHAYU KANG UTAMA LAKUNÉ

- 1) Rahayu kang utama lakuné
ngambah dalaning préntahé Pangéran
Rahayu kang netepi dhawuhé;
wong kang manut ing sapangrèhé Gusti
sarta tansah telatèn netepi
sakarsané klawan éklasing ati
- 2) Gusti mugé ngirid lampah kula
manut-mituruta préntah Paduka
datan pegat salami-laminya;

kula kaparingana manah padhang
 Dhawuh Paduka kula èstokna
 klayan èklas lan gumolonging manah

8. PANDONGA

- Nyenyuwun mugè Gusti Allah tansah madhangi manah lan maringi manah ingkang welas asih kanggé nglajengaken rancanganipun Allah ing sadhéngah kedadosan ingkang dipun alami sesami.
- Nyenyuwun supados kaparingan kasagedan lan wewengan kanggé nyawisaken kegiatan amrih kasaénaning gesangipun sesami.

9. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 431:1-3 – GUSTI ADHAWUH

- 1) Gusti adhawuh yèn kita sami
 kinèn kadya lilin kang amadhangi
 supaya saben wong padhang ing ati,
 wah anggluhurake' Hyang Ma suci
- 2) Saka swarga Gusti mirsani
 ngendi lilin kang bentèr lan kang mati.
 Gusti ya mirsa, apa kita iki
 urip kadya lilin kang madhangi.
- 3) Ing jagad kéné peteng wurahan
 kebak ing dosa miwah kawusahan.
 Mula payo padha nyunarké cahya
 Injil pepariné Gusti kula

[SPWW/IP]

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 3
Advèn 3

Bacaan:
Lukas 3:10-14

Sacekapipun



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 236:1,3 “LINUHURNA, GUSTI PAMARTA”

- 1) Linuhurna! Gusti Pamarta karsa rawuh ing dinya.
 Linuhurna! Gusti Pamarta karsa rawuh ing dinya.
 Jagad bilai, Kristus ngrawuhi, daweg kanca, dèn pepuja !
 Rawuhé Gusti datan ngadili, malah nulungi tyang dosa.
- 3) Linuhurna ! Gusti Pamarta karsa manjing manungsa
 Linuhurna ! Gusti Pamarta karsa manjing manungsa
 Jagad bilai, Gusti ngrawuhi, paring tladha mring tyang
 dosa;
 ngirid mring swarga tyang kang pracaya; swawi ndhèrèk,
 para kanca !

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 233:1-2, “KANCA AGIYAKA”

- 1) Kanca agiyaka! Ing kandhang Bèthlèhèm
 karawuhan Rohing Pangéran.
 Sang Bayi miyos pinaringken kita.
 Rèfr.: Lah payo mrana sujud, lah payo mrana sujud
 ngabekti maring Gusti, Pamarta
- 2) Pamartaning jagad, Putra kang tumurun
 sumèlèh anèng pamakanan.
 Yéku wujudnya prasetyaning Allah. Rèfr.:

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 3:10-14

6. ANDHARAN

“Sacekapipun”

Tiyang sepuh ing tlatah Jawi asring paring pémut dhateng anak-anakipun: “*Aja mangan nganti kewaregen, apa manèh nganti kemlekaren.*” Tetembungan punika saged dipun maknani bilih menawi nedha sampun ngantos kekathahan, ingkang tundhonipun malah mboten saé tumrap keséhataning raga (gampil nuwuhaken sesakit). Kabetahan pangan pancèn dados kabetahan ingkang utami wonten ing gesangipun manungsa. Tangèh lamun manungsa saged gesang tanpa nedha. Awit saking punika ing satengahing bebrayan agung kedah wonten pranatan amrih kacekapaning kabetahan pangan. Kados pundi caranipun supados wonten “*ketahanan pangan*” ing satengahing masyarakat temah mboten wonten pailan. Pailan punika minangka pangancam ing gesangipun manungsa. Manungsa tansah ngudi kados pundi caranipun supados manggihaken tetedhan. Saben tiyang sami makarya, nyambut damel kanthi wekel namung kanggé pados upa. Pramila panyambut damel asring dipun sebat minangka *pangupa jiwa*. Éwa semanten wonten tiyang ingkang awit saking grengsengipun, kelangkung-langkung anggènipun nyambut damel, ngantos-ngantos dipun tembungaken *sirahé wus nganti dadi sikil, lan sikilé wus nganti dadi sirah*. Tegesipun, bilih manungsa pancèn prelu ngupadi amrih kacekapaning gesangipun, saé ing babagan sandhang, pangan lan papan. Tetiganipun punika asring sinebat *kabetahan primèr*. Punapa ingkang badhé kelampah menawi manungsa mboten saged nyekapi kabetahan primèripun? Gesangipun mesti badhé tansah kawarnan déning kasisahan lan was sumelang. Mila waosan kita wanci punika ngajak dhateng kita supados nguwohaken salah setunggaling woh pamratobat, inggih punika gesang kanthi sacekapipun. Gesang kanthi sacekapipun punika sanès gesang ingkang mubra-mubru. Menawi kita sampun rumaos cekap, timbalan kita inggih

punika andum berkah dhateng sesami. Pengalaman ing gesang nedahaken bilih kanggé manggihaken upa dipun betahaken pangudi ingkang wekel.

Yohanes Sang Pambaptis paring sumurup dhateng tiyang-tiyang ingkang nembé nampèni baptisan ing bengawan Yardèn supados sami nguwohaken woh pamratobat (Yoh. 3:8a). Kita mangertos bilih baptisan Yohanes Sang Pambaptis inggih punika minangka baptisan pamratobat. Baptisan Pamratobat punika penting dipun lampahi supados sedaya dosa-duraka kita kaapunten déning Gusti Allah. Kanthi punika saben tiyang sami siyap siyaga nampèni rawuhipun Sang Ratuning Katentreman. Déné Ratuning Katentreman punika ingkang badhé mbaptis tetiyang sedaya sarana Roh Suci (kapiersanana Yoh. 3:3-6). Woh pamratobat kaundhangaken déning Yohanes Sang Pambaptis kanthi cetha lan nglaha. **Sepisan**, tiyang ingkang gadhah rasukan cacah kalih lan gadhah tetedhan ingkang kelangkung, sami kadhawuhan andum berkah dhateng tiyang ingkang mbetahaken. **Kaping kalih**, para juru mupu béya sami kadhawuhan makarya kinanthènan manah supados mboten mupu nglangkungi saking ingkang sampun dipun temtokaken. **Kaping tiga**, satunggaling prajurit – *nggambaraken tiyang ingkang kagungan kalenggahan* – dipun dhawuhi supados mboten ngrampas lan memeres awit kalenggahanipun; lan ugi sageda nyekapi dhirinipun saking punapa ingkang tinampi dados hak-ipun.

Saking tetiganing conto ingkang kaparingaken déning Yohanes Sang Pembaptis, kita pikantuk piwulang ingkang saé, inggih punika supadosa kita nggadhadhana pamikiran “cekap” lan menawi rumaos langkung tegesipun kita katimbalan purun andum berkah. Ing salajengipun, padatan muncul pitakènan, “*Kados pundi caranipun ngukur cekap punika?*” Pitakènan punika mboten prelu kita damel angèl lan ruwèt kanggé dipun tanggapi. Nanging prayogi cekap dipun raos-raosaken kémawon ing salebeting telenging manah. Kita malah badhé keblasuk menawi nyobi ngukur cekap punika kanthi étang-étangan. Lir-ipun, menawi kita sampun rumaos tuwuk, mila sampun dhahar malih ngantos sumlengeren piyambak.

Pitedah punika mulang kita nggadhadhahana raos cekap, mboten mubra-mubru dipun gegeki kanggé ngekahi ingkang kita gadhahi. Éwa semanten malah sageda kanthi éklas ngculaken punapa ingkang kita gadhahi kanthi lubèr-lubèr punika. Pranyata ingkang kelangkung lubèr-lubèr punika asring mbekta akibat ingkang mboten saé tumraping gesang. Mila saking punika, ing mangsa Advèn ingkang kaping kalih punika kita sedaya kaatag ngresepi maknaning cekap ing gesang punika. Kanthi mekaten, ingkang sepisanan kita dipun ajak supados purun mratobat. Sumangga sami niti priksa dhiri kita piyambak-piyambak ing ngarsanipun Gusti Allah kanthi mosik ing salebeting manah mekaten:

- a. Punapa salami punika kita kelangkung keladuk anggèn kita makarya, ngupadi barang kasugihan ngantos-ngantos ngurbanaken wekdal, tenaga, kesehatan, brayat, sesami lan Gusti Allah?
- b. Punapa salami punika kita gesang keladuk mubra-mubru ngantos malah nyupèkaken kabetahan primèr namung kanggé nguja *gèngsi* lan *gaya hidup*?
- c. Punapa kita keladuk medhit, angèl andum berkah dhateng sesami ingkang mbetahaken, karana kita keladuk kuwatir menggalih menawi mbénjang kekirangan?

Sumangga mratobat. Mangga damel éwah-éwahan ing gesang pribadi saking cara gesang kebak kesrakahan ingkang njiret dhiri kita. Katilarna cara gesang ingkang namung nggegeki barang darbé, ngantos ngalang-alangi pepanggihan kita kaliyan Gusti. Mosika cekap, menawi kita sampun rumaos lubèr, lan anduma berkah dhateng sesami ingkang mbetahaken. Émuta, bilih Gusti Yésus rawuh kanthi cara ingkang prasaja sanget. Bab punika saged dados tuladha kanggé cara gesang kita samangké. Amin.

7. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ. 188:1,2, “BIYÈN NGLIRWAAKÉ”

- 1) Biyèn nglirwakaké sabdaning Gusti mung karepé dhéwé kang dènturuti samangké mratobat nyandhong sih-rahmat urip sumarah ing karsaning Allah

Rèfr.: Mula payo énggal dipadha gumrégah!
Mrih sajagad wrata ngluhurken Allah.

- 2) Biyèn tansah mélik bandha kadonyan,
samangké ngupadi bandha kaswargan.
Kanthi anoraga gondhélan Gusti,
dadya tatag, kendel labuh sesami. *Rèfr.:*

8. PANDONGA SAFAAT

- Nyuwun supados ing mangsa Advèn punika kita saged luwar saking jejiret ingkang ngalang-alangi kita pepanggihan kaliyan Gusti Allah.
- Nyuwun supados saben kita purun nampèni timbalan andum berkah dhateng sesami ingkang mbetahaken.

9. KIDUNG PEPUJÈN

KPJ 448:1,2 “PRA PRAJURITÉ GUSTI”

- 1) Pra prajurité Gusti kang samnya dinuta,
aywa padha suwala nyebar kabar adya,
yéku kabar sih rahmat tedhak saka swarga
Kang sinungken pra umat pinurih pracaya.
Rèfr.: Payo, maju, ja giris atimu,
marga Gusti nganthi salakumu!
Payo, maju, undhangna samangkya,
murih kang mblasar, nggetuni, mratobat agya.
- 2) Sajroning prang, sabukan kayektèn, ja lali,
kaadilan dadia keré mitayani.
Trumpahmu cumadhanga Injiling raharja,
Den undhangna warata saindhenging donya. *Rèfr.:*

[LBG/IP]

BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 4
Advèn 4

Waosan:
Matius 5:17-24

Kadhasaraken
Dhateng Bab
Ingkang Aos
 3088

1. WEKDAL ENING PRIBADI

2. KIDUNG

KPJ 26:1-3 “PINUJI GUSTI”

- 1) Pinuji Gusti, kang nitahken jagad,
 siyang ratri tan kendhat, ngganjar sih-rahmat
Rèf.:
 Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
 Haléluya, sagung bekti mring Ratu swargi
- 2) Pinuji Gusti, Sang Jurubasuki,
 kang ngurbanken sarira, nebus manungsa.
Rèf.:
- 3) Pinuji Gusti, Allah Sang Roh Suci,
 kang nuntun ing kraharjan, wah kasampurnan.
Rèf.:

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG

KPJ 91:1-3 SALIR WONG PRACAYA

- 1) Salir wong pracaya ywa urip sembrana.
 Sih-rahmaté Gusti samya dèn tampèni.
 Nadyan lelahanan, nging sih kanugrahan;
 yéku kurban sejati, Sang Kristus Gusti.
- 2) Kaslametanira bisa ilang sirna,
 yèn sira sembrana ngliwakken sabdanya.
 Mula dèn tumemen klayan geter, wedi,
 nggonira manut Gusti, putrèng Hyang Widi.

- 3) Wong pracaya samya di tansah waspada.
Dosa wah panggodha énggal dènkalahna.
Tampanana sih-rahmat sarana pitobat;
antuka tentrem-mulya nèng Gustinira.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Matius 5:17-24

6. RENUNGAN

“Kadhasaraken Dhateng Bab Inggang Aos”

Hèlm mujudaken salah satunggaling pirantos nalika nitih tetumpakan, mliginipun sepèdha motor. Ananging, limrahipun hèlm namung dipun anggè nalika tiyang nitih sepèdha motor badhé kekésahan tebih utawi nglangkungi pos jagi pulisi lalu lintas. Kosokwangsulipun, menawi namung kekésahan dhateng papan inggang celak utawi namung ing margi kampung, limrahipun tiyang nganggep hèlm sanès pirantos inggang wigatos. Migatosaken pangertosan punika, kita ningali bilih tiyang nindakaken satunggaling bab punika kadhasaraken ukum utawi aturan. Menawi tiyang mboten wonten ing salebeting pengawasan ukum utawi “*penegak hukum*”, saged mboten nindakaken punapa inggang kedah katindakaken. Kamangka menawi kita ngrembag bab manganggé hèlm, saleresipun mboten namung ngrembag bab ukum utawi aturan, nanging ngrembag bab kawilujengan tumrap inggang nitih tetumpakan punika. Punapa dhateng papan inggang celak lan ing kampung tiyang mesthi badhé bébas saking kacilakan? Temtu bab punika mboten saged dipun pesthèkaken. Gegambaran bab nganggé hèlm nalika nitih tetumpakan punika mbekta kita dhateng kalih pangertosan inggang béda. Kapisan, nganggé hèlm namung dipun tingali minangka aturan utawi ukum. Déné inggang kaping kalih, nganggé hèlm dipun tingali saking sisih bab inggang aos utawi aji, mliginipun ing bab kawilujengan.

Kalih cara ing bab nganggé hèlm punika asring kita ginakaken ing bab anggèn kita nguri-uri gesanging agami

kita. Anggèn kita nguri-uri gesanging agami kita, asring namung kita tingali saking cara anggèn kita ningali aturan utawi ukum. Kénging punapa kita mboten pareng nyolong? Kénging punapa kita mboten pikantuk mejahi? Kénging punapa kita mboten kénging ngapusi? Asring ingkang dados wangsulan kita: awit bab punika dosa utawi awit Gusti mboten ngersakaken bab-bab punika. Kamangka menawi kita badhé ningali langkung lebet “dosa” utawi “kersanipun Gusti”, kita badhé pinanggih kaliyan bab ingkang langkung wigatos lan wigatos sanget, inggih punika pangaosipun. ukum ingkang kaparingaken déning Gusti kadhasaran wonten ing bab ingkang aos kanggé ngudi gesang, mboten namung kanggé kita piyambak nanging ugi kanggé tiyang-tiyang ing sakiwa tengen kita.

Kénging punapa kita mboten pareng mejahi? Temtu mboten namung awit bab punika dosa, nanging awisan mejahi ngemu bab ingkang aos. Mangga kita bayangaken menawi wonten tiyang ingkang mejahi satunggaling bapak, ingkang jejer sesirahing brayat. Menawi bapak punika dipun pejahi, kamangka piyambakipun punika ingkang mokoki gesanging brayat ing salebeting nyekapi kabetahaning padintenan, kados pundi nasibing brayatipun? Tiyang punika mboten namung mejahi tiyang setunggal, nanging ugi ndadosaken brayat punika nandhang sangsara utawi “mejahi kanthi alon-alon” sawetahing warganing brayat. Mekaten ugi bab nyenyolong, ngapusi, utawi awisan sanèsipun, mesthi kalandhesan satunggaling bab ingkang aos. Masalahipun inggih punika bilih kita sampun marem nalika kita ningali awisan punika saking pangertosan dosa, awit panerak ingkang katindakaken.

Ngrembag bab ingkang aos, kanthi tandhes Gusti Yésus ngèngetaken bilih mboten cekap menawi anggèn kita nglampahi gesang keagamaan kita namung kados para ahli Torèt lan para tiyang Farisi (ay. 20). Para ahli Torèt lan para tiyang Farisi nalika semanten paham sanget ing bab punapa kémawon ingkang dados Angger-anggering Torèt lan ukum-hukum sanès ingkang gegayutan kaliyan bab punika. Ananging, gesangipun tiyang-tiyang punika mboten

ngetingalaken anggènipun sami mbangun turut dhumateng pangaosing angger-angger ingkang ndhasari angger-angger kasebat. Tiyang-tiyang punika paham bilih mejahi punika bab ingkang dipun awisi. Soksintena ingkang mejahi, badhé nampi paukuman (ay. 21). Ananging, ing gesangipun tiyang-tiyang punika nindhes kaum ingkang ringkih kanthi sanget, malah mboten nganggep bilih wanita punika manungsa. Punapa ingkang dipun tindakaken punika rak péranganing raja-pati? Panci leres tiyang-tiyang punika mboten mejahi wanita, nanging tiyang-tiyang punika sampun ngicali kebebasan lan gesang sejatinipun wanita kasebat. Pangaosing angger-angger nalika semantan dados bab ingkang mboten dados kawigatosanipun para ahli Torèt lan tiyang-tiyang Farisi punika.

Malah salajengipun, Gusti Yésus ugi maringi conto ing bab ngaturaken kurban ingkang mboten wonten tegesipun menawi tiyang kasebat taksih nyimpen masalah kaliyan sedhèrèkipun (ay. 23-24). Gusti Yésus sumedya ngènetaken bilih kurban punika cara kanggé mbangun rélasi kaliyan Gusti Allah. Ananging, punapa ginanipun mbangun rélasi kaliyan Gusti Allah menawi kita kesupèn dhateng tegesipun pangaosing bedhami kaliyan sedhèrèk-sedhèrèk kita.

Gesanging kapitadosan kita asring kawengku déning raos ajrih ing bab aturan utawi ukum. Kita rumaos bilih kita nindakaken puniki lan punika, nyingkiri puniki lan punika, nanging punapa ingkang kita tingali namung kulit njawining aturan utawi ukum punika, sanès isinipun. Sejatosisipun, gesanging kapitadosan mboten namung bab satunggaling aturan. Ananging langkung lebet malih katimbang punika, gesanging iman kita kedahipun adhedhasar pangaosing angger-angger.

Gusti Yésus punika tuladha gesanging iman kita. Panjenenganipun ingkang miyos, ngajak kita gesang miturut kersanipun. Minangka manungsa-manungsa natal, ingkang nyawang Sang Putraning Manungsa, sampun pantes kita mbangun gesang kanthi dhasar pangaosing angger-angger ingkang dipun kersakaken déning Gusti Yésus. Natal dados

pancatan kanggé wangsul dhateng wetahing pangaosing iman ingkang kita uri-uri.

Minangka tiyang Kristen saged ugi kita mboten mejahi. Nanging, punapa kita naté ngumbar wirangipun sedhèrèk kita ing sangajenging tiyang kathah? Punapa kita naté ngrembag lan ngawon-awon gesangipun tiyang sanès? Utawi, punapa kita naté ngucapaken komentar-komentar ingkang natoni utawi ndadosaken sedhèrèk kita dhawah, dadosa ing jagad nyata punapa-déné ing jagad maya (sosial media)? Menawi bab punika sampun naté kita tindakaken, punika ateges kita sampun ngicali karakter, kapercayaning dhiri, sarta citra dhirinipun sedhèrèk kita sanadyan kita mboten ngicali nyawanipun sadhèrèk kasebat. Ingkang pundi ingkang badhé kita tingali ing salebeting mekaraken gesang ing iman kita? Punapa iman ingkang namung kulit njawinipun satunggaling ukum agami? Punapa iman ingkang adhedhasar pangaosing angger-angger? Amin.

7. **PANDONGA PRASETYA**

Nyuwun supados Gusti nyagedaken kita saged nindakaken punapa kémawon adhedhasar pangaosing angger-angger, mboten namung adhedhasar aturan.

8. **KIDUNG**

KPJ 222:1-3 “DUMELING KAPYARSA”

- 1) Dumeling kapyarsa sabawa sung warti,
supados sami sadhiya rawuhnya Njeng Gusti.
Rèf.:
Gusti paringa manah kang suci
kénging kanggé ngormati rawuhnya Njeng Gusti.
- 2) Kabingahan amba saèstu nglangkungi,
jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiko
Rèf.: ...
- 3) Kasucèning manah, karesikaning tyas,
déde saking labet amba, kejawi mung sihnya
Rèf.: ...

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA 5**
Dalu dungkap Natal Brayat

Waosan:
Lukas 1:67-80

**Munjer
Dhateng
Kamulyan
Rawuhipun
Gusti**
☪☪☪

1. WEKDAL ENING PRIBADI

2. Kidung

KPJ 34:1-3 “ULUKNA PAMUJI”

- 1) Ulukna pamuji kanthi trusing ati
hé titah mring Gusti Allah kang setya lan mahamirah,
wit sira rinoban berkah.
- 2) Saosa panuwun kanthi masmur kidung
hé sira wong kang pracaya mring Allah sumbering berkah;
wit sira sinung raharja.
- 3) Aturna panggunggung dalasan pisungsung
Mring Allah hé para umat, kang setya paring sih-rahmat,
tan ngétang dosaning jagad.

3. PANDONGA

4. Kidung:

KPJ 123:1-2 “KULA PITADOS MRING GUSTI”

- 1) Kula pitados mring Gusti, peparang ingkang kekah.
Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah.
Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.
Prahara nguber jaladri*, kula tatag ing batos.
Rèf.:
Kula tan was sumelang Gusti tan nilar kula.
Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabdanya.
- 2) Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya.
Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing pandonga.

Siyaga tansah leladi ing sakatoging driya.
 Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.
Rèf.:

Jaladri * = segara

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 1:67-80

6. RENUNGAN

“Munjer dhateng Kamulyan Rawuhipun Gusti”

Bapak ibu lan para sedhèrèk kinasih, ing gesang kita, kita asring mrangguli bab-bab ingkang damel bingung gegayutan kaliyan patrap lan tumindakipun sesami kita. Upaminipun kasus ingkang cekap ramé karembag lan damel gumun inggih punika tumindak mbelok lan ngandangaken sesamining manungsa. Nalika mireng pawartos punika, kita gumun lan bingung. Mekaten ugi nalika mireng kasus-kasus sanèsipun ingkang ndadosaken kita pitakèn: *“Kok bisa-bisané nindakaké bab sing kaya ngono? Apa tumindak sing mengkono iku ora ditetimbang sadurungé? Kepriyé rasané sawisé nindakaké bab kuwi?”*

Pitakènan punika mekaten kémawon tuwuh ing pikiran kita nalika ningali bab-bab ingkang kedadosan ingkang mboten tinemu ing nalar. Ingkang narik kawigatosan, wangsulaning pitakènan punika namung setunggal, inggih punika icaling kendhalèning dhiri.

James Chaplin, satunggaling ahli psikologi nélakaken bilih kendhalèning dhiri mujudaken kasagedan ingkang kaginakaken kanggé nenuntun tingkah polahing dhiri pribadi, sarta kasagedan ingkang kaginakaken kanggé meteg utawi mambengi tingkah polah ingkang tuwuh sacara dadakan. William Hedgcock, satunggaling ahli ing babagan neuromarketing, nélakaken wohing panalitènipun gegayutan kaliyan pawadan kénging punapa manungsa milih ingkang mboten saé ing gesangipun. Miturut piyambakipun, tiyang nindakaken bab ingkang mboten saé awit kendhalèning dhiri ingkang winates. Solusi ingkang dipun tawèkaken Hedgcock

inggi punika srana munjer dhateng sanèsipun kanggé nyingkiri pilihan awon kasebat, utawi kita saged nindakaken bab sanès menawi ingkang awon punika nggegodha kita. Saking ngriki kita saged sumerep bilih kendhalèning dhiri punika sanget mangaribawani ing kaputusaning manungsa ing salebeting asikep dhateng sesami lan dhirinipun piyambak. Nanging minangka manungsa, kendhalining dhiri tansah wonten watesipun. Pramila, kita mbetahaken sanèsipun minangka tetimbangan kita mutusaken patrap lan tumindak punapa ingkang kita tindakaken.

Waosan dinten punika ngemot bab pepujéning Zakharia ingkang ngucap sokur lan bingah awit kaéndahaning gesang ingkang badhé kedadosan nalika Gusti Allah rawuh ing jagad. Gusti Allah ingkang nuwèni umatipun badhé mujudaken pakaryaning kawilujengan ingatasing manungsa. Pakaryaning kawilujengan punika inggi punika pangluwaran kanggé umatipun, nuwuhaken sunguning kawilujengan, ngluwari umatipun saking mengsah-mengsah lan tiyang ingkang nyengiti, sarta nélakaken sih-rahmatipun. Sedaya punika badhé ndadosaken umatipun Gusti Allah ngibadah tanpa raos ajrih ing salebeting kasucèn lan kaleresan. Nanging, sadèrèngipun Gusti Allah rawuh, Yohanes pambaptis, anakipun Zakharia, badhé dados nabinipun Gusti Allah ingkang mahaluhur, ingkang badhé nyawisaken margi kagem Gusti Allah. Tugasipun Yohanes wigatos sanget lan awrat, awit Yohanes kedah suka pengertosan bab kawilujengan ingkang alandhesan pangapuntening dosa awit sih-rahmat lan sih-kawlasanipun Gusti Allah. Yohanes kaparingan ayahan kanggé nyunari umatipun Gusti kanthi pangertosan supados mboten gesang ing salebeting pepeteng, nanging ing salebeting padhang ngantos tumuju margining tentrem rahayu.

Wonten kalih bab wigatos ing waosan dinten punika. Kapisan inggi punika bab ngibadah tanpa raos ajrih ing salebeting kasucèn lan kaleresan. Pérangan punika sumedya ngèngetaken kita bilih tanpa tuntunan lan rawhipun Gusti, kita taksih nggadhahi raos ajrih kanggé ngibadah. Kados ingkang sampun kita mengertosi, pepanggihan kaliyan Gusti

mboten namung bab dhateng ing pangibadah-pangibadah, pembinaan-pembinaan, sarta kegiatan-kegiatan gerejawi sanèsipun, nanging sawetahing gesang kita. Pramila, Zakharia caos sokur lan sukarena nalika Gusti ngrawuhi manungsa awit damel manungsa kuwawi nindakaken pangutusanipun Gusti Allah ndhatengaken tentrem rahayu tanpa raos ajrih.

Bab wigatos kaping kalih inggih punika ayahanipun Yohanes pambaptis kanggé nyawisaken margi kagem rawuhipun Gusti. Bab punika dados wigatos ngèneti kita dèrèng mangertosi kanthi saèstu bab kawilujengan ingkang dhatengipun saking Gusti lan wohing rawuhipun Gusti ingkang ageng sanget kanggé gesanging manungsa. Punapa ingkang mambengi? Inggih pepénginan, kawigatosan lan kamareman kita. Kathah ing antawis kita ingkang taksih remen gesang ing salebeting pepeteng lan wegah gesang ing salebeting padhang. Langkung-langkung nalika pepeteng punika bab ingkang ngremenaken lan maremaken pepénginan kita.

Bapak, ibu, lan para sedhèrèk kinasih, ing gesang padintenan, kita mesthi ngalami bab-bab ingkang mboten ngremenaken ingkang asring ndadosaken kita angèl ngendhalèni dhiri. Bab punika kedadosan nalika kita ngalami tumindak ingkang mboten saé saking sesami kita, nalika kita dipun tatoni déning sesami kita, nalika kita dipun dadosaken pangéwan-éwan déning sesami kita lan bab-bab sanès ingkang ndadosaken kita mboten nyaman/jenjem. Inggih kawontenan-kawonten punika ingkang asring ndadosaken kita kécalan kendhalèning dhiri lan kapungkasan srana tumindak ingkang natoni sesami kita. Mekaten ugi nalika kawontenan lan kondhisi sakiwa tengen kita mboten kados ingkang kita ajeng-ajeng. Kita asring kabereg nindakaken punapa ingkang sampun kita mangertosi bilih punika awon lan mboten saé. Langkung-langkung, nalika kita kedah ngadhepi dhiri kita piyambak ingkang asring nggadahi pepénginan lan kamareman ingkang ndadosaken kita nindakaken sawernining cara kalebet natoni sesami kita. Inggih putusan kita milih bab-bab ingkang cetha-cetha awon

punika ingkang dados tandha bilih kita mboten kuwawi ngendhalèni dhiri. Pramila, kita mbetahaken punjer utami inggih punika rawuhpun Gusti, sanès kawigatosan, pepénginan lan kamareman dhiri pribadi.

Bapak, ibu, lan para sedhèrèk kinasih, minangka umatipun Gusti ingkang nampi pangertosan saking Yohanes, kita kaajak tansah gesang ing salebeting pepadhangipun Gusti. Cara paling saé kanggé gesang ing salebeting pepadhangipun Gusti inggih punika tansah munjeraken dhiri ing kamulyan rawuhipun Gusti. Srana mekaten, kita sangsaya cumawis nampi rawuhipun Gusti kanggé kita. Inggih rawuhipun Gusti punika ingkang badhé mitulungi kita saged tansah nggadhahi kendhalining dhiri.

Nalika kita wonten ing kawontenan-kawontenan ingkang angèl, kita purun tansah ngèngeti bilih kamulyanipun Gusti rawuh ing dhiri kita lan mimpin kita. Inggih kasadharan punika ingkang kedahipun saged mitulungi temah kita mboten ndadosaken samukawis ingkang cetha-cetha awon kita ndadosaken pilihan kita kanggé mujudaken patrap lan tumindak kita ing gesang kita padintenan. Sugeng munjeraken dhiri wonten ing kamulyaning rawuhipun Gusti. Gusti nunggil kaliyan kita. Amin.

7. **Kidung:** KPJ 92:1-2 “SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI”

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tiyang dosa, mrih manggih raharja
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya,
saèstu punika ganjaran dahat agungira.
- 3) Nugraha sumber kakiyatan mring manah kang lesah*,
mrih tan nilar kayektosan, wit lubèr ing berkah.
- 4) Nadyan kathah pepalangnya dalasan rubéda,
tiyang pitados rineksa, sembada gesangnya.

lesah* = sayah sanget

8. PANDONGA

- Nyuwun supados manah lan pikiran kita tansah ngener dhateng kamulyan rawuhipun Gusti.
- Nyuwun supados saben pribadi ugi munjer dhateng kamulyan rawuhipun Gusti.

9. Kidung: KPJ 396:1-3 “SIYANG DALASAN RATRI”

- 1) Siyang dalasan ratri silih gumanti,
tan ana kang langgeng ing bumi.
Mung sih-kadarmaning Allah kang Mahatresna,
katresnanira mangkonoa uga.
- 2) Nadyan kita asring nindakaké dosa,
nging Gusti gung ing pangaksama,
yogya kita tan ndlarung wangkot ing ati,
nimbangi gunging sih-rahmating Gusti.
- 3) Warsa énggal ndhatengna gunging sih-rahmat,
mrih tyang dosa samya mratobat,
yogya kita ngudi gesang mursid yekti,
mbangun-turut, ajrih-asih mring Gusti.

[JSAN/WMS]

BAHAN
Pakempalan Pandonga 6
Tutup Taun - Minangka Brayat

Waosan:
Masmur 32:1-11

Sumangga
Sami
Mbagèkaken
Reflèksi
Iman

1. Wekdal Ening

- 2. Pepujian:** Lagu “Kini Tiba Saatnya” (dinyanyikan 2 kali) –
 sila lihat: <https://www.youtube.com/watch?v=9B29grbvK8>

Kini tiba saatnya kita untuk berpisah
 s’lamat tinggal tahun yang lama penuh kenangan
 Semoga di tahun yang baru Tuhan memberkati
 Kebahagiaan yang lebih dari tahun yang silam.

Sapunika mangsané kita sami pisahan
 Wilujeng nilar warsa lami kebak kenangan
 Mugi ing warsa anyar Gusti nganthi mberkahi
 Kabahagian kang langkung saking warsa kapungkur.

3. Donga Pambuka

4. Litani Tembung lan Pepujèn:

Bapa/Ibu/Tiyang Sepuh:

Sedhela manèh kita arep ninggalaké
 taun 2022

Anak:

Kita sedaya patut ngaturaken
 panuwun sokur konjuk Gusti awit kita
 saged nglampahi warsa 2022 kanthi
 prayogi.

Bapa/Ibu/Tiyang Sepuh:

Sadaya:
Sadaya

Ana seneng lan sedhik kang kita alami.
Ananging kita bisa ngrasakaké lan
neksèkaké yèn Gusti ora naté nilar
kita.
Pinujia Asmanipun Gusti!
(Ngrepèkaken KPJ 117 “Kala Kula
Dhawah”)

Kala kula dhawah tanpa daya,
nyawa kula kapetek, kasiksa
Kula tansah nyuwun tulung mring Gusti,
Karsa rawuh, mrih amitulungi.
Kula tansah kaangkat maring arga,
kula kwawi anempuh prahara;
wah kiyat, wit sinanggi swiwinya,
anglangkungi budidaya kula.

Sadaya: (Kasambet ngrepèkaken KPJ 23:1-3)

Puji mring Allah, Pangéran kang Mahawisesa
Muji ramya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
Nggunggung Gustining pra titah.

Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira
Ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya,
Wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
Tinebus temah waluya.

Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata
Tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
Dadya dilah, andel-andel satuhu
Pujinen lan trusing kalbu!

5. Pamaosing Kitab Suci: Jabur Masmur 32:1-11

6. Renungan Cekak Kanggé Nyawisaken Réflèksi

“Mangga Mbagèaken Réflèksining Iman!”

Bab ingkang paling ndadosaken bingah ing donya punika sanès arta punapadéné raja brana sanèsipun. Ingkang damel kita saged ngraosaken sukabingah lan kabahagyan inggih punika nalika mboten wonten momotan ing manah kita. Pramila momotan-momotan ingkang wonten ing gesang kita punika mesthi kedah dipun udhari. Pangaken dosa sacara pribadi dhumateng Gusti dados salah satunggaling cara kanggé ngudhari momotan-momotan ingkang wonten ing manah kita.

Prabu Dawud, inggih Sang Juru Masmur ingkang nyerat Masmur 32:1-11, asung paseksi bab punapa ingkang naté dipun alami. Dosa ingkang naté dipun tindakaken karaosaken saèstu mbetek manahipun kanthi awrat. sanget. Ananging nalika panjenenganipun ngaturaken sedaya isining manahipun dhumateng Gusti lan mboten wonten ingkang dipun tutup-tutupi saking Gusti, punika ndadosaken panjenenganipun dados lega. Panjenenganipun sinau saking kalepatan ingkang naté dipun tindakaken saha purun mbagèkaken réflèksi bab pengalamaniipun kasebat dhumateng tiyang sanès, kalebet dhumateng kita.

Wonten ing ayat 3-4 Prabu Dawud asung paseksi bilih nalika panjenenganipun ndhelikaken momotan ingkang wonten ing manahipun lan namung nyimpen ing salebeting manah, sedaya punika ndadosaken balung-balungipun dados gapuk. Mboten wonten sukabingah wonten ing gesangipun dalah gesanging brayatipun awit ingkang wonten namung pangluruh-pangluruh ingkan mbosenaken lan ndadosaken swasana dados surem. Ananging saksampunipun Prabu Dawud ngaturaken dosa lan kalepatan ingkang sadangunipun punika dipun dhelikake, saha ngakeni dosa, Pramila piyambakipun rumaos lega lan ngraosaken sukabingah. Wonten ing Masmur 32:1-2 Prabu Dawud ngandika, “Rahayu wong kang kaapura paneraké, kang dosané kaaling-alingan! Rahayu wong kang durakané ora kaétang déning Yéhuwah, sarta kang atiné ora kadunungan cidra.”

Wonten ing réflèksinipun, Prabu Dawud ngraosaken bilih Gusti punika saé lan saèstu saé. Sanadyan umatipun

nindakaken dosa, ananging sih-katresnanipun mboten naté nilar kita. Gusti karenan mitulungi kita supados purun mratobat lan nglampahi gesang anyar. Wonten ing ayat 8-9 Gusti ngandika, “Aku arep mulang marang kowé, dakweruhaké dalam kang wajib kokambah; aku arep mituturi kowé, mripatku tumuju marang kowv. Aja kaya jaran utawa bihal kang ora duwé budi, prelu dienggoni apus (tali lès) lan kendhali.”

Saking pengalaman pait kasebat, Prabu Dawud kersa mbagèkaken réflèksi imanipun dhumateng kita. Prabu Dawud karsa methik piwucaling iman saking kalepatan saha dosa ingkang naté dipun tindakaken. Ing wekdal punika kita kaajak supados purun mbagèkaken réflèksining iman kita tumrap pengalaman pait, dosa lan kalepatan ingkang naté kita tindakaken. Mugi kanthi mekaten kita saged pikantuk manah ingkang lega saha piwucaling gesang ingkang saged dados sangu kanggé kita lumebet ing warsa anyar ingkang sekedhap malih badhé kita ancik. Amin.

7. Mbagèkaken Réflèksi Pengalaman Sisah-Bingah

ingkang kedadosan ing warsa 2022 ingkang paling mirungan. (Saben anggotaning brayat kaparingan wekdal kanggé mbagèkaken pangalamanipun).

8. Ngidung KPJ 395:1,2 “Sawatara Aku Nolèh”

- 1) Sawatara aku nolèh marang dalam kang dakliwati;
Sihé Gusti kang daktampa kanthi éraming ati.
Sanadyan akèh alangan wah kadhang lelimengan,
Nanging Gusti karsa nuntun. Mulané aku ngungun,
Wit astaning Allah ngreksa, temah rumangsa begja.
- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya
Ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan.
Kadiparan nggonku nampa sih-tresnané Kang Kwasa?
Daklakoni, dakedumken marang umat sadonya.

9. Donga Gilir-Gumantos: Ingkang setunggal ndongakaken sanèsipun, ngantos sedaya ingkang tumut Pakempalan Pandonga pikantuk giliran ndedonga lan dipun dongakaken. Pandonga dipun pungkasi kanthi ndedonga kanggé lumebet ing warsa anyar.

10. Kidung Panutup: KPJ 155:1-3 “Aku Tan Naté Mangerti”

- 1) Aku tan naté mangerti kapan begja cilaka,
Mung tansah pasrah mring Gusti, yéku Pamarta setya
Mantep pracaya ing ati manut rèh lan sabdanya.
Tinuntun dumugèng janji mring kasampurnan Swarga.
- 2) Aku asring tan mangerti karsèng Allah Makwasa
Donga panyuwuning ati tan kajurungan nulya
Nging yektiné, Gusti nganthi, astanya tansah ngreksa
Dé panuntuning Roh Suci, sirna pangrèhing dosa.
- 3) Uripku ing pangrèhé Gusti, tan ana pangrèh liya.
Kasarasan lan rejeki, wuwuhing sih-nugraha.
Rancangan tinata tliti, pratandhaning sutresna.
Aku tan kwatir, tan wedi, mung begja kang pinanggya

[MH]

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI INTERGENRASIONAL

**Minangka satunggaling bakalan,
menapa ingkang kacawisaken ing buku
menika prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun pasamuwan
piyambak-piyambak**

**BAHAN PANYURAOS
KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL 1**

Waosan:

Mazmur 19:1-15

**Alam
Mratélakaken
Kamulyanipun
Allah**

Tujuan:

1. Para panyuraos mengertosi bilih kaéndahanipun alam raya punika saèstu mujudaken titahipun Allah ingkang nélakaken Maha Kuwaosipun
2. Para panyuraos ndarbèni raos tanggel jawab kanggé ngrimati alam raya punika minangka wujuding pepujèn lan pamuji sokur dhumateng Allah

PURWAKA

Gumrégahipun pariwisata Indonesia ing wekdal samangké nedahaken kemajengan ingkang rancag. Saben wilayah ngetingalaken laladan wisata ingkang sumberipun mboten sanès inggih kaéndahanipun alam punika. Satunggiling laladan wisata ingkang swaunipun namung limrah kémawon tumrap warga masyarakat lokal, lajeng ngalami éwah-éwahan ageng dados laladan wisata ingkang kawentar dumugi pundi-pundi. Èstunipun, alam mboten naté katelasan pérangan-pérangan éndah ingkang pantes dipun pamèraken. Manungsa saged kadamel éram mboten namung winates ing sisih kaéndahanipun kémawon, nanging ugi maknaning sejarah ingkang kinandhut.

Pitakènan ngéngingi saking pundi dalah sinten ingkang sampun nitahaken alam raya punika, saged tansah mujudaken panyuraosan ingkang nengsemaken manah. Lantaran ngélmü lan kasagedan ingkang dipun darbèni, manungsa saged kémawon naliti bab kawontenanipun alam raya punika. Nadyan mekaten, ingkang winastan alam raya punika saèstu jembar teba lan watesipun ingkang ngandhut “wadi” (misteri) ingkang mboten

gampil kawiyak déning ngélmu lan pangertosanipun manungsa. Kanthi migunakaken kaca tingaling pracaya, malah “wadi” punika ingkang èstunipun saged madeg dados pratélaning karsanipun Allah dhumateng manungsa. Cekakipun, alam raya punika nedahaken kaéraman tumrap Maha Kuwaosipun Allah. Kaéndahan dalah tumatanipun alam raya punika ugi badhé nyariyosaken kaagunganipun Allah.

Kamulyanipun Allah mesthi tansah sinimpen ing saben kaéndahanipun alam. Inggih mekaten punika tiyang ingkang pitados, ngakeni dalah mulyakaken Allah saben-saben nyeksèni kaéndahanipun alam raya punika. Émanipun, sikep ingkang mekaten punika asring kandheg namung wonten ing pangaken lan kaéraman kémawon. Ing wekdal punika, kita nyeksèni karisakan lan morat-maritipun alam raya punika, inggih karana pratingkahipun manungsa. Para wisatawan ing saksisih sami éram dhateng kaéndahanipun alam, nanging ing sisih sanèsipun pratingkahipun malah lajeng asipat ngrisak alam raya punika. Mbucal sampah (uwuh) saenggèn-enggèn, nyorat-nyorèt témboking guwa, natoni wit-witan kanthi damel tulisan ing badanipun wit-witan kalawau lan sakpiturutipun. Punika sedaya nedahaken bilih pratingkahipun para wisatawan kalawau, mboten laras kaliyan kaéraman lan pangaken tumrap kamulyanipun Allah ingkang sinimpen ing waliking kaéndahanipun alam raya punika. Kaéndahan lan kaselarasaning alam raya punika mujudaken “maha-karyanipun” Allah, ingkang kedah tansah karimat lan kajagi kalestarènipun déning manungsa.

PANYURAOSING TEKS

Masmur 19 punika kalebet kempalanipun Masmur Dawud ingkang limrahipun kaginakaken ing salebeting pangibadah Yahudi. Masmur punika badhé nedahaken “wahyunipun” Allah dhumateng manungsa, lumantar kalih prekawis, inggih punika “wahyu” ingkang umum sipatipun, lan “wahyu” ingkang mirunggan. “Wahyu” umum dipun tedahaken lumantar alam raya punika (ayaat 2-7). Déné “wahyu” ingkang mirunggan dipun tedahaken lumantar pranatan Torèt (ayat 8-11). Wahyunipun

Allah kekalih punika, darbé ancas lan tujuan supados manungsa tepang dhumateng Allah dalah ngegungaken Asmanipun.

Ing ayat 2-7, Dawud paring gambaran sacara ngéram-éramaken bab lelampahanipun alam raya ingkang saèstu gesang lan tumata. Srengéngé ingkang jumedhul saking sisih wétan lan angslup ing sisih kilen, kagambaraken kadosdéné lampahipun tiyang jaler ingkang nembé medal saking kamaripun, lan ugi kadosdéné satunggiling pahlawan ingkang kanthi kebak raos bingah badhé wiwit nempuh lelampahan ing margi. Mboten wonten pérangan ing salumahing bumi ingkang mboten nampèni angeting soroting surya. Tumrapipun Dawud, alam raya punika, tetep tansah nyimpen “wadi” ingkang angèl kawiyak déning manungsa, sanadyan wonten ing salebeting kawontenan ening tanpa mobah mosik. Sanadyan mekaten, Dawud ngakeni bilih lumampahipun alam raya dalah sedaya kawontenan ingkang dumados, èstunipun mujudaken pakaryan astanipun Allah. Sedaya kaéraman lan kaéndahanipun alam raya, nyariyosaken kamulyanipun Allah.

Menawi alam raya punika dipun pitadosi minangka kamulyanipun Allah, mila Pranatan Torèt dipun pitadosi minangka “wahyu” mirungganipun Allah, saged sangsaya ngekahaken kapitadosanipun Dawud. Ing ayat 8-15, sacara mirunggan, Dawud ngandharaken bab Torèt minangka wujud rawuhipun Allah, ingkang nyegeraken manah. Manungsa mboten namung mangertosi lan tepang dhumateng Gusti minangka ingkang nitahaken langit lan bumi, nanging ugi ngakeni lan tepang dhumateng Gusti minangka Pangrimating gesang. Panjenenganipun tansah ngrimati manungsa punapadéné alam raya punika. Torèt ingkang ngemot pranatan-pranatanipun Allah maringaken kawicaksanan dhumateng manungsa, supados mboten sami gesang nasar. Torèt minangka Pangandikanipun Allah, mulang manungsa kanggé tansah nglampahi gesang ing salebeting tresna dhumateng Allah, sesami punapadéné tansah sagah ngrimati alam raya punika.

CAK-CAKANING GESANG

Minangka tiyang pitados, kita sami pitados lan ngakeni bilih Gusti Allah punika ingkang sampun nitahaken langit lan bumi punika. Cariyos bab dumadinipun jagad kados ingkang sinerat ing kitab Purwaning Dumadi bab setunggal, nyethakaken bab pakaryan astanipun Allah ingkang mboten namung winates ing babagan nitahaken kémawon, nanging ugi ing bab ngatur lan mranata sedaya ingkang sampun katitahaken, satemah sedayanipun dados saé. Alam raya ingkang éndah lan tumata punika dangu-dangu ngalami karisakan, ingkang salah satunggal sebabipun inggih punika pandamelipun manungsa. Minangka tiyang pitados ingkang saé, mesthinipun kita mboten badhé kandhek wonten ing raos éram lan pangaken tumrap kamulyanipun Allah ing sewaliking kaéndahanipun alam raya. Mesthinipun kita ugi nggadhahi raos pangraos kanggé njagi lan ngormati alam raya punika.

Natal punika mujudaken lelampahan wiyosanipun Gusti Yésus, minangka pangéjawantahing Allah wonten ing sarira manungsa. Cariyos wiyosipun Yésus mboten namung ngemot panampi lan pamuji ingkang dipun tindakaken déning manungsa kémawon (para tiyang Majus lan para pangèn). Alam raya punika tetéla ugi nggadhahi tanggal jawab lan tumut cawé-cawé ing salebeting lelampahan miyosipun Yésus punika. Ing salebeting kitab Injil Matius, kacariyosaken wontenipun lintang wétan ingkang nuntun lampahipun para tiyang Majus sowan lan manembah Yésus. Lintang punika dipun mangertosi minangka pratandha rawuhipun Sang Mesih, ratunipun tiyang Yahudi (Mat. 2: 9). Semanten ugi ing Injil Lukas, lumarapipun ménda-ménda ingkang kagiring déning para pangèn tumuju dhateng Bètlehèm kanggé nyeksèni bayi Yésus, dados pralambang bilih sedaya ingkang sampun cinipta déning Allah ing alam raya punika, sami tumut abebingah lan mulyakaken Allah.

Natal mesthi tansah andhatengaken kabingahan lan tentrem rahayu. Natal mboten sadremi namung dipun pahargya kanthi ramé kebak kabingahan, ananging ugi dipun pahargya kanthi pangraos bilih manungsa punika namung sapérangan alit saking alam raya ingkang ugi mratélakaken kamulyanipun Allah. Sarana pangraos ingkang mekaten punika, tumindak

pahargyan Natal sampun samesthinipun jumbuh kaliyan tanggal jawab kita kanggé njagi lan ngrimati alam raya punika.

Lampahing Pirembagan

1. Kaajengna pitakènan dhateng para panyuraos kados pundi wangsulaning raos pitados para panyuraos nalika nyeksèni kaéndahaning alam raya? Mekaten ugi punapa wangsulaning raos pitados para panyuraos nalika nyeksèni alam raya ingkang éndah punika dados reged lan risak?
2. Kaandharna bahan panyuraos Kitab Suci punika kanthi migunakaken basa ingkang gampil, saged dipun mangertosi kanthi cetha déning sedaya ingkang rawuh ingkang manéka-warni yuswanipun punika!
3. Kaajengna pitakènan dhateng para panyuraos: “Prekawis punapa kémawon ingkang saged anjalari kaéndahanipun alam raya punika dados risak?”
4. Para panyuraos sami kaajaka ningali modhèl-modhèl pahargyan Natal ing gereja. Punapa wonten pahargyan Natal ingkang mboten “ramah lingkungan?” Sami kasuwuna nyukani sawetawis conto lan alesanipun.
5. Para panyuraos sami kaajaka ndamel modhèl pahargyan Natal ingkang ramah lingkungan minangka wujuding tumindak ngagungaken kamulyanipun Allah lumantar kaéndahanipun alam raya.

[DKP/YTD]

**BAHAN PA NYURAOS
KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL 2**

Waosan:

Yohanes 3:22-30

**Aja Ngrampas
Kamulyaning
Allah**
☪☪☪

Tujuan:

1. Panyuraos mengertosi bilih gesang punika mujudaken nugrahanipun Allah, satemah sedaya pakaryan ingkang katindakaken sageda dados wujud sumunaring kamulyanipun Allah.
2. Panyuraos nggadhahi tekad nindakaken sedaya pakaryan lan paladosanipun ing salebeting watak lembah manah.

PURWAKA

Tumrap sapérangan umat Kristen, Natal dipun mangertosi minangka puncaking pahargyan ing pitados (iman). Sedaya pacawisan kapranata kanthi saé lan kapenggalihaken sacara mateng. Malah ing saben pasamuwan sami dipun dhapuk tim utawi panitya kanggé nyawisaken lan ngleksanani sedaya urutan acara Natal. Natal tansah dipun mangertosi sami kaliyan kabingahan lan tentrem rahayu. Namung émanipun, kumandhanging kabingahan tuwin tentrem rahayu punika, asring cengkah kaliyan kanyatan ingkang pinanggih. Béda pamanggih, asring tansah pinanggih ing sedaya tumindak ing pecawisan ngantos titi wancinipun pahargyan Natal katindakaken. Menawi bédaning pamanggih kasebat dipun adhepi sacara dhéwasa, mila swasana pahargyan Natal mesthi badhé ndhatengaken kabingahan dalah tentrem rahayu. Kosok-wangsulipun menawi béda pamanggih punika lajeng nuwuhaken kanepson lan raos cuwa, mesthi kémawon Natal mboten badhé ndhatengaken kabingahan punapadéné tentrem rahayu. Mboten namung kèndel wonten ing mriki kémawon, malah sanadyan pahargyan Natal sampun rampung, kanepson lan raos cuwa kasebat asring taksih

kalajengaken ngantos nuwuhaken dredah. Béda ing pamanggih èstunipun prekawis ingkang limrah. Ingkang mboten limrah inggih punika menawi béda ing pamanggih punika dados jalaran tuwuhipun dredah lan padudon.

Saben tiyang pitados katimbangan saged tumut cawé-cawé ing timbalaning paladosan. Saben pribadi misungsungkaken dhiri pribadinipun kagem kamulyanipun Gusti lumantar manéka-warninig wujud paladosan. Mesthinipun cetha bilih sedaya prekawis ingkang katindakaken ing salebeting lelados masamuwan punika mligi namung kagem kamulyanipun Gusti. Éwasemanten prelu dipun simak kanthi taliti bédanipun ing antawisipun mulyakaken Gusti kaliyan mulyakaken dhiri pribadi, ingkang èstunipun namung tipis kémawon. Punapa malih menawi ing salebeting paladosan kasebat kabangun swasana gesang tetandhingan. Menawi mekaten, paladosan dhumateng Gusti wekasanipun namung badhé dados ajanging sedyana ngetingalaken ungguling dhiri supados pikantuk pangaken lan pangalembana saking asanès. Ing sakpandurat, ketinggal lelados kagem kamulyanipun Gusti, nanging tanpa dipun lengganani, ingkang nembé lelados kasebat sampun nèmpeleken “kamulyan” kasebat wonten ing dhiri pribadinipun piyambak. Tandha-tandha ingkang mekaten pantes dipun waspadani lan lengganani. Sikep lembah manah badhé dados paugeran ingkang kedah kabangun ing salebeting gesang lelados, supados kita mboten sami kajeglong ing salebeting sikep lan tumindak ingkang “ngrampas kamulyanipun Gusti”.

PANYURAOSING TÈKS

Yohanes 3: 22-24 nedahaken kawontenanipun kalih pakempalaning lelados, inggih punika pakempalan leladosipun Yésus lan pakempalan leladosipun Yohanes. Leladan paladosan antawisipun kalih pakempalan lelados kasebat, pancèn mboten sami. Injil Yohanes nerangaken bilih Yésus lan para muridipun sami lelados ing tlatah Yudéa (ay. 22). Déné Yohanes lelados ing Ainon caket Salim ingkang wonten ing wewengkonipun Galiléa. Bédaning leladan paladosan punika mesthi kémawon mboten badhé nuwuhaken sénggolan ing antawisipun pakempalan leladosipun Yésus lan Yohanes. Prekawisipun malah tuwuh awit

wontenipun baptisan. Para muridipun Yohanes nggadahi pamanggih ingkang béda kaliyan satunggaling tiyang Yahudi ing bab baptisan, ingkang kanggep nggadahi daya nyucèkaken (ay. 25). Ketingalipun tiyang Yahudi punika mujudaken salah satunggaling tiyang ingkang nampèni baptisanipun Yésus utawi pendhèrèkipun Yésus, satemah piyambakipun nanjihaken makna baptisanipun Yohanes. Sanadyan èstunipun ing Yohanes 4: 1-2 katerangaken bilih ingkang nindakaken baptisan punika sanès Yésus, nanging murid-muridipun.

Bédaning pamanggih punika anjalari manahipun para muridipun Yohanes ngraos mboten sreg. Tiyang-tiyang punika lajeng wadul dhumateng Yohanes, ngantos kados-kados nuwuhaken imbalan ing antawisipun Yésus lan Yohanes. Pundi ingkang kawawas langkung saé utawi malah mujarab saking kalih baptisan kasebat. Tetembungan “Panjenengané uga mbaptis, lan kabèh wong padha sowan supaya dibaptis” nedahaken sikep manahipun para muridipun Yohanes, ingkang nembé gorèh. Tiyang-tiyang punika wiwit neksèni kathahipun tiyang ingkang sami éram lan lajeng ngetut mburi Yésus. Ketingalipun para muridipun Yohanes sami kuwatos bilih kasil dalah kawentaripun sang guru wiwit surut menawi katimbang kaliyan Yésus.

Mireng panggresahipun para murid punika, Yohanes mboten ngetingalaken raos kuwatos utawi serik. Kosok-wangsulipun, Yohanes ngèngetaken malih para muridipun ngéngingi jati diri pribadinipun ingkang èstunipun namung satunggaling utusan ingkang ngrumiyini rawuhipun Sang Mesih (ay. 28). Yohanes nglengganani kalenggahanipun ingkang langkung andhap katimbang Yésus, Sang Mesih. Yohanes ngèngetaken para muridipun supados mboten nggunggung dhiru, awit piyambakipun punika namung satunggaling utusan ingkang nampi nugrahanipun Allah. Tanpa nugrahanipun Allah ingkang mekaten punika, Yohanes mboten nggadahi artos punapa-napa (ay. 27).

Salajengipun, Yohanes ngajak para muridipun supados nggeneraken paningalipun dhumateng Yésus, Sang Mesih. Piyambakipun ngginakaken gegambaran bab temantèn jaler lan temantèn putri ingkang saèstu dipun mangertosi kanthi saé déning tiyang-tiyang Yahudi. Sang Mesih punika pindhha temantèn

kakung ingkang nggadhahi hak ndarbèni temantèn putri. Déné Yohanes mapanaken dhiri pribadinipun minangka mitra sinarawèdinipun temantèn kakung, ingkang jumeneng ing sacedhakipun temantèn kakung lan tansah abebingah saben-saben mireng swantenipun mitra sinarawèdinipun. Yohanes saèstu mangertos bilih mboten pantes menawi piyambakipun ngrampas kamulyan punika saking Gusti Yésus. Sanès piyambakipun ingkang kedah sangsaya misuwur lan mulya, nanging Yésus Sang Mesih ingkang kedah sangsaya misuwur lan mulya.

CAK-CAKANIPUN

Natal ing pasamuwan minangka pahargyan gesang pitados (iman) bab rawuhipun Kristus dhateng jagad punika, mesthi dipun cawisaken kanthi tumemen. Pecawisan punika sanès namung prekawis urutaning acara ingkang cinawis sacara prasaja punapadéné ingkang sarwi élok. Sikep lembah manah lan panglenggana bilih sedaya prekawis ingkang katindakaken punika èstunipun namung kagem kamulyanipun Gusti kèwala. Saben warganing pasamuwan pancèn tinimbalan kanggé tumut cawé-cawé, saé ing salebeting cecawis punapa déné tumut abebingah ing salebeting pahargyan Natal ing pasamuwan. Sanadyan mekaten, saben tiyang pitados kedah tansah waspada wontenipun panggodha kanggé pados kawigatosan lan pangalembana tumrap dhiri pribadinipun piyambak, lumantar pakaryaning lelados kasebat. Sampun ngantos kita sami kagodha kanggé ngrampas kamulyanipun Allah, lan ngganggep menawi kamulyan punika darbèk kita sedaya. Kabingahan lan tentrem rahayunipun Natal sanès swasana ingkang lahir sacara otomatis, nanging kabudidaya lan kabangun déning sawetahing warga pasamuwan lumantar pakaryan paladosanipun piyambak-piyambak.

Pitakènan Panuntun

1. Kaajengna pitakènan dhateng para panyuraos, punapa naté ngraosaken kepéngin dipun puji lan dipun istimewaaken awit paladosan ingkang katindakaken? Menawi naté, sumangga sageda kacariyosaken sacara cekak aos.

2. Punapa ingkang Ibu, Bapak, lan Sedhèrèk tindakaken kanggé ngatasi pepénginan lan raos ingkang mekaten kasebat?
3. Punapa ingkang kedah kita lampahi kanggé mbangun swasana paladosan ingkang saged suka pangaji tanpa dhumawah ing pangalembana dhumateng dhiri pribadi?
4. Punapa ingkang kedah kita tindakaken kanggé mbangun swasana paladosan ingkang kalis saking semangat tetandhingan?

[DKP/YTD]

**BAHAN PANYURAOS
KITAB SUCI
INTERGENERASIONAL 3**

Waosan:

Titus 2:11-15

**Sih Nugrahanipun
Allah Tumrap
Jagad**
☪☪☪

Tujuan:

1. Panyuros mangertosi makna wiyosipun Kristus minangka nugrahanipun Allah dhumateng jagad.
2. Panyuraos sami atur panuwun awit nugrahanipun Allah, sarana nglampahi gesang ingkang jumbuh kaliyan panggulawenthahipun Allah.

DHASARING PANIMBANG

Natal mujudaken lelampahan pitados ingkang dipun pahargya saben tahun. Natal ngènetaken kita sedaya bilih Allah kepareng mratélakaken sih nugrahanipun lumantar Yésus Kristus. Wiyosipun Yésus mujudaken peparing sih nugrahanipun Allah tumrap jagad punika. Lumantar Yésus, Allah nawèkaken margining kawilujengan saking dosa, inggih punika dosa ingkang sampun ngrisak sesambetanipun manungsa kaliyan Allah. Risakipun sesambetan kaliyan Allah dados jalaran risakipun sesambetan kaliyan jagad.

Kanugrahan wonten ing Yèsus saged damel sesambetan kasebat kapulihaken malih. Margining kawilujengan punika saèstu nyata wonten ing Yésus. Panjenenganipun ngapunteni dosa lan nganyaraken gesang. Lumantar panyuraosing Kitab Suci punika, para panyuraos kaajab saged mangertosi makna wiyosipun Kristus minangka nugrahanipun Allah, saha caos panuwun dhumateng nugraha kasebat, sarana nglampahi gesang ingkang jumbuh kaliyan panggulawenthahipun Kristus.

1. TATARAN INKGANG KAPISAN

Para panyuraos sami kaajaka memuji utawi mirengaken lagu
“Karena Kita” wonten ing youtube ngandhap punika:

Waktu kecil kita merindukan Natal
Hadiah yang indah dan menawan
Namun tak menyadari Seorang Bayi t’lah lahir
Bawa kes’lamatan ‘tuk manusia

Chorus:

Karena kita Dia menderita
Karena kita Dia disalibkan
Agar dunia yang hilang diselamatkan
Dari hukuman kekal

(https://www.youtube.com/watch?v=rILIM_KopPQ)

Sasampunipun memuji utawi mirengaken lagu, para panyuraos sami kasuwun andum pengalamani pun adhedhasar 2 pitakènan ngandhap punika:

- Miturut panjenengan, punapa maknaipun Natal punika?
- Punapa ingkang anjalari Natal kécalan maknaipun?

2. Maos Titus 2:11-15

3. KATERANGANIPUN TÈKS

Serat Titus sinebat serat Pastoral. Tujuan umumipun dipun pratélakaken: “kanggé ngrimati gesang pitadosipun para pilihanipun Allah, dalah kawruh tuwin kayektèn kados ingkang katingal ing salebeting pangibadah kita” (Tit. 1: 1). Saking tetembungan “ketingal ing salebeting pangibadah kita” nélakaken bilih wekdal semanten sampun kadhapuk wontenipun pakempalanipun tiyang pitados ingkang sampun wiwit mapan.

Sasampunipun maringaken pitutur ngéngingi cara gesangipun sapérangan warga pakempalan ingkang mboten tumata, dalah ngéngingi guru palsu ingkang nasaraken (Tit. 1:

10), rasul Paulus lajeng paring pitutur bab kewajiban-kewajiban ingkang prelu dipun tindakaken déning warganing pakempalan tiyang pitados kasebat (Tir. 2: 1-10). Ing salebeting pitutur kasebat, umat sami kaatag saged dados conto gesang ing satengah-tengahing jagad, ingkang badhé kaslametaken déning Gusti. Contoning gesang sinebat sacara cetha, ing antawisipun inggih punika: gesang wicaksana, adil lan kebak panembah salaminipun gesang wonten ing jagad punika (Tit. 2: 12).

Dhasar saking pitutur punika pinanggih wonten ing pangertosan bilih adrengipun Gusti badhé nylametaken sedaya manungsa punika saèstu nyata (Tit. 2: 11). Sih nugrahanipun Gusti punika ndamel tiyang-tiyang Kristen sagah nglampahi gesang miturut ing karsanipun Allah. Gusti Yésus nyata-nyata sampun naté tedhak dhateng jagad punika. Panjenenganipun ugi badhé rawuh malih. Para umat sami ngantu-antu rawhipun malih kanthi nglampahi gesang jumbuh kaliyan nugrahanipun Allah punika.

Supados para umat gesang manut miturut karsanipun Allah, Panjenenganipun karsa nggulawenthah umatipun satemah para umat kasebat saged nilaraken kadurakan lan pepenginaning kadonyan. Ing salebeting Kitab Suci basa Indonesia Masa Kini, kadurakan punika kasebataken awujud gesang ingkang lelawanan kaliyan karsanipun Allah. Caranipun Allah nggulawenthah umatipun supados gesang miturut karsanipun, kawiwitan sarana anggènipun Allah paring sih nugraha. Kanugrahan ingkang mekaten punika kaparingaken mboten minangka pungkasan panggulawenthahipun Allah. Wohing gesang manut miturut karsanipun Allah mujudaken gesang ingkang wicaksana, adil lan tansah ngabekti dhumateng Allah ing salebeting jagad samangké, sinartan tansah ngantu-antu kapenuhanipun pangajeng-ajeng kita wonten ing Sang Kristus.

Ayat 13 ingkang mratélakaken: “Kalawan manganti-anti marang ing katetepané pangarep-arep kita, kang kebak ing karahayon lan ngatingalaken kamulyaning Allah kang Maha Agung sarta Pamarta kita Gusti Yésus Kristus”. Panjenenganipun sinebat Mahaa Agung karana

Panjenenganipun pancèn nyatunggil kaliyan Sang Rama. Kajawi mbekta pangapuntening dosa, Panjenenganipun rawuh wonten ing jagad punika ugi supados Panjenenganipun nganyaraken gesang (ay. 14). Anyaring gesang dados wujuding pangluwaranipun umat saking sedaya kadurakan, gesang ing salebeting kasucèn dalah sregep ing tumindak saé.

Sasampunipan ngandharaken piwulang bab sih nugraha ingkang nylametaken dalah nganyaraken gesang, ayat 15 ngemot pangatag supados martosaken sedaya prekawis punika dhateng jagad. Timbalan martosaken kapérang dados kalih pangatag, inggih punika: “pituturana” lan “sumurupna”. Mituturi mujudaken prekawis ingkang saé kanggé nuntun tiyang ingkang pancèn mbetahaken tuntunan. Nyumerepaken mujudaken prekawis ingkang saé kanggé ngantebaken kapitadosanipun asanès sami kados déné ingkang ugi dipun pitadosi déning tiyang pracaya. Sarana gesanging umat ingkang jumbuh kaliyan karsanipun Allah, gesanging pasamuwan badhé saged dados conto ingkang saé tumrap warga masyarakat sakiwa tengenipun.

4. NJINGGLENGI LEBETING MAKNA

- a. Sasampunipun mirengaken pamaosing tèks Titus 2:11-15, lajeng punapa sejatosipun maknaning sih-nugrahanipun Allah kagem panjenengan?
- b. Minangka tiyang ingkang sampun nampèni sih nugraha saha panggulawenthahipun Allah, kados pundi tékad panjenengan saged nglampahi gesang ingkang manut miturut panggulawenthahipun Allah?
- c. Ksagedan-kasagedan punapa ingkang pinanggih ing salebeting pasamuwan, ingkang saged karembakakaken supados pasamuwan saged dados contoning gesang? *(Kasuwuna para panyuraos ndhaftari kasagedan-kasagedanipun pasamuwan ingkang saged karembakakaken sesarengan kaliyan warga masyarakat umumipun)*

5. PROYEK SESARENGAN

Sasampunipun mirengaken pamaosing pangandika, para panyuraos sami kaajaka damel proyek acara Natal ingkang saèstu migunani knggé tiyang sanès

- Kadamela kempalan dumadi saking 5 warga panyuraos
- Kasuwuna saben warga kempalan kasebat sami nyariosaken acara natal ingkang karaos paling nengsemaken tumrap dhiri pribadinipun, langkung-langkung ingkang sesambetan kaliyan tumindak tresna kanggé tiyang sanès
- Kasuwuna damel acara natal adhedhasar pengalaman-pengalaman ingkang nengsemaken
- Kadamela pepanggihan sedaya pakempalan (pleno), lan kakempalna hasiling pirembagan saben pakempalan (kelompok)
- Kapiliha satunggal acara ingkang karaos paling cocog katindakaken ing wanci Natal samangké.

[WSN/YTD]

